**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ**

**БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ**

**ЮРИДИКА ФАКУЛЬТЕТИ**

**МӘМЛЕКЕТЛИК ҲУҚЫҚ ҲӘМ БАСҚАРЫЎ КАФЕДРАСЫ**

# Сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар тарийхы

пәни бойынша лекция тексти

Лекцияны таярлаған- С.Б.Танирбергенов

## Сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар тарийхы пәни түсиниги, предмети, ўазыйпалары ҳәм принциплери

**Реже**

1. Сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар тарийхы пәниниң предмети, үйрениў усыллары, ўазыйпалары ҳәм әҳиймети.
2. Сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар тарийхы пәниниң дизими.
3. Сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар тарийхы пәниниң басқа улыўма теориялық пәнлер менен байланысы

Ғәрезсиз Өзбекстан жаңа мәмлекет қурып атырған бүгинги күнде инсанияттың сиясий ҳәм ҳуқықый тәжирийбесине ҳәм бул тәжирийбени өзинде көрсете билген сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар тарийхын үйрениў зәрүрлиги келип шықпақта. Жәмийетимиз идеялары барлық халықлар тәрепинен жаратылған сиясий мәдeният жетискенликлерин өз ишине алады ҳәм өзинде әмелге асырады. Өтмиштеги әўладлардың мәмлекет ҳәм ҳуқық, әдил жәмийетлик дүзим ҳаққындағы пикирлери ҳәм оларды қандай бағдарда раўажландырғанлығын билиў әсиресе жаслар ушын, ең кереклиси болып табылады. Сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар тарийхының ўазыйпасы әўладтан-әўладқа өтип киятырған сиясий ҳәм ҳуқықый билим тараўындағы тәжирийбени үйрениў, улыўмаластырыўдан ибарат. Бул баҳасыз байлықтан пайдаланбай турып, жаңа миллий мәмлекет қурыў ўазыйпасын әмелге асырыў қыйын. Сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар мәмлекет ҳәм ҳуқықтың пайда болыўы нәтийжесинде жүзеге келди. Сиясий тәлийматлар кең мәнисте жәмийеттеги класслар, қатламлар ҳәм қәўимлер, миллетлер ҳәм иллетлер, сондай-ақ мәмлекетлер ортасындағы мүнәсийбетлерди билдириўши пикирлер ҳәм ўазыйпаларды өз ишине алады. Бул көз-қараслардың тийкарын ҳәкимият мәселеси, мәмлекет дүзиў ҳәм басқарыў усыллары мәселелери дүзеди. Жәмийеттиң раўажланыўы нәтийжесинде сиясий ҳәм ҳуқықый билимлер ҳәм раўажланады, байып барады. Усыған муўапық сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар тарийхының предмети де раўажланып, өзгерип барды. Сиясат, мәмлекет, ҳуқық мәселелери философия, политология, социология, ҳуқықтаныў ҳәм басқа гуманитар пәнлер тәрепинен де үйренилди. Олар ортасында даўам етиўши байланыслар бар. Бирақ ҳәр бир пәнниң бул мәселелерге көз-қарасы ҳәр түрли. Егер сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар мәмлекет ҳәм ҳуқықтың пайда болыўы менен пайда бола баслаған болса, сиясаттаныў пәни сиясаттың экономикалық, жәмийетлик ҳәм идеялық искерлигинен ғәрезсиз жәмийетлик искер сыпатында ажыралып шығыўы нәтийжесинде жүзеге келди. Буннан тысқары сиясаттаныў пәниниң предмети сиясий тәлийматлар емес, ал реал сиясий жағдайлардың өзи. Сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар тарийхы мәмлекет ҳәм ҳуқық ҳаққындағы теориялық билимлердиң пайда

болыўы ҳәм раўажланыў тарийхын үйрениўши ҳәм тарийхый ҳәм теориялық қәнигеликке тийисли пән. Оның ишинде мәмлекет, ҳуқық, сиясат ҳәм нызам шығарыў ҳаққындағы теориялық билимлердиң пайда болыўы ҳәм раўажланыўы сөз етилди. Бул пәнде сиясий ҳәм ҳуқықый ҳәдийселерди тәрийиплеўши теориялық идеялар, нызам-қағыйда ҳәм тәлийматлар тарийхы өз орнын тапқан. Жәмийетте теориялық тәлийматлардан басқа сиясий ҳәм ҳуқықый ўақыяларды өзинде көрсете алатуғын көз-алдына келтириўлер ҳыс-туйғылар, исенимлер, кейпиятлар, пикирлер ҳәм бар. Булар халық аўыз-еки дөретпелеринде, көркем шығармаларда, жәмийетлик ҳәм сиясий ғайраткерлердиң сиясий ҳәм ҳуқықый ҳәдийселер ҳаққындағы айтқан пикир ҳәм ойларында билдирилген. Олар белгили теория дәрежесинде болмаса да, жәмийеттеги түрли жәмийетлик-сиясий ҳәрекетлердиң мәплерин, сиясий дәстүрлерин анықлаў ҳәм жүзеге шығарыў имканын береди. Сиясий тәлийматлар тарийхы буларды да өз ишине алады ҳәм үйренеди. Мийнеткеш халық мәплерине, арзыў-үмитлерин, жәмийетлик раўажланыў мүтәжликлерин билдириўши идеялар әҳмийетли орын тутады. Сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар тарийхында жәмийетлик раўажланыў зәрүрликлерин өзинде сәўлелендириўши улыўма инсаний, улыўма адамыйлық пикирлер, арзыўлар айрықша дыққатқа ылайық. Инсан ҳуқықларын ҳүрмет етиў, исбилерменлик еркинлиги; сөз еркинлиги, баспа сөз еркинлиги ҳәм тағы басқалар».

Сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар тарийхы пәнине тән қәсийетлердиң және бири содан ибарат, онда сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар биргеликте үйрениледи, себеби сиясий ҳәм ҳуқықый ҳәдийселер бир-бири менен түп-тийкарынан байланыслы. Усыған ылайық ҳалда сиясий ҳәм ҳуқықый ҳәдийселерди тәрийиплеўши теориялық түсиниклерди ҳәм бир-биринен ажыратқан ҳалда үйрениў мүмкин емес.

Сийсий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар тарийхы мәмлекет ҳәм ҳуқық мәселелерин кең түрде, әсиресе мәмлекет ҳәм ҳуқықтың негизи, жәмийетте тутқан орны ҳәм ролин тәрийиплеўши тәлийматлар ҳәм идеялларды изертлейди. Негизи ҳуқық теориясына тийисли бул мәселелерден басқа ҳуқықтың өз-алдына бир тармақлары шегарасында қарап өтилетуғын жынаят ҳәм жаза, айып ҳәм жуўапкершилик түрлери, ҳуқық субъектлери, судтың шөлкемлестирилиўи, роли ҳәм толық ҳуқықлығы, административ ис жүритиў бағдарлары сыяқлы мәселелерди билдириўши пикир ҳәм көз-қараслар ҳәм сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар тарийхы шегарасына киреди. Олар мәмлекет ҳәм жәмийеттиң сиясий жағдайын билиўге көз алдына келтириўге жәрдем береди ҳәм жүдә әҳмийетли ис болады. Сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматтың жүзеге келиўи ҳәм раўажланыўына атақлы философлар қосқан үлкен үлесин айтып өтиў керек. Философиялық пикир ҳәм тарийхының бир қатар атақлы ўакиллери ҳәзирги заманда да сиясий ҳәм ҳуқықый

тәлийматлар тарийхының уллы ўәкиллери болып табылады. Олардың ҳуқық философиясына тийкар салғанлығын айрықша атап өтиў керек. Мәселен, Платон, Аристотель, Канфуций, Фарабий, Кант, Гегель ҳәм басқалар. Философияның сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматларға тәсири, жәмийетлик сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар ўәкиллериниң көпшилиги өзлери философ болмаса да, өз дәўириниң философиялық идеяларына ҳәм методологик бағдарларға таянғанлығынан да көринеди. Сиясий ҳәм ҳуқықый пикирдиң раўажланыўында философияның тәсирин есапқа алған ҳалда, оның өзине тән теориялық қәсийетлери барлығын түсиниў зәрүр. Бул сиясий ҳәм ҳуқықый ҳәдийселердиң жәмийетте тутқан орны ҳәм роли, өзине тән раўажланыў нызамлары менен белгиленеди. Мәселен, Платон, Аристотель, Фарабий, Кант, Гегель ҳәм басқа философлардың мәмлекет ҳәм ҳуқық ҳаққындағы философия тәлийматлары сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар тарийхында айрықша түсиниклер, өзине тән билиў затлары жәрдеминде анық ўазыйпа ҳәм мақсет көз-қарастан жаратылады. Бул жерде үйренилетуғын тәлийматлардың ҳуқықый сиясий тийкары, өзине тән қәсийетлерди ашып бериўге пәт ендириледи. Сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар тарийхы мәмлекет ҳәм ҳуқық теориясы, мәмлекет ҳәм ҳуқық тарийхы ҳәм басқа юридикалық пәнлеринен ҳәм парықланады. Бул пәнлер сиясий-ҳуқықый мекемелер ҳәм институтлардың өзин үйренсе, сиясий тәлийматлар тарийхы олардың теориялық билимде тәлийматларда тәрийиплениўи үйрениледи. Соны айтып өтиў керек, мәмлекет ҳәм ҳуқық тарийхы билместен турып оны сыпатлаўшы сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар мазмунын билиў мүмкин емес. Ҳуқықтаныў қанигелигиндеги бир-бири менен тәбийий рәўиште байланған тарийхый ҳәм теориялық пәнлер арасында сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар тарийхы өзиниң геносеология дәрежеси ҳәм жағдайы менен ажыралып турады, олардың ҳәммесин өз-ара байланыслылығын тәрийиплейди. Ол ҳәзирги заман мәмлекет ҳәм ҳуқық мәселелерин үйрениў ҳәм изертлеўдиң керекли теориялық шәртлерден бири сыпатында хызмет қылады. Сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар тарийхы жәмийетлик сиясий дүзим, ҳәкимият, мәмлекет ҳәм ҳуқық ҳаққындағы идеялар ҳәм тәлийматлардың пайда болыўы ҳәм раўажланыў нызамлары ҳаққындағы пән.

## Сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматларды үйрениў методологиясы

Жәмийеттиң раўажланыўы өзине тән раўажланыў нызамларына ийе. Бул нызамларды ашыў ҳәм оған әмел қылыў жолларын көрсетип бериў пәнниң ўазыйпасы болып табылады. Жәмийетлик-сиясий пикир тарийхында жәмийет раўажланыўы туўрысында түрли тәлийматлар жүзеге келди, раўажланды ҳәм ыдырады, орнына жаңа тәлийматлар пайда болды. Буның себеби бул тәлийматлардың ҳақыйқатқа туўры келетуғын дәрежесиниң салыстырмалылығынан илим-пәнниң раўажланыўы жәмийетлик

тәжирийбе ол ямаса бул тәлиймат шегарасынан шығыў, дәўир талабына жуўап беретуғын жаңа кеңирек түсиниклер дизимине өтиў зәрүрлигин талап қыла баслайды. Мине усы дәўирлерде жаңа көз-қараслар менен ески көз-қараслар ортасында тартыс кескинлеседи.

Тарийх сабағы сонда, оның кескин бурылыўларда, жәмийетлик философиялар алмасып атырғанда жәмийетлик машқалалар ҳәм қарама-қарсылықлар қатты күшейеди, миллий қәўипсизликке, пуқаралар тынышлығы ҳәм турақлылыққа қәўип туўдырыўшы факторға айланады.

Сиясий тәлийматларды қарап өтиў усылы өз-ара тартыста болған сиясий ҳәм ҳуқықый мектеплердиң бири тәрепине өтип алмастан, оларға объектив әдил болыўды талап етеди. Совет дүзими дәўири сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар тарийхының барлық машқалаларына партиялылық, тар класслық өлшем тийкарында қаралды. Бул жағдай сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар тарийхының көп машқалалары бир жақлама баҳалаўға алып келди, объектив ҳәм әдил үйрениўге имкан бермеди. Коммунистлик идеология ҳақыйқатлық өлшемлерине туўры келмейтуғын көплеп тәлийматлар пүткиллей үйренилмеди. Шығыс сиясий тәлийматлары, Ислам сиясий ҳәм ҳуқықый мәдениятын әдил үйрениў имканиятлары шеклеп қойылды.

Изертлеўши қандай салада болыўына қарамастан предметке қалай жақынласыў керек деген мәселеге, әлбетте дус келеди. Сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар тарийхын үйрениў ҳәм оған жақынласыў теориялық ҳәм ис жүзесиндеги мәселелерди шуқырластырып, объектив илимий ҳақыйқатты анықлаўға туўры келетуғын изертлеў жолларын ислеп шығыў методологияның әҳмийетли машқаласы болып табылады. Изертлеўдиң нәтийжеси ғана емес, оған алып баратуғын жол ҳәм теориялық тийкарланған, ҳақыйқый болыўы керек. Бүгинги күнде жәмийетлик ҳәдийселерге, тарийхқа жаңаша, цивилизацион жақынласыў қолланылмақта. Бул жақынласыў мәмлекет, ҳуқық ҳәм усы сыяқлы жәмийетлик ҳәдийселердиң пайда болыўы ҳәм раўажланыўы себеплерин үйрениўде руўхый мәдений себеплерге көбирек әҳмийет бериўди талап етеди. Англичан алымы А.Тойнбинниң пикирине көре, цивилизацияның ишки мазмуны, руўхыятының мәдений себеплери қурайды.

Цивилизацион концепция мәмлекетти цивилизацияның өзгермес белгиси деп биледи. Цивилизацияның раўажланыў дәрежеси қандай болыўдан тысқары мәмлекет ҳуқық тәртибин тәмийинлеў ҳәм жәмийетлик қатнасықларды тәртипке салып турыў ушын бәрҳәма керек. Мәмлекет тарийхта жәмийеттиң пайда көриўши қатламларының сиясатын әмелге асырыў класслық антогонизмлерди басқарыў ўазыйпаларын да орынлаған болса да, тийкарынан ол жәмийеттиң сиясий ҳәм руўхый раўажланыўын тәмийинлеўши қүдиретли күш. Ол ҳәр түрли класслар, қатламлар, миллетлер ортасында тынышлық ҳәм

татыўлықты тәмийинлеўши күш, шөлкем. Цивилизацион жақынласыў конкрет шахс ҳуқықларын биринши орынға қояды. Конкрет шахс ҳуқықларының үстинлик идеясы бул жақынласыўдың өзине таң қалдыратуғын тәрепи болып табылады. Формацион концепцияға тийкарланып, мәмлекет класслар пайда болыўы менен бирге пайда болады.

Экономикалық жақтан ҳүкимдар болған класс өзиниң сиясий ҳәкимиятын әмелге асырыў ушын мәмлекеттен пайдаланады. Класслар ҳәм мәмлекет өмирлик емес. Инсаният өзиниң раўажланыў тарийхында әййемги дүзимнен баслап, қулшылық, феодал, капиталистлик формацияларды басып өтеди, одан коммунистлик жәмийетке кирип барады. Коммунистлик жәмийетте класслар ҳәм мәмлекет болмайды. Бул идеяны әмелге асырыў көплеген қолайсыз ақыбетлерге алып келеди.

**Бириншиден**, жәмийет раўажланыўының барлық басқышларында экономиканың көп қатламлылығы бийкар қылынады, ақыбетте бир-бирине қарама-қарсы тийкарғы класслар ғана анализ шеңберине киреди, халықтың үлен бөлеги есапқа алынбай қалады.

**Екиншиден,** экономикалық базис үстқурмаға қатнасынан белгилеўши тийкарғы себеп деп есапланып, оған қысым бериў, оны абсолютлестириў инсан рухыятының, дөретиўшилик искерлигин менсинбеўге, шахстың улыўмаинсаный идеаллар менен айқынласқан қәдириятларын бийкар қылыўға алып келди. Инсанға қайталанбас шахс сыпатында емес, класстың ўәкили сыпатында, ҳуқық болса үстем класстың нызам дәрежесине көтерилген ерки деп қаралады. Бул тәлийматты жүзеге шығарыў, инсан ҳуқықларын шеклеўге, халықтың үлкен бөлегиниң мәплерин есапқа алмаўлыққа алып келеди.

**Үшиншиден,** формацион жақынласыў класслар, қатламлар ортасында қарама-қарсылықты күшейттиреди, оларды бир-бирине қарама-қарсы қояды. Мәмлекетти бир класстың үстинен екиншисиниң үстемлигин тәмийинлеўши күш деп надурыс жуўмақлар қылады. Ҳәзирги заман илимий әдебиятында формацион жақынласыў әсте-әсте өз орнын цивилизацион жақынласыўға босатып бермекте, себеби бул жақынласыў ҳуқықый мәмлекет ҳәм ҳуқық ўазыйпаларына туўры келеди, оларды илимий анализ қылыў имканиятын береди. Сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар тарийхын үйрениўде жәмийетлик экономикалық шәрт шәраятларды ҳәм, руўхый, мәденй себеплерди де есапқа алыў зәрүр. Ең әҳмийетлиги бул себеплердиң бир-бирине қарама-қарсы қылып қоймаўдан ибарат. Олар бир-бирин толтырып, байытып турыўы керек. Жәмийет өзине тән раўажланыў нызамларына бойсынған ҳалда раўажланса да, ҳәр бир халық өзиниң тарийхый тәжирийбеси, өзине тән мәденияты ҳәм традициялары арқалы улыўма раўажланыў нызамларын байытады. Сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар тарийхының үйрениў усылы ҳәр бир мәмлекеттиң мәденияты, дини ҳәм традициялары менен байланыслы өзине тән

қәсийетлерин нәзерде тутыў зәрүрлигин айтып өтеди. Сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлардың жәмийетте тутқан орны ҳәм әҳмийети қандай мақсетке хызмет қылыўы ҳәм қандай мәплерди тәрийиплеўи менен белгиленеди. Егер сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар өз өмирин өтеп болған жәмийетлик сиясий дүзимди қорғаўға қаратылған болса, бул тәлийматлар жәмийетлик раўажланыўға ғаў болып қалады ҳәм ақырында жеңилиске ушырайды. Жәмийет раўажланыўының зәрүрликлеринен пайда болған жаңа алдыңғы идеялар ҳәм көз-қараслар, жәмийет раўажланыўына, жаңа жәмийетлик экономикалық дүзимниң пайда болыўына ҳәм беккемлениўине жәрдемлеседи. Сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар тарийхын үйрениўде тарийхый жақынласыў бағдары айрықша орын ийелейди. Тарийхый жақынласыў бағдары үйренилип атырған тәлийматлардың пайда болыўы ҳәм раўажланыўы бағдары мүмкин болғанынша ҳәр тәреплеме анализ қылыныўы, оны баҳалаўда ўақыя ҳәм ҳәдийселерди үйрениў менен шекленип қалмастан, сол дәўир адамларының руўхыятын, дәстүрлерин, олар пүтин дүньяны қалай талқылаўды үйрениўди талап етеди. Ол өтмиштеги тәлийматларға баҳа бериўде, субъективизмге жол қоймаў, тарийхый ҳәдийселерге әдил, объектив мүнәсебетте болыўға көмеклеседи. Тарийхый жақынласыў бағдары сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлардың белгили тарийхый шәраят пенен ҳәм усы дәўирдиң сиясий ҳәм ҳуқықый билимлер дизими менен, өтмиш ҳәм ҳәзирги заман сиясий тәжирийбеси менен байланыслы екенлигин гүзетиў имканын береди. Сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар өзине тән раўажланыў нызамларына ийе.

Өтмиште жаратылған тәлийматлар тек өтмишке тийисли емес. Олардың жүзеге келиўи ушын тийкар болған тарийхый жағдай өзгериўи ямаса таўсылыўы менен олар да жоқ болып кетпейди. Әлбетте, бул тәлийматлардың сол дәўир тарийхый шәраяты менен тиккелей байланыслы тәреплери өзгереди ямаса өмири ақырына жетеди. Бирақ, сол дәўир ойшылларының мәмлекет ҳәм ҳуқық ҳаққында баян қылған көп теориялық идеялары өз дәўирин ашып өтеди, сиясий ҳәм ҳуқықый билимниң раўажланыў шынжырына әҳмийетли бууын болып киреди, өзиниң теориялық әҳмийетин кейинги дәўирлерде де жоғалтпайды. Мәселен, Платон, Аристотель, Цицерон, Рим юристлери, Фарабий, Бурханиддин Ал-Марғиноний, Алишер Наўайы ҳәм басқа көп ойшыллардың тәлийматларын жүзеге келтирген тарийхый жағдай әллеқашан жоқ болып кеткен, бирақ олардың теориялары ҳәзирге дейин өзиниң илимий әҳмийетин жоғалтқан жоқ. Бул жерде Өзбекстан Президенти И.А.Каримовтың Фарабийдиң белгили «Билимли адамлар қаласы» шығармасы ҳаққында айтқан пикирин айтып өтиў орынлы.

«Буннан мың жылдай алдын жаратылғанына қарамастан, бүгинги оқыўшы да бул шығармадан ҳәзирги турмыстың қурамалы машқалаларын шешиўде әҳмийетке ийе болатуғын керекли пикир ҳәм жол- жорықларды таба алады».

Әййемги Рим сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматларының белгили адамларының бири Цицерон эрамыздан алдыңғы I әсирде жергиликли өз-өзин басқарыў ҳәм мәмлекет басқарыўын орайластырыў бағдарлары, жеке ҳәкимият ҳәм оның шегарасы, әдеп-икрамлылық ҳәм мәмлекет мәплери сыяқлы машқалаларды қойды, ол Европада бул мәселелерди шешиў ушын көп әсирлер бас қатырды. Юридика илиминиң раўажланыўына үлкен үлес қосқан уллы илимпаз Бурханиддин Ал-Марғиноний өзиниң «Ҳидоя» сын XIII әсирде жаратқан болсада, бул шығарма XIX әсирге дейин барлық мусылман дүньясында тийкарғы ҳуқық тийкары болып хызмет қылды ҳәм ҳәзирге дейин өзиниң илимий әҳмийетин жоғалтқаны жоқ. Сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматларды үйрениў ўақтында жаңа түсиншелер, идеялар жүзеге келеди бул болса теориялық билимди байытады ҳәм тереңлестиреди. Мине усындай жыйналыў нәтийжесинде сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар тарийхының барлық дәўирлеринде де болған кәмил инсан, әдеп-икрамлылық ҳәм сиясат, пуқара ҳәм мәмлекет, еркинлик ҳәм зәрүрлик, ҳәкимият ҳәм зорлық, әдиллик ҳәм ҳуқық байланыслылығы сыяқлы «мәңгилик» машқалалар жүзеге келди. Түрли дәўир ойшыллары бул машқалаларды шешиўге ҳәрекет қылды ҳәм бул иске өз үлеслерин қосты. Сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар тарийхындағы мийрасхорлық оның теориялық мазмуны бойынша усы бағдарда барады. Бул жағдайлар ўақыяларды тәрийплеў менен бир қатарда теориялық анализ қылыў арқалы жүзеге келтириледи. Сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар тарийхын үйрениўде хронология ҳәм машқалалық жақынласыў усылы да қолланылады. Хронологиялық усыл ойшылдың өмири ҳәм искерлиги, жарақат тәлийматының шеберлиги, сиясий ҳәм ҳуқықый пикирдиң қандай ағымы бағдарларға тийислилигини жүзеге келтириўди талап қылады. Бул усыл тәлийматтың қәлиплесиў жағдайын, оның өз дәўири менен байланыслылығы, қандай мәплерди тәрийплегенлиги жәмийетте тутқан орны ҳәм ойнаған ролин тарийхый конкрет ҳәм толығырақ тәрийплеў имканиятын береди.

Машқалалық усыл тәлийматтың теориялық мазмуны төркининде қандай философиялық бағдарлар жатқанлығын, тәлиймат авторы ушын қандай идеялар жетекши болғанлығын тәрийплейди. Бул усыл тәлийматтың сиясий ҳәм ҳуқықый билимлер дизиминде тутқан орны ҳәм әҳмийети, ондағы мийрасхорлық ҳәм жаңалық сыяқлы теориялық машқалаларды анықлаў ҳәм анализ қылыўды талап етеди. Буның себеби, ҳәр бир тарийхый дәўир, мәмлекет өзине тән қәсийетлерге ийе болыўы менен бирге улыўмалық, тәкирарланыў белгилерине ийе. Әне усы улыўмалықты анықлаў зәрүрлиги машқалалық усылды талап қылады. Хронологик, машқалалық усыллар бир-бири менен тығыз байланыслы. Буны есапқа алыў түрли тәлийматлардағы улыўмалық ҳәм жеккелик, тәкирарланбас ҳәм тәкирарланыўшы ҳәдийселерди тереңирек аңлаў, анығырақ ажыратыў

имканиятын береди. Сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар тарийхын жарыққа шығарыўда салыстырмалы тарийхый изертлеў усылы да қолланылады. Бул усыл тәлийматларға тән улыўмалық ҳәм жекке белгилерди тереңирек түсиниў имканиятын береди. Мәселен, ағартыўшылық бағдарламасына тән тәлийматлардың бир-бирине салыстырып анализ қылсақ, олардың ҳәммеси илим-пән, инсан еркинлигин уллылағанлығын, шекленбеген жаўыз ҳүкимлик ҳәкимиятты қатты критика астына алғанлығын көремиз. Бул бағдардағы ойшыллар түрли мәмлекетлерде, түрли дәўирлерде жасаған ҳәм мийнет еткен. Бул жағдай олардың тәлийматларына тән қәсийетлерди белгилейди. Тәлийматқа баҳа бериўде ойшылдың дүнья-қарасына, оның өз заманы, жәмийетлик-сиясий дүзимине болған қатнасығы, идеялық сиясий, субъектив қәсийетлерине де әҳмийет бериў зәрүр. Ҳәзирги күнде алдымызда турған ең жоқары дәрежели машқалалардың бири Өзбекстан сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар тарийхын жаратыў. Бул жуўапкерли ўазыйпаны әмелге асырыўда Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримовтың шығармалары әҳмийетли методологиялық тийкар болып хызмет қылады.

Бул шығармаларда жарыққа шыққан теориялық идеялар жасалма түрде бийкар қылынған тәлийматларды үйрениў ҳәм пән шегарасы ишине киритиў имканын береди. Халқымыз өзиниң уллы илимпазларына нәзер салып, олардың үлгили ислеринен сабақ алыўға умтылмақта.

«Ғәрезсизлигимиздиң дәслепки күнлеринен ақ бабаларымыз тәрепинен көп әсирлер даўамында жаратылып келинген жүдә үлкен баҳасыз руўхый ҳәм мәдений мийрасты тиклеў мәмлекет сиясаты дәрежесине көтерилген ең әҳмийетли ўазыйпа болып қалды». Ата-бабаларымыздың мәмлекетшилик идеяларын үйрениў, жәмийетлик- сиясий пикирге тән қәсийетлерин билиў зәрүрлиги артып бармақта. Өтмиш ойшылларының әдил жәмийет ҳәм мәмлекет қурыў ҳәм басқарыў бағдарлары ҳаққындағы тәлийматлары бизди ойландырған сораўларға жуўап табыўда саўап ислерден сабақ  алыўға көмеклеседи. Олардың ҳәммеси адамлар ортасындағы қатнасықларды жақсылаўға, раўажландырыўға қаратылған жәмийетлик идеалды излеў, әдил ҳәм теңлик принциплерине тийкарланған жәмийетти қурыў идеяларын алға қойды. Өзбекстан жәмийетлик-сиясий пикирине тән қәсийетлерден бири, оның белгилери мәмлекет, ҳәкимият, әдиллик  мәселелерин ислам сиясий мәдениятқа таянған ҳалда шешиўге ҳәрекет қылады. «Ўатанымыз әзелден адамзат руўхый ғәзийнесине умытылмас үлес қосып келген. Әсирлер даўамында халқымыздың жоқары мәдeният, әдилликти, ағартыўшылықты қоллаў сыяқлы пазыйлетлери шығыс философиясы ҳәм ислам дини тәлийматы менен тәбийий түрде раўажланды. Ҳәм өз нәўбетинде бул философиялық тәлийматлар да халқымыз таңқыслығынан пайда алып байып барды.  Бизиң келешеги уллы мәмлекетимиз әне усы философияға сәйкес ҳалда

Хожа Ахмад Яссаўий, Хўжа Баҳауитдин Нақшбандий, Имам Бухарий, Имам Термизий, Амир Темур, Мирза Улуғбек, Алишер Наўайы, Бобур Мирза сингари ойшыл бабаларымыздың дана пикирлерине сәйкес ҳалда қалиплесиўимиз лазым».

Исламда мәмлекет ҳәм ҳуқық мәселелерге үлкен орын алғанлығы мәлим. Онда ҳакимият жәмийет ушын зәрүр ҳәм муқәддес қадирият сыпатында тәрийипленеди.

Ал-Ғаззолийдиң айтыўынша Алла-таала пайғамбарлардың адамларға туўры жол көрестиў ушын таңлаған болса, ҳүкимдарларды адамлар ортасындағы келиспеўшиликти жоқ қылыў ушын таңлаған ҳәкимият турақлылықты тәмийинлеў ушын берилген, деген бул пикир кейинги дәўирлердеги тәлийматларда да өз орнын тапқан. Исламда өз орнын тапқан әҳмийетли қәдириятлардың бири әдиллик болып табылады. Мусылман дүньясында атақлы XI әсир ҳуқықтаныўшысы Ал-Мовардиниң айтыўынша, мәмлекет динсиз сақланыўы мүмкин, бирақ әдилликсиз жасай алмайды.

Орта Азия халықларының алдыңғы ойшылларының сиясий көз-қарасларында әдил ҳүкимдар идеясы орайлық орынды ийелейди. Олар мәмлекетти басқарып турған ҳүкимдар әдил, минез-қулқы пәк, пуқараларға рейимли, ғамхор болса, мәмлекет қүдиретли, жәмийет тыныш болады деп түсиндиреди. Усыдан келип шыққан ҳалда олар инсанды руўхый камалатқа ерисиўге шақырады ҳәм усы арқалы әдиллик, бузықлықларды жоқ қылыў мүмкин деп есаплады. Өзбекстанның жәмийетлик ҳәм сиясий пикирине тән қәсийетлердиң және бири әдеплилик мәселелери жетекши орын ийелейди.

Оның белгилери жақсылықты билиўге умтылыў, әдил нызам ҳәм бағдарларға әмел қылыў инсанның жоқары миннети деп биледи. Өзбекстан жәмийетлик-сиясий ҳәм ҳуқықый пикири айрықша сиясий ҳәм ҳуқықый трактатларда ғана емес, көркем тараўда да өз орнын табыў керек. Фарабий, Имам Матрудий, Имам Ал-Самарқандий, Бурханитдин Марғинаний өз көз-қарасларын айрықша философиялық ҳәм ҳуқықый шығармаларында тәрийиплеген болса, Яссавий, Алишер Наўайы, Машраб Фурқат, Муқимий ҳәм басқалар көркем шығармаларда көрсетип берди. Көркем шығармалардың ҳәммеси, көркем түрде берилген философиялық ямаса сиясий шығарма деп есаплап, шайыр ҳәм жазыўшының ҳаммесин философиялық ҳәм жәмийетлик сиясий пикир тарийхына киритиў жарамайды, әлбетте. Усының менен бирге жәмийетлик ҳәм сиясий пикир тарийхына илимий жантасыў «сап философ» яки «сап ҳуқықтаныўшы» болмаған ойшыллар мийнетинде тәрийипленген жәмийетлик-сиясий идеялардың раўажланыўын гүзетиў талап қылынады. Көркем мийрастың анализ қылыў дөретиўшиниң жәмийетлик –сиясий ҳәм ҳуқықый машқалаларға болған көз-қарасларын тиклеў имканын береди. Өзбекстан жәмийетлик-сиясий пикир тарийхына киритилген уллы шайыр, жазыўшылар өз шығармаларында заманагөй жәмийеттиң жәмийетлик-сиясий жағдайын көрсетип бериў менен бирге, жәмийеттеги

әдилсизлик, зорлық, инсаный қатнасықларда ушырасатуғын алдаўшылық себеплерин анықлаў ҳәм оларды жоқ етиў жолларын табыўға ҳәрекет етти. Олар ҳақыйқат ҳәм әдиллик тийкарланған инсаный қатнасықларды орнатыў ушын не ислеў зәрүр деген сораўға жуўап изледи. Өзбекстан сиясий ҳәм ҳуқықый пикирде руўхыйлық ҳәм билимлендириўге үлкен итибар берилди. Мәмлекеттиң басқарыўы ҳүкимдардың өзи де, оның әтирапындағы ҳәмелдарлар ҳәм билимли, әдилликти жақлаўшы адамлар болыўы зәрүр деген пикир избе-излик пенен сиңдирилди.

**Сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар тарийхының әҳмийети**

Сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар тарийхын үйрениў қандай әҳмийети бар, ондағы тәлийматлардың көпшилиги өз өмирин өтеп болғанғой?-деген сораў туўылыўы мүмкин. Биринщиден, соны айтып өтиў керек, мәмлекет ҳәм ҳуқық ҳаққында ҳәзирги пәнлер тарийхый раўажланыўдың мийўеси. Олардың пайда болыў тарийхын билместен турып терең түсинип алыў мүмкин емес. Пәнде тәрийипленген ҳақыйқат аспаннан таяр түспейди. Оған ерисиў ушын қанша излениў, күш-қуўат, пидәкәрлик, ҳәттеки қурбанлық бериледи. Уллы ойшыллардың илим-пәндеги дөретиўшиликлери ғана емес, олардың буған ерисиў жолындағы қылған қәте ҳәм кемшиликлери де биз ушын сабақ болып табылады. Бүгинги күнди жақсы ҳәм туўры көз алдымызға келтириў ушын жәмийетлик раўажланыўдың алдыңғы басқышларын билиў зәрүрлигин талап қылады. Соның ушын да өтмишке қарап өтемиз. Оннан сабақ алыў менен бирге бүгинги айырым машқалалардың шешиимин табыў имканиятына да ийе боламыз.

«Тарийхый еслеўсиз келешек жоқ», -деген еди И.Каримов. Өзлигин аңлаў тарийхты билиўден басланады. Тарийх еслеўи инсанды келешекке жетелейди, миллий ғәрезсизлик идеологиясын жүзеге келтириўде әҳмийетли фактор болып табылады.

Мәмлекет ҳәм ҳуқық ҳаққындағы тәлийматлар тарийхын үйрениў түрли теориялардың пайда болыўының теориялық шәрт-шәраятын аңлатады. Жаңа идеялар ушын жақсы илҳам бағышлайды. Өтмиште бабаларымыз жаратқан уллы ойлап табыўшыларды гүзетиў, ҳуқықтаныў илиминиң руўхын сезиў, оның жаңа шоққыларын ашыў имканын береди, бизди негизин түсинбеўшиликтен, бир тәреплеме жүзеки қараўлардан асырайды, өз бетинше пикир жүритиў ҳәм жүз берип атырған ҳәдийселерди баҳалай алыў қәбилетин жүзеге шығарады. Сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар тарийхы өзбек тилинде соң қарақалпақ тилинде басып шығарылған биринши оқыў қолланбасы. Бунда Орайлық Азия халықларының уллы искерлериниң сиясий ҳәм ҳуқықый көз-қараслары мүнәсип орын алған. Бул халқымыздың ҳақ тарийхын тиклеў ҳәм миллий өзлигин аңлаў, миллий мақтанышты жүзеге келтириў ҳәм раўажландырыў исине үлес болып хызмет қылады. «Өтмишти аңлаў ўазыйпалары улыўма алғанда орынланып

болынды, ҳәзир болса тийкарғы ўазыйпа тарийхый анализди илимий жақтан әдил ҳәм ҳадал әмелге асырыўдан ибарат».

Сиясий – ҳуқықый тәлийматлар тарийхының әҳмийети жәнe содан ибарат болып, ол болажақ ҳуқықтаныўшыларды улыўма дүнья көлеминдеги тәлийматлардың пайда болыў ҳәм раўажланыў нызамлары менен таныстырыў менен бирге оларда тәлийматлардың тийкарын түсинип алыў дәрежесин жүзеге келтиреди.

**Теманы беккемлеў ушын сораўлар:**

1.Сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар дегенде нелерди түсинесиз?

2. Сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар қашан пайда болған?

3. Сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар тарийхы пәни қайсы пәнлер менен байланыслы?

4. Сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар тарийхы пәнининиң предмети не?

5.Сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар тарийхы пәнининиң усыллары ҳаққында пикириңиз қандай

**Әдебиятлар :**

1. Каримов И.А. Биз келажагимизни ўз қўлимиз билан қурмоқдамиз. — Т., “Ўзбекистон”, 1999.
2. Каримов И. Озод ва обод Ватан, эркин ва фаровон ҳаёт - пировард мақсадимиз. Т.: Ўзбекистон. 2000. - 109 б.
3. Каримов.И. Бизнинг бош мақсадимиз – жамиятни демократлаштириш ва янгилаш мамлакатни модернизация ва ислоҳ этишдир-Т.:Ўзбекистон,2005.
4. Каримов И.А. Ўзбекистон мустақилликка эришиши останасида. –Т.: Ўзбекистон, 2011.
5. История политических и правовых учений. Под общей редакцией Нерсесянца В.С. — М., “Приор”, 2000.
6. История политических и правовўх учений. Под общей редакцией Лейста. М. Юриздат. 2004.
7. Горбачев В.Г. История философии. — Брянск, “Курсив”, 2000.
8. Философия конспект лекций //. — М., “Приор”, 2000.
9. Ҳ.Б.Бобоев ва бошқалар. Сиёсий ва ҳуқуқий таълимотлар тарихи. Дарслик.2002.
10. Ф.Муҳиддинова. Сиёсий ва ҳуқуқий таълимотлар тарихи. Ўқув қўлланма. 2002.
11. Б.Самиев. Ҳуқуқ магистри даражасини олиш учун ёзган диссертация. Ҳуқуқий давлат: ғоялар тарихи ва ҳозирги замон.
12. Ф.Муҳиддинова. Сиёсий ва ҳуқуқий таълимотлар тарихи. Маърузалар матни.2005.
13. Ҳ.Б.Бобоев. “Ўзбекистонда 14-15 асрларда сиёсий ва ҳуқуқий таълимотлар. диссертацияси.1993.й
14. Ҳ.Б.Бобоев. Ўзбек давлатчилиги тарихи. Т.2004.
15. Ҳ.Б.Бобоев ва бошқалар. Сиёсий ва ҳуқуқий таълимотлар тарихи”.Дарслик.2002.
16. Рахимов Фахри Ҳайдарович. Ўзбекистонда демократик ҳуқуқий давлат барпо этишнинг назарий ва амалий муаммолари. Диссерт. 2000й.
17. Ф.Муҳиддинова. Абу Наср Форобийнинг давлат ва ҳуқуқ ҳақидаги таълимоти. Диссертация. 2001й.
18. Муҳамедов Ҳ.М. Моваруннаҳрда давлатчилик ривожланишининг муаммолари.(ҮII-XIII асрлар). Номзодлик диссертация 2001й.
19. Бобоев Х.Б. Кутыбаева Е.Д. Утемуратов М. Танирбергенов С.Б. Сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар тарийхы. Т. ТМЮИ. 2009

## Әййемги Шығыста сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар

**Реже**

1. Әййемги Шығыста диний-әпсаналық, сиясий ҳәм ҳуқықый көз қараслардың пайда болыўы ҳәм раўажланыўы. Әййемги Египетте сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар.
2. Әййемги Вавилонда сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар. Хамураппи нызамларындағы сиясий ҳуқықый идеялар.
3. Әййемги Ҳиндистанда сиясий ҳуқықый тәлийматлар. Брахманизм сиясий ҳуқықый идеялары. Ману нызамларындағы сиясий ҳуқықый идеялар.
4. Әййемги Қытайда сиясий ҳуқықый тәлийматлар. Әййемги Туранда сиясий ҳуқықый көз қараслар (“Авесто”).

Шығыста (Әййемги Египет, Қытай, Ҳиндистан, Туран ҳәм Иран мәмлекетлери), Батыста (әййемги Греция, Рим мәмлекетлери) сиясий ҳәм ҳуқықый көз-қарасларының келип шығыўы, биринши басқышларында мифологиялық әпсаналық идеялар тийкарында раўажланған. Мифология инсан, жәмийет, ҳәкимият, мәмлекет, ҳуқық ҳәм нызамларды баҳалайтуғын ҳалда илаҳий күшлер искерлиги менен байланыстырылған. Жердеги ўақыялардың иләҳият пенен байланыс усыллары ҳәм характери әййемги халықларда түрлише түсиндирилген. Бул қатнасықлар, яғный жердеги сиясий, ҳуқықый тәртиплердиң, ҳүкимдарлықтың иләҳий тамырлары, себеплери ҳаққындағы түсиниклер, сиясий ҳәм ҳуқықый көз-қараслар әсирлер даўамында раўажланды. Түрли бағдардағы тәлийматлардың келип шығыўына себеп болды.

Әййемги Шығыс халықлары тарийхында ушырасқан мифологияларда қудай барлық затлардың жаратыўшысы. Әййемги Вавилон ҳәм Ҳиндистанда болса, қудай жәмийетти, адамларды жаратқан, адамларға басқарыў усылын да үйреткен, ол ҳәмме ўақыт тек өзи пүткил дүньяның басқарыўшысы сыпатында сәўлеленеди. Әййемги яқудийлердиң диний мифологиялық түсиниклериниң өзине тән тәреплери жалғыз қудай барлық яқудий халықлары менен шәртнама дүзген, ол барлық яқудийлардың жол көрсетиўшиси ҳәм баслығы делингенинен ибарат. Яқудийлердиң ҳәммеси мүқәддес идеяларды, Муўса пайғамбар тиккелей қудайдың өзинен алған. Оған ўақтынша жерде ҳүкимдарлық қылыў, адамларды басқарыў ўазыйпасы қудай тәрепинен тапсырылған. Аўыр күнлерде зәрүр болса ол өзи елди, мәмлекетти басқарады. Әййемги Қытай халықларында пайда болған әпсаналарға көре барлық жердеги ҳәдийселер, адамлардың өмири жалғыз қудай тәрепинен басқарылады. Тек бас ҳүкимдар –император қудайға ең жақын адам деп есапланады. Әййемги Египет халықларында кең тарқалған идеяларға көре, барлық ҳақыйқат, әдиллик, әдил судлаў (Маат) қудай тәрепинен басқарылады. Судьялар Маат сүўрети түсирилген тумарларды тағып жүрген. Жердеги барлық

тәртиплер, сиясат, нызамлар, адамлар ортасындағы өз-ара қатнасықлар, баслы искерге сыйыныў «Птахотеп насиятлары» (эрамызға дейинги XXVIII әсир) сыяқлы әййемги жазба шығармаларда сәўлеленген. «Птахатеп нәсиятлары» нда айтыўынша барлық еркин пуқаралар тәбийий рәўиште бир-бирине тең, ҳәр бир инсанның қатты ҳәрекетлери әдиллик ҳәм жақсылық нормаларына сай болыўы керек. Әлбетте бул талаплар әййемги Египет жәмийетиниң жоқары қатлам ўакиллерине тийисли еди. Халықтың көпшилигин қурайтуғын қуллар будан тысқарыда еди. Әййемги сиясий- ҳуқықый тәлийматлар дәслеп халық аўыз-еки шығармаларында, кейиншелик жазба шығармаларда әпсаналық қаҳарманлар халық қутқарыўшылары қудайлар туўрысындағы жазба дереклерде тәрийипленген болса, кейиншелик «Авесто» (Ахура Мазда) ҳәмде Спитамен ҳаққындағы әпсаналық диний тәлийматларға қарсы сыпатында дүньялық тәлийматлар да раўажланғанлығын тастыйықлаў керек. Мәселен әййемги Греция ойшыллары Сакрат, Платон, Аристотель шығыста болса Фарабий сыяқлы ойшыллар шығармаларында өз орнын тапты. Әййемги Вавилонда тарқалған мифке көре әдиллик тәрепдары, езилгенлерди қорғаўшы қудай Шаман болып, ол барлық әдилсиз ҳәм жаманлықты кескин жазалады. Кимде ким Шаманның әдил, ҳақыйқый бағдарларын бузса, сол ўақытта ис жүзиндеги нызамлар тийкарында қатаң жазаға тартылар еди. Шаман талапларын бузыў бул аўыр жынаят еди.

Шумер ҳәм Вавилон ҳүкимдарлары өз ҳәкимиятларын қудай тәрепинен берилген деп есаплады. Бул идеялар эрамызға дейин XVII әсирде жаратылған Хаммураппи нызамларында (бул нызамлар өз дәўиринде кең тарқалған еди) тәрийиплеп берилген. Бул нызамлар адамларды еркин ҳәм қулларға ажыратады. Еркинлер де ҳәм бир қанша қатламларға бөлинер еди. Әййемги Туранда, анығырағы Хорезмде дәслеп мифлер, кейиншелик зардуштийлик growinde пайда болды. Бул диний теориялық тәлийматтың тийкарын салған зардўшт болған. Зардўштийлик идеялары әсирлер бойы дүньяға кең тарқалды. Өмирдеги еки қарама-қарсы күштиң жақсылық ҳәм жаманлықтың өз-ара гүреси, жақсылық тәрепдары Ахура-Мазда менен жаўызлық тәрепдары Ахура-Ману ортасында болып өтеди. Бул гүрес кескин, аяўсыз ҳәм өмирлик. Дәслепки мифологиялық көз-караслар әсте-ақырын конкретлесип, жәмийетлик турмыс, мәмлекет, сиясат, ҳуқық ҳаққындағы дәслепки тәлийматлардың пайда болыў тарийхы узақ тарийхқа ийе. Бул ўақыя түрли халықларда түрлише кешкен. Бирақ барлық халықларға, мәмлекетлерге тән болған улыўма нызамларды алсақ әдилсизликке қарсы әдиллик, зорлық ҳәм нызамсызлыққа қарсы нызамлық, реҳимлик, урысқа қарсы тынышлық идеяларының алдыға сүрилиўин гүзетемиз. Халық аўыз-еки шығармаларында жазба дереклерде диний ҳәм дүньялық китапларда, жақсылыққа умтылыў, инсанды уллылаў, социал әдилликке

ерисиў ушын гүрес тарийхы барлық әййемги халықлар турмысына тән. Ең әййемги мәмлекет ҳәм ҳуқық ҳаққындағы көз-қараслар, идеялар Шығыста шама менен төрт мың жыл алдын халық аўыз-еки дөретпелеринде, жазба диний китапларда диний-мифологиялар тәризинде жүзеге келген деген жуўмаққа келемиз.

**Әййемги Ҳиндистанда сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар**

Әййемги Ҳиндистанда биринши мәртебе пайда болған сиясий ҳәм ҳуқықый көз-қараслар мифология ҳәм дәслепки динлер тәсиринде жүзеге келди. Брахманизм идеялары әййемги Ҳиндистанда эрамыздан алдыңғы 2-мың жыллықта пайда болған Ведаларда тәрийипленген. «Веда» санкритше «билим» деген мәнисти билдиреди. Эрамыздан алдыңғы IX-VI әсирде жаратылған Ҳинд естелиги Упаншидаларда брахманизм раўажланған ҳәм конкретлескен ҳалда сәўлеленеди. Веда ҳәм Упанишдаларда айтылыўынша ҳәр бир адам драхма яғный нызам, мийнет, әдетлерге тәртиплерге бойсыныў зәрүр. Брахманизм түрли мектеплери шөлкемлестириўши дхармасутра ҳәм дхармашастралар, ҳуқықый топламлар брахманизм идеологиясын жүзеге келтиреди. Белгили сиясий ҳәм ҳуқықый естелик болған «Ману нызамлары» эрамызға дейин II әсирде жазба түрде жарыққа шықты. Онда Ведалар ҳәм Упанишадлардағы идеялар ҳәр тәреплеме раўажландырылып қорғалады. «Ману нызамларын»да тийкарғы итибар жаза берилиўге қаратылады. Жәмийет варналарға бөлинген, олар ортасында теңсизлик бар болған. Эрамызға дейин VI әсирде жасаған Сиддхартха брахманизм ҳәм Веда, Упанишаддағы идеяларды кескин киритикалады ҳәм ол өзин «Билимли инсан» Будда деп атады. Оның түсиндириўинше Жоқары ҳәкимият қудай ҳаққындағы идеялар инсанды алдастырады, ҳәмме гәп инсанның өзине байланыслы. Ол барлық сиясий ҳәм ҳуқықый нормаларды, әдеп-икрамлылық тәртиплерин адамлар өзлери жаратып алыўлары керек деп көрсетеди. Буддизмге тән болған жаза шараларын шеклеў ҳаққындағы пикирлер «Дхаммпадада» да ушырайды. Инсанның айыбы тастыйықланбастан бурын оны жазалаў мүмкин емес. Буддизмде дхамманы уллылаў, нызамшылықты уллылаў деген гәп еди. Буддизм әсте ақырын барлық жәмийетлик-сиясий ўақыяларға, соның ишинде мәмлекет искерлигине де өз тәсирин өткизе баслады.

Буддизм сиясий идея ҳәр инсанның өзи-өзин тәрбиялап, руўхый жақтан раўажланып барыўы менен байланыслы болсада бирақ бул жаңа динниң көп тәреплери жердеги өмир менен байланыслы еди. Соның ушын да эрамызға дейин 268-232 жылларда ҳакимиятты басқарған Ашок буддизмди мәмлекет дини деп жәрия етти.

Буддизм усылайынша түсиник-шығыс мәмлекетлериниң бир қаншасына тарқалды. IV-III әсирлерде (эрамызға дейин) жаратылған Артхашастрада мәмлекеттиң тийкары, ўазыйпалары, нызамның жаратылыўы ҳәм ислетилиўи барысында брахманизмнен парқы

олар реал идеяларда тәртипленеди. Ўәзир ҳәм мәсләҳәтши Каутилия бул китаптың авторы делинеди. «Артхашастра» дүньялық тәлийматының кеңейип, тереңлесип барыўында үлкен роль ойнайды. Бул китапта ҳәр бир сиясаттың, нызамның қаншелли әмелий пайдасы барлығына тийкарғы итибар қаратылды. Бул нызамлар адамлардың өмирин, демек мәмлекет искерлигин туўры тәрийиплеўи зәрүр.

**Әййемги Қытайда сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар**

Әййемги Қытай философиясы ҳәм жәмийетлик сиясий пикирлери раўажланыўында үлкен роль ойнаған даосизм ҳәм оның тийкаршысы Лао-Цзи (эрамызға дейин VI әсир) ҳәм ол жаратқан «Дао-Дэ-цзин» дөретпеси диний схоластикаға үлкен соққы берди. Пүтин жәмийетлик раўажланыў тийкарлары, иләҳый қүдирет емес, ал Дао қылады, Дао нызамшылық ҳәм сиясий басқарыўдың тийкары деп тәрийпленеди. Даоға болған қатнасықта ҳәмме тең. Лао-Цзинниң көрсетиўинше, сол ўақытлардағы тәртипсизликлер, мәденияттың шекленгенлигин, адамлар ортасындағы сиясий- ҳуқықый теңсизликлердиң тийкарғы себеплери ҳақыйқат қарар таппағаннан деп есаплаған.

Ол өмирдеги, жәмийеттеги барлық әдилсизликлерди қаралар екен, ол барлық итибарды өзин-өзи жаратыўшы даоға қаратты, Дао әдилликти тиклеўши тийкарғы зат деп түсиндирилди. Даоизмдеги әҳмийетли тәреп адамларды арқайын жасаўға шақырады. Байлық та, әмелде өткинши, олардан шетиректе жүриў керек деген идеялар алға қойылады. Әййемги Қытай жәмийетлик сиясий пикир раўажланыўында Конфуций (эрамызға дейин 551-479 жыллар) тәлийматы оның шәкиртлери тәрепинен танылған «Лунь. Юй» (сөйлесиўлер ҳәм пикирлер) китабы үлкен роль ойнайды. Конфуций өзинен алдын пайда болған билимлерди улыўмаластырып, және де раўажландырып, мәмлекет ҳаққындағы өз көз-карасларын баян етеди. Мәмлекет бир үлкен хожалық, хожалық баслығы император бас ҳүкимдар, қалғанлар оған бағыныўы керек. Конфуций бар тәртиплерди критика қылыў жолынан бармайды. Ол келисиўшилик жолын жақлайды. Сол ўақыттағы жәмийетлик дүзим ҳәм тәртиплерди тән алған ҳалда оларды және де раўажландырыў ҳаққында пикир жүритеди. Мәмлекетти басқарыўда әдил бағдарда болыўды үйретип, оның тәлийматы прогрессив рәўиште болды. Бул идея усы ўақытқа шекем ҳүкимдар болған мәмлекет басқарыўдағы зорлық идеяларына қарсы еди.

Конфуций ҳүкимдарларды, баслықларды, әмелдарларды әдил болыўға шақырады. Ең әҳмийетлилиги бас ҳүкимдардың әдиллиги барлық халықтың өмирине тәсир қылады. Мәмлекет ислерин де жәмийетте кишилер үлкенлерге төмендегилер жоқарыдағыларға бойсыныўлары, ҳүрмет көрсетиўлери зәрүр. Конфуцийдиң тийкарғы мақсети жәмийеттиң жоқары қатламы менен төменги қатлам ортасында татыўлық жаратыў, жәмийет раўажланыўын турақластырыўға қаратылған. Конфуций сыртқы урысларға да Қытай

патшаларының өз-ара жәнженллесиўинеде қарсы еди. Жәмийетти басқарыў ушын қылынатуғын ҳәрекетлердиң тийкарын тек нызамлар емес, ал әдеп-икрамлылық нормалары да дүзиўи керек. Адамлар ортасындағы барлық қатнасықлар мине усы әдеп-икрамлылық нормалар тийкарында (зорлық ислетпей) раўажланып барыўы керек. Канфуций тәлийматы пайда болыўы менен көпшиликтиң итибарына түсти, эрамызға дейинги II әсирде Қытайда бул тәлийматты айрықша мәмлекет идеологиясы деп жәрия қылынды. Жаңа ағым тийкаршысы Мо-цзи (эрамызға дейинги 479-400 жыллар) өз көз-қараслары барлық адамлардың тәбийий рәўиште бир-бирлигине теңлигин, мәмлекеттиң пайда болыўын халық ҳәкимияты менен әмелге асыўын қорғайды. Ол қудай идеясын жаңа талқылайды. Аспаннан инсанлар ушын тек жақсылық жаўылып турады.

Соның ушын қудайға үлкен ҳүрмет ҳәм исеним менен қараў керек. Мо-цзи жәмийетти басқарыўда халық пенен келисиў кереклигин түсиндиреди, зорлықтан халық аўлақ болыўы, зулым ҳәм жарлылықты жоқ етиў керек деди. Ҳәкимиятты орайластырыў ҳәм нызамшылықты раўажландырыў ушын қаттықоллық керек еди. Қытай императорлары мәмлекетти бир орайға бойсындырыў ушын гүрес алып барды, соның ушын да олар халық мәплери ҳәм гүрестен ажыралып қалыўға мәжбүр болды.

**Әййемги Туранда сиясий ҳәм ҳуқықый көз-қараслар («Авесто»).**

Туран Орта Азияның ең әййемги аты. Туран тарийхы айнықса, оның мәмлекетшилик тарийхы әййемги тарийх болып, бүгинги күнге шекем өз раўажланыў дәўиринде түрли цивилизациялар тәсиринде болды, көплеп урысларды өз басынан кеширди. Ҳәр бир дүньяны басып алыўшы әййемги Туранға атланар екен, оны басқаша атады, қырғын урысларға себеп болған атланысларды әмелге асырды. Мәселен, Александр Македонский (Искендер Зулқарнай) Туранға бастырып келгеннен (III әсир эрамызға дейинги) кейин Бақтрия мәмлекети дүзилди ҳәм алдын Грек- Бақтрия, кейиншелик Бақтрия деп аталады. Туранның үлкен бөлеги усы Бақтрия мәмлекети қурамына киритилди. Араблар келгеннен кейин Туран түсиниги Мауарауннахр (дәрьяның арғы жағындағы мәмлекет) деп атады ҳәм бөлегине айлантырылып, халифалық деп жүритилди. Шыңғысхан атланысларынан кейин бул жерлер Шағатай ели деп аталды. Руслар бастырып келгеннен кейин «Туркистанский край», генерал губернаторлық ҳәм ақыры Советлер дәўиринде Өзбекстан, Қазақстан, Түркменстан, Қырғызстан, Тәжикстан Республикалары дүзилди ҳәм бүгин олардың ҳәммеси суверен мәмлекет сыпатында раўажланбақта. Биз және ескиге қайтатуғын болсақ, Туран сөзи қандай пайда болды. Туран жеринде биринши мәрте мәмлекет қашан пайда болған?-деген сораўларға тарийхый китапларда анық, тынық жуўап жоқ. Алымлар, тарийхшылар ортасында бул мәселе бойынша ала-аўызлық болып, олар ортасында қарама-қарсылықлар бар. Ең

әййемги жазба дереклер: «Тарихи табарий», Фирдаўсийдиң «Шаҳнома» дөретпеси, Наўайының «Тарихи мулуки Ажам», «Авесто», «Зафарнама», «Түзик»лерде баян етилиўинше Туран биринши мәртебе шама менен 4 мың жыл алдын мәмлекетке басшылық қылған Турдың аты тийкарында Туран сөзи келип шыққан. Наўайының «Тарихи мулуки Ажам», ҳәмде «Тарихи Мулуки Анбиё ҳәм Ҳукамо» тиккелей мәмлекетлик тарийхымызға байланыслы болып әййемги Туранда мәмлекетшилик ҳәм бул мәмлекетлердеги сиясий, диний, ҳуқықый көз-қараслар туўралы баҳалы пикирлер баян етилген.

Биринshiден, Наўайы мәмлекет сөзиниң орнында «мүлк» сөзин ислетеди. Демек, орта әсирлерге дейин китапларда мәмлекет түсиниги орнында көп тәрептен «мүлк» ислетилген. Екиншиден, әййемги жазба дереклерде Туран, Иран, Хорасан анығырағы арабтан сырттағы мәмлекетлерди «Ажам» деп айтқан. Усы мәнисте «Ажам» мәмлекетлик тарийхымыз Туран ҳәм Иран мәмлекетлери жалғыз «Ажам мәмлекети» түсиниги тийкарында берилген. Ажам мәмлекети (мүлки) төрт үрим-путаққа бөлинеди: Пешдедийлер, Кайонийлер, Ашканийлер, Сасанийлер. Олар Наўайының пикирине көре 4336 жыл 10 ай ҳүкимдарлық қылған. Наўайы 65 тен артық патшалардың ҳүкимдарлық қылған жыллары ҳаққында ҳәм олардың ҳәр бириниң алып барған әдил ҳәм әдилсиз сиясаты ҳаққында мағлыўматлар берген. Ажам мүлкинде биринши болып, патшалық қылған адамның аты Қаюмарс еди деп есаплайды. Наўайы: «Ҳәр тәғдирге көре патшалық будан алдын жоқ еди, бул қағыйданы ол дүзди,- деген. Табарий ҳәм Фирдаусийлерде Пешдодийлер үрим-путағына тийкар салған патша Қаюмарс есапланады. Фариудун залым патша Заҳҳок орнына патша болғаннан кейин Тур (оның баласы) Туранға патша етип тайынланады. Турдың атынан Туран келип шығады ҳәм биринши рет мәмлекетшиликке тийкар салынды деп есаплайды «Шоҳнома» да Фирдаўсий.

Туран, анығырағы оның ажыралмас бөлегин дүзген Харезм диний- сиясий ҳәм ҳуқықый көз-карасларды өзинде жәмлестирген дин Зардуштийлик дини жүзеге келди ҳәм ол инсаният цивилизациясына өзиниң сезилерли тәсирин өткизди. Оның китабы «Авесто» ның жәҳән мәденияты ҳәм динлер тарийхында тутқан орнын есапқа алған ҳалда ЮНЕСКО бас конференциясы 1999 жылдың ноябрь айында Парижде өткен 30-сессиясында «Авесто» жаратылғанлығының 2700 жыллығы мүнәсебети менен дүнья жүзинде кең белгилеў ҳаққында қарар қабыл қылынды. Президент Ислам Каримов басламасына көре Өзбекстан Республикасы Ўәзирлер Мәкемеси №110 санлы 29- март 2000 жылда қарар қабыл қылды ҳәм усы қарарға муўапық Хорезмде «Авесто» ға бағышланған халық-аралық илимий конференция өткизилди, бағ жаратылды, естелик орнатылды, «Авесто» ның өзбек тилиндеги толық баспасы шығарылды.

Зардуштийлик дини пайда болған заман ҳәм «Авесто» ҳаққында түрли қарама-қарсы пикирлер, айтысыўлар узақ әсирлерден бери даўам етип келмекте. Бүгин көпшилик илимпазлар өзиндеги мағлыўматларға ҳәм бизге дейин исленип келген естеликлерге тийкарланған ҳалда «Авесто»ның ўатаны Хорезм екенлигин тән алмақта. Е.Э.Бертельс «Авесто»ның Хорезмде жазылыўы ушын қолай шәрт-шәраятлар бар еди. Бул китаптың ең биринши бетлери «Гоҳлар» пайғамбар Зардўшт тәрепинен Харезмде жазылған деген жуўмаққа келген. «Авесто»ның ең әййемги бөлими «Гоҳлар» «Гоҳ» сөзин китапларда «Госа», «Гота», «Европалықлар болса оны «Гимн» тәризинде атайды. «Авесто»да тәрийипленген Айрйани-Вайжи (Ийрон Виж) қудай тәрепинен биринши мәртебе жаратылған мәмлекет- Харезм мәмлекети. «Авесто»ның биринши муқәддес аты да Харезмде жағылған. Қудай Аҳура Мазда да пайғамбар Зардуштқа көринген. Харезм «Авесто» ның ўатаны екенлигин Кангақала, Базарқала, Жамбасқала, Қырыққызқала, Топыраққала сыяқлы қорғанлардан ҳәм от Сарай ҳәм «Шылпық» ибадатханаларынан табылған естеликлер тастыйықлайды. «Авесто» да айтылыўына қарағанда Зардўшт Әмиўдәрья жағаларында жасап атырған дийханлар ҳәм саҳраларда жасап атырған көшпели қәўимлердиң турмысларынан жақсы хабардар болған. Оның сиясий- ҳуқықый көз-қараслары әне усы үрп-әдетлери, дәстүрлер, нызам- қағыйдалары тийкарында жүзеге келген.

Қәўимлер ортасында тез-тез болатуғын диний қарама-қарсылықлар, урыслар, әдилсизликлер мәмлекетлерди, халықларды ыдыраўшылыққа қарап алып кетип атырғанын жақсы түсинген еди. Усы себептен де ол өзиниң тәлийматларында жалғыз қудай туўрысындағы пикир, идеяларды алға сүрди. Ол қуяш қудайы Молох ҳүрметине балаларды, қызларды қурбанлық қылыў сыяқлы жарамас әдетлерге қарсы шықты. Қурбанлық қылыўшылар бундай ҳайўанлық әдетлерди яғный балаларды тирилей қурбан қылыўды қурғақшылық, ашаршылық тәбийий апатшылық жылларында да әмелге асырған. Зардушт булардың орнына «Наўрызды» байрам қылыўды, көп қудайлық орнына жалғыз Аҳура Маздаға сыйыныўды адамлардың орнына қойларды қурбанлық қылыў сыяқлы әдетлерди орнатты. Ол әпиўайы мийнеткеш дийханды ҳүрмет етти.

«Әй дүньяны жаратқан зат»!

Мазда динин қандай аўқат тойдырады»? Аҳура- Мазда жуўап берди:

Әй, Сипийтамен Зардушт!

«Бийдай егиў ҳәм және бийдай егиў»

-…Әй, әлемди жаратқан зат! Әй, ҳақыйқат! Жерди ҳәммеден көре көбирек бахтияр қылған бесинши шахс ким?

Аҳура- Мазда жуўап берди:

-Жерди жақсылап шүдигәр қылған ҳәм оны бир Ашаванға тапсырған зат!»

Зардушт 1200 баптан ибарат китапты алтын тақташаларға жазып, шах Ваштапс отханасына тапсырады. Кейиншелик болса бул китап Иран шахы китапханасында 12000 сыйыр терисине алтын ҳәриплер менен жазылған үлгиси болады. Туран ҳәм Иран мәмлекетлеринде исламға дейин тийкарғы мәмлекет дини дәрежесинде ҳүкимдарлық қылады. Ислам ҳүкимдарлық қылған жылларда қуўдалаўға алынады, «От» паразлықта айыпланады ҳәм оның тәрепдарлары Ҳиндистан ҳәм басқа үлкелерге кетиўге мәжбүр болады. «Авесто» қәдимги ең биринши рет жаратылған 16 журт мәмлекет: «Доктиё» дәрьясы жағалаўларындағы Иран Виж, Мерв, Балх, Нисоя, Ҳират, Ваища Гирта, Аврава, Хнинта, Харавачта, Ҳийрманд, Рай, Чапра, Варина, Ҳафтруд, Рангҳи дәрьясы булағы әтирапындағы былғасық халықлар жасаўшы мәкандүр» Әне усы мәмлекетлерди патша «Кави» басқарған. Семьялардың бирлеспеси «Нмана», Семья баслығы «Дмана», «үлкен семья ақсақалы «Нма», «Напати», қәўим жәмийети баслығы «Вис», үлкен аўыл ақсақалы «Виспати» қәўим баслығы «Зантупати», ўәләят ҳәкими «Дахтапати». Ақсақаллар кеңеси «Варзанипти», халық мәжлиси «Въяха» деп жүритилген.Жоқары судья ўазыйпасын Коҳинниң өзи атқарған.

«Авесто» ға көре жәмийет төрт қатламға бөлинген: Көзи-ашықлар, Әскерийлер, Шарўадарлар, Өнерментлер (Ясна; 19-бап). Сол ўақытта жәмийетте қуллар «Вайса», үй хызметкерлери «виранмажа» ҳуқықлары шекленген шопанлар «Пайшаутар»лар да болған. «Авесто» ға көре мәмлекеттиң раўажланыўы үш дәўирге бөлинген: («Гоҳлар 45»). Бириншиси, ең әййемги дәўир әдил ҳәм инсаныйлық бахыт ҳүкимдарлық қылған дәўир («Ясна» 32).

Екиншиси, жақсылық пенен жаўызлық ортасындағы гүрес дәўири.

Үшиншиси, билимли, әдил патшалар нызамға тийкарланып мәмлекетти басқарады («Ясна», №48).

«Әй Аҳура Мазда, ҳәр ким жақсы ақыллы, жақсы сөзли, жақсы иси менен наҳақлық ҳәм оның тәрепдарларына қарсы гүрес ҳәм адамларды туўрылық ҳәм ҳақыйқат жолына бағдарласа, өзиниң пәк муҳаббатынан саған ең жақсы саўға келтирген болады». Буннан көринип турыпты, зардуштийлик тәлийматында ҳақыйқат ҳәм шынлық үш идеяға тийкарланады: Жақсы пикир, жақсы сөз, жақсы ис «Авесто»да әне усы үшликке тийкарланған идеялар, көз-қарасларды көплеп ушыратыў мүмкин.

Инсан қәлбинде шынлық ҳәм ҳақыйқат –сезимлерин оятыўда еки қарама-қарсы күш Воху Мана («Жақсы пикир») ҳәм Ако Мана («Жаўыз пикир») ортасындағы гүрес әҳмийетли. Ахура-Мазда жақсылық тымсалы болса, Анхро-Манс (Аҳриман Майнйу) наданлық, жаўызлық, жаманлықлар тымсалы сыпатында сәўлеленеди. «Авесто» да

жынаят ҳәм жаза мәселелеринде де көп пикир ҳәм ойлар, нызамлар сәўлеленген. Мәселен, кимде-ким қарызды өз ийесине қайтармаса, оның бул иси урлық ислеген менен тең болады, антын орынлаўға үлкен итибар бериледи. Ахура- Мазда тәлийматына көре ант ишиўдиң 6 түри бар.

Биринשиси- сөз анты

Екиншиси- қол анты

Үшиншиси- қой анты

Төртиншиси- сыйыр анты

Бесиншиси- адам анты

Алтыншысы- егин анты

Бул ең абат, өнимдар жердеги ҳасыл анты.

Әй ҳақыйқат! кимде-ким өз антын бузса, бул гүнәси ушын алатуғын жазасы қандай?

Аҳура-Мазда жуўап берди:

-оның ҳәм ең жақын туўысқанлары гүнәсиниң төлеми сол ант баҳасының үш жүзине тең. Егерде қой анты бузылса онда оның төлеми, жети жүзине тең. Әне усылай етип, антларға қаншелли садық екенлигин сынап усыллар, жоллар менен сынап көрилген! Мәселен, суўға түпириў ямаса еки таманлама жанып турған от арасынан өтиў сыяқлылар. Қайнап турған суйықлық, қыздырылған металлар денесине басыў ямаса еритилген металлды көкирегине қуйыў ҳәм усы сыяқлыларды келтириў мүмкин.

Кимде –ким биреўди қастан урыўға атланса, оның гүнасы «авауйраита» дүр. Кимде-ким нәпсиқаўлық мақсет пенен биреўди урыўға ант етсе, оның гүнәсы «аридуш» болады. Әне усы түрде жынаят квалификация қылынады ҳәм қылған жынаятына жараса жаза тайынланады. Мәселен көбирек ислеген гүнәсы ушын бес қамшы аспаҳиҳ- ашитра менен ҳәм бес қамшы саравушучарапа пенен сабаланады (усы мәселе толығы менен «Авесто» маънавиятимиз сарчашмаси» китабында: Ҳ.Бобоев, С.Ҳасановлар, «Адолат» - 2001 жыл 62 б. сәўлеленген). «Авесто» да қунын төлеў, нызамларға бойсыныў, суд ислерин әдиллик ҳәм нызамға көре әмелге асырыў жақсы жолға қойылған еди. «Авесто»да ҳақыйқат, тынышлық, мәмлекет, азатлық, еркинлик, ғәрезсизлик, өмир ҳаққындағы идеялар көз-караслар жүдә орынлы ҳәм түсиникли баян етилген. «Кимде-ким бийдай ексе, ол оны (ҳақыйқат) егеди. Қашан бийдай гүркиреп көгерсе, дәўлер қорқыныштан титиреп баслайды. Қашан бийдай «ун берсе, дәўлер нала қылады» деп әңгиме етиледи.

«Авесто»да қоршаған орталықты таза сақлаўға, әсиресе жер, суў, өсимликлерди асыраў мәселелерине үлкен итибар берилген. 4 нәрсени: жер, от, суў ҳәм ҳаўаны муқәддес деп биледи ҳәм оның патасланыўына жол қойғанларға шара көрилген.

Биринщиден, халықты тәрбиялаў ҳәм екиншиден, нызам әдет нормаларын қоллаў жолы менен оларды қорғаған.

Жуўмақлап айтқанда «Авесто» дағы сиясий- ҳуқықый көз-қараслар ҳәзирге дейин өз теориялық ҳәм практикалық баҳасын жоғалытпаған.

«Авесто» өзиниң алдыңғы идеялары менен әййем заманда дүнья цивилизациясына өзиниң тәсирин өткизген. Биз ушын ол әҳмийетли тийкар болады.

**Теманы беккемлеў ушын сораўлар:**

1.Әййемги Шығыс мәмлекетлеринде диний әпсаналық, сиясий ҳәм ҳуқықый көз қараслардың пайда болыў себеплери ҳаққында пикирлериңиз қандай.

2.Әййемги Вавилонда сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар қашан пайда болған.

3. Хаммурапи нызамларындағы сиясий ҳәм ҳуқықый идеялар.

4. Брахманизм сиясий ҳәм ҳуқықый идеялар нелерге қаратылған?

5. Конфуцийдиң мәмлекет, ҳуқық, сиясат ҳаққындағы тәлийматлары.

**Әдебиятлар:**


1. Каримов И.А. Биз келажагимизни ўз қўлимиз билан қурмоқдамиз. — Т., “Ўзбекистон”, 1999.
2. Каримов И. Озод ва обод Ватан, эркин ва фаровон ҳаёт - пировард мақсадимиз. Т.: Ўзбекистон. 2000. - 109 б.
3. .Каримов.И. Бизнинг бош мақсадимиз – жамиятни демократлаштириш ва янгилаш мамлакатни модернизация ва ислоҳ этишдир-Т.:Ўзбекистон, 2005.
4. Каримов.И. Империя даврида бизни иккинчи даражали одамлар деб, ҳисоблашар эди. -Т.:Ўзбекистон,2005.
5. История политических и правовўх учений. Под общей редакцией Нерсесянца В.С. — М., “Приор”, 2000.
6. История политических и правовўх учений. Под общей редакцией Лейста. М.Юриздат.2004.
7. Горбачев В.Г. История философии. — Брянск, “Курсив”, 2000.
8. Философия // конспект лекций //. — М., “Приор”, 2000.
9. Ҳ.Б.Бобоев ва бошқалар. Сиёсий ва ҳуқуқий таълимотлар тарихи. Дарслик.2002.
10. Чанўшев А. Философия древнего мира. – Москва, “Вўсшая школа”, 2001.703 с.
11. История политических и правовўх знаний. Под обҳей редакцией Нерсесянца В.С.- Москва, изд. “Норма-Инфра”, 1999. - 736 с.
12. Всемирная история.//учебник для Вуз//-под обҳей редак. академика Г.Б. Поляка. - Москва, изд. “Юнити”. 2000. Стр.30.
13. Ф.Муҳиддинова. Сиёсий ва ҳуқуқий таълимотлар тарихи. Ўқув қўлланма. 2002.
14. Ф.Муҳиддинова. Сиёсий ва ҳуқуқий таълимотлар тарихи. Маърузалар матни. 2005.
15. Бобоев Х.Б. Кутыбаева Е.Д. Утемуратов М. Танирбергенов С.Б. Сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар тарийхы. Т. ТМЮИ. 2009

## Әййемги Грециядағы сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар

### Реже

1. Әййемги Грециядағы сиясий ҳуқықый тәлийматлардың тийкарғы бағдарлары. Әййемги Грецияның дәслепки дәўириндеги (б.э.ш. IX-VI әсир) сиясий ҳуқықый ойлары.
2. Әййемги Грецияның ең раўажланған дәўири (V-әсир биринши ярымы IV әсир): Демокрит, Горгий, Гиппий, Антифонт, Сократтың сиясий ҳуқықый көз карaслары.
3. Аристотелдиң мәмлекет ҳәм ҳуқық ҳаққындағы тәлийматы.
4. Эллинизм дәўири (ю.э.ш. IV-II әсирлер) сиясий ҳуқықый тәлийматлары.

Әййемги Грецияда эрамыздан алдыңғы биринши мың жыллық басларында мәмлекетлер пайда болады. Ғәрезсиз полислер қала мәмлекетлер этирапындағы аўылларды да өз ишине алады. Әййемги урыўлық жәмийетинен, дәслепки класслық дүзимге өткенде жәмийетти сиясий жақтан дүзиўге үлкен итибар бериледи, бул captions ислер халықты социал қатламластырыўды күшейтип жибереди ҳәм олар ортасында қарама-қарсылық ҳәўиж ала баслайды. Бул шәраятта полислер ишинде де, сыртында да ҳәкимият ушын гүрес кескинлести. Мәмлекет басқарыўдың түрли формалары келип шықты.

Эрамызға дейинги IV-V әсирлерде Афинада, Абдерада демократия орнайды, Фива, Мегарада Олигархия, Спартада аристократия түрлери мәмлекетшиликтиң түрли басқарыў формаларын келтирип шығарады. Әййемги Грецияда пайда болған ҳәм әсте ақырын раўажланып барған сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар тарийхын үш дәўирге бөлиў мүмкин. Биринши дәўир (эрамызға дейин IX-V әсирлер) әййемги грек мәмлекетиниң пайда болыў дәўирин өз ишине алады. Бул дәўирде сиясий ҳәм ҳуқықый түсиниклердиң мифологиядан азат бола баслаўы, рационалласыўын гүзетиў мүмкин. Бул ўақыя Гомер, Гесиод ҳәм белгили « жети данышпанлар» мийнетинде өз тәрийпин тапқан. Усы дәўирде мәмлекет ҳәм ҳуқық мәселелерине философиялық жақтан жақынласыў жүзеге келе баслайды. (Пифагор ҳәм оның шәкритлери Гераклит). Екинши -дәўир (эрамызға дейин V ҳәм IV әсирдиң биринши ярымы. Бул дәўир әййемги грек философиялық сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматы жүзеге келеди ҳәм раўажланады. Үшинши дәўир (IV әсирдиң екинши ярымы ҳәм II әсирге дейин). Бул дәўиртарийхта эллинизм дәўири болып табылады. Бул дәўирдиң әҳмийетли белгиси грек мәмлекетшилигиниң қулаўының жүз тутқан дәўири. Грек полислери дәслеп Македония, кейин ала Рим қарамағына өте баслайды. Бул әййемги сиясий ҳәм ҳуқықый көз-караслар Эпикур стоикалар ҳәм Полибий мийнетлеринде сәўлеленген.

Әййемги Грецияда пайда болған ҳәм раўажланған жәмийетлик- сиясий ҳәм ҳуқықый көз-қараслар тарийхын Гомер ҳәм Гесиод дәстанларын анализ қылыўдан

баслаймыз. Бул уллы шахслар жаратқан дәстанларда жәмийетте пайда болған жәмийетлик машқалалар, қудайлар образлары арқалы избе-из сәўлелендирилген.

Әдиллик нызамшылық ҳәм полис өмирине тийисли басқа түсиниклердиң шеберлиги, бағдарлары ҳәм жүзеге келиўи ең алдын Зевстиң искерлиги менен басланады. Бас қудай Зевс барлық қудайларды қысқыға алып, әдиллик орнатыўды талап қылған. Гомер поэмаларында Зевс усындай тәртипте, яғный қаттықол әдалатлы Бас Қудай образында тәрипленген. Бунда әдиллик түсиниги жердеги ўақыялар менен байланысқан ҳалында түсиндириледи.

Жердеги әпиўайы нызам- қағыйда тийкарлары адамларды бирлестириўши бир күш, улыўмаинсаный қәдирият сыпатында белгили болады. Гесиод (эрамызға дейин VII әсир) шығармаларында әдиллик, ҳуқық тәртиплери түсиншелери жәнеде жарқынырақ сәўleленген. Оның «Теогония», «Мийнет ҳәм күнлер» сыяқлы шығармаларында түрли бағдарларға ийе болған әдеп-икрамлылық ҳуқықый нормалар тәрипленеди ҳәм қорғалады. Мәселен, оның «Теогония» шығармасында Зевс ҳәм өмирлик тәбийий тәртиптиң тымсалы Фемида некесинен еки қыз Дике әдиллик қудайы ҳәм Эвномия нызамшылық қудайы туўылды. Дике әдилликти қорғайды, оны бузыўшыларды қатты жазалайды. Эвномия болса нызамшылық, тәртип- интизам иләҳият тәрепинен орнатылған адамлар арасында болыўы шәрт болған нызам деп есаплап оны қорғайды. Дике ҳәм, Эвномия ҳәм барлық ислерди бас қудай-аталары Зевс буйрығы менен орынлайды. Демек, әдиллик те нызамшылық ҳәм иләҳий тийкарға ийе. Ол бас қудай ҳәм басқа қудайлар тәрепинен басқарып барылады. Гесиодтың «Мийнет ҳәм күнлер» поэмасында патриархал дүзим идеалларын қорғар екен, адамлар өмиринде бес бир-бири менен алмасып туратуғын басқышларын өзине тән тәреплерин тәрийиплеп береди. «Алтын әсир», «гүмис әсири», «мыс әсири», «ярым қудай-қаҳарманлар әсири» ҳәм ең ақырында өзи жасап турған әсирди «темир әсири» деп баҳалайды. «Алтын әсир» адамлары бахытлы еди, қайғысыз өмир кеширди.

«Гүмис әсирдиң» қайсар, қудайларға бағынбаған адамларды Зевс қырып таслады. «Мыс әсири» ниң адамлары өз-ара жарыс ҳәм келиспеўшиликлер нәтийжесинде өзлери бир-бирин женшип таслады. Төртинши «Темир әсириниң» қанлы урысларында ярым қудай қаҳарманлары да қайтыс болған. Гесиод «Темир әсирди» қара бояўлар менен аянышлы тәрийиплейди. Мийнет аўыр, күн қыйын, ҳақыйқат жоқ, адамлар ортасында инсап, ҳақыйқатлық қалмаған. Гомер ҳәм Гесиод мийнетине тән болған әдеп-икрамлылық, ҳуқықый тәртип- интизамның инсанлар ортасында орнатыў ҳәм оларға ақыл нурын бағышлаўға қаратылған умтылыўлар кейиншелик жети данышпан искерлигинде даўам еттирилди. Бул жети данышпан Фалес, Питтак, Периандр, Биант, Салон, Клеабул ҳәм

Хилон. Бул данышпанлар жәмийетте әдиллик орнатыў ушын гүрес алып барды. Олардың айырымлары ҳәким ямаса нызам шығарыўшы сыпатында өз идеяларын әмелге асырыўға ҳәрекет қылды. Мәселен, Салон меншик ҳәм мәмлекет қарызларын бийкар қылды, қарыз бериўди әдилли тийкарға қойды. Салон тәрепинен дүзилген полис демократиясы байлар менен кәмбағалларды келисимге келтириў ушын ислеп шығылған қагыйдаларға тийкарланар еди. Солон бир тәрептиң екинши тәреп мәплерин жерге урыў тийкарында үстинликке ерисиўлерди ашық қаралайды. Жәмийетлик сиясий ҳәм ҳуқықый тәртиплердиң философиялық идеялар тийкарында қайта өзгертиў пикирлерин алдыға сүрген. Пифагор (эрамызға дейин 580-500 жыллар) ҳәм оның шәкиртлери (Архит, Лизис, Дгиголай ҳәм басқалар), ҳәмде әййемги дүньяның атақлы философы Гераклит (эрамызға дейинги 530-470) демократияны критика қылып аристократиялық басқарыў усылын ақыллы ҳәм әдеп-икрамлы жетик адамлар ҳакимиятын жақлап шықты. Пифагор ҳәм оның пикирлеслериниң дүнья көз-қараслары бир қанша мистикалық болсада, бирақ олар дүньяның тийкарын материаллық белгили санлар дүзеди деп есаплар еди. Ҳәмме нәрсениң тийкары ақыр ақыбетте санларға барып тақалады. Әдеп-икрамлылық ҳәм сиясий-ҳуқықый ўақыялардың ҳәм тийкарын санлар характеристикасына излеў керек, мәселен, әдиллик түсиниги теңлерге теңлик пенен жуўап қайтарыў демек.

Пифагоршылар идеалы полис еди. Бирақ полиста әдил нызамлар болыўы керек. Пифагордың көрсетиўинше, кудайдан соң, ата-ананы ҳәм нызамды ҳүрмет қылыў керек, қудай, ата-ана ҳәм нызам. Пифагоршылар тәртипсизлик, анархиядан қатты жеркенер, инсаный қатнасықлар анархия зулымынан азат етилип ҳуқықый тәртип ҳәм горманияға ийе болыўы керек деген идеяны алға сүрди.

**Платонның сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлары**

Платонның идеал жәмийет ҳәм мәмлекет ҳаққындағы тәлийматы оның кейинги диалогларында («Мәмлекет», «Нызамлар» ҳәм басқалар) раўажландырылды. Оның идеялар ҳаққындағы көз-қарасларының тийкары төмендегише: ҳақыйқый барлық бул материаллықтан тысқары ақыл менен пикир етилетуғын идея. Бизиң көзимизге көринип, сезимлеримизге тәсир қылып турған нәрселер бар болыўға байланыслы емес, соның ушын да ҳақыйқый билиў бул бар болыўды билиўден ибарат яғный идеялларды билиўден ибарат. Бар болыўды ҳәмме де биле бермейди, тек ғана философлардың қолынан келеди. Ол өзиниң «Мәмлекет» деп аталған шығармасында әдилли идеал мәмлекетти тәрийиплер екен, мәмлекет полистеги жәмийетлик-сиясий өмир менен дүньяның биригиўинен пайда болады, дейди. Платонның тәлийматына көре әдиллик дегенде биринши нәўбетте ҳәр бир адам өз иси менен шуғыллансын, басқалардың ислерине араласпасын, полис түрли зәрүрликлердиң улыўмаласқан көриниси деген идеяны алға сүреди. Бул аймақлар

зәрүрликлерин қандырыў ушын мәмлекетте адамлар ортасында мийнет бөлистирилиўи қарар тапқан болыўы керек.

Идеал мәмлекетте ҳаяллар, еркеклер менен тең ҳуқыққа ийе. Платон идеал мәмлекетинде үш қатлам: философлар, әскерийлер ҳәм дийқанлар, өнерментшилер болыўын тән алған.

Платон өзиниң «Нызамлар» атлы шығармасында мәмлекеттиң тийкары ҳәм қурылыўы ҳаққында толық тоқталып өтеди. Платон идеал мәмлекетиниң ең әҳмийетли белгилери төмендегилерден ибарат. Оның 5040 пуқарасы шек таслаў арқалы жер майданы ҳәм үй-жай алады бирақ бул жер ҳәм үй олардың меншик мүлки есапланбайды. Барлық жерлер мәмлекеттиң мүлки болып адамлардың перзентлериниң бирине мийрас болып өтиўи мүмкин. Бар мүлктиң көп ҳәм азлығына қарап, адамлар төрт топарға бөлинеди:

Байлықтың да кәмбағаллықтың да мәлим шегарасы болып, бул нызам тәрепинен белгилеп қойылады. Қуллар ҳәм шет еллерден келген дийқан, өнермент, саўдагер жоқарыда айтылған 5040 пуқара қурамына кирмейди. Биринши мәмлекетте де, екинши мәмлекетте де ҳәмме жумыс өз-ара келисиў ҳәм қатнасық тийкарында алып барылады. Жаслар еркеклер менен тең ҳуқыққа ийе болсаларда, бирақ олар жоқары басшы лаўазымына көтериле алмайды. Платон мәмлекетиниң басында басқышпа-басқыш сайлаўлардан  өткен 37 ҳүкимдар турады деп айтып өтти.

Ҳүкимддардың жасы 50 ден 70 жасқаша болады. 360 адамнан ибарат болған сайлаў кеңеси үлкен ҳуқықларға ийе. Платон идеал мәмлекетинде нызамшылыққа итибар қаратқан, мәсләҳәт берип, нызамлар жүдә қатаң болмасын, нызамға бойсыныў менен бирге ҳүкимдарлар жәмийетти еркин басқара алсын, нызамларды ислеп шыққанда географиялық орталық, климат, топырақ ҳәм басқа да себеплер итибарға алыныўы керек. Платон нызамларға бойсынбаўшылықты қатты қаралайды.

Ҳәр қыйлы шайырлар, алымлар жаңалықлар жаратып, нызамларды буза бермесин, Платон өз көз-қарасларында идеологиялық мәселелерине үлкен итибар берди. Мәмлекет ҳәм нызамлардың иләҳий ҳәм сөзсиз қүдиретин адамларға жеткериў, олардың ойына сиңдириў керек. Нызам- қағыйдаларды бузыўшылық қатты жазаланыў керек. Платон тәрепинен еки ярым мың жыл алдын айтылған «Нызам үстемлиги», «Нызам үстемлиги» идеялары бизиң күнимиз ушын гүмансыз жүдә пайдалы.

**Аристотельдиң мәмлекет ҳәм ҳуқық ҳаққындағы тәлийматы**

Аристотель, Платоннан кейинги ең уллы ойшыл сыпатында майданға шықты. (Эрамыздан алдыңғы 384-322 жыллар). Өзиниң «Полития», «Афина сиясаты», «Этика» сыяқлы шығармаларында сиясий, ҳуқықый көз-қарасларды баян етеди. Платон сиясат пәнин ҳәр тәреплеме ислеп шығыўға, сиясатты әдеп-икрамлылық шегарасында қараўға

ҳәрекет қылды. Әдеп-икрамлылық сиясаттың басланғыш точкасы, оның алғы сөзи, дейди ол. Аристотель әдилликтиң еки түрин парықлап көрсетеди. Теңликке салыўшы әдиллик мысалы арифметикалық теңлик, яғный мине усы бағдарды жәмийет раўажланыўына усыныс етиў. Белгилеўши әдиллик тап геометриялық теңликке усайды. Яғный барлық ҳақ-ҳуқыклар пайда адамлар ортасында ҳәр кимниң өзине жараса бөлистирилиўи керек. Аристотельдиң этика бағдарындағы излениўлериниң тийкары содан ибарат, сиясий әдиллик адамлар ортасындағы теңлик, еркинликке тийкарланған болып, ҳәр бир адамның өз зәрүрликлерин қандырыў менен белгиленеди.

Аристотель көз-қарасларында мәмлекет көплеп қурамалы бөлимлердиң өз-ара сәйкеслигинен дүзиледи. Мәмлекет өзине тән бир шөлкем болып, пуқаралардың биригиўинен дүзиледи. Мәмлекеттиң ҳәр бир түринде өзине тән инсан ҳуқықлары ислеп шығарылған болады. Аристотель мәмлекетиниң сиясий шөлкем екенин тастыйықлап, мәмлекет бул жоқары ҳәкимиятқа ийе болған сиясий дүзим, деп түсиндиреди. Мәмлекеттиң туўры ҳәм натуўры басқарыў формаларында ажыратады. Мәмлекеттиң туўры басқарыў формасы халыққа пайда келтиреди. Натуўры басқарыў түринде тек тар көлемдеги пуқараларға пайда келтиреди. Мәмлекетти басқарыўдың үш формасы монархия, аристократия, политияны көрсетеди. Мәмлекет басқарыўдың натуўры формасы тирания, олигархия, демократия.

Аристотель мәмлекет басқарыў формаларының ҳәр түрлилигин тексерип шығады. Оның пикиринше, ең туўры басқарыў түри бул полития. Басқа мәмлекет формалары политиядан азлы-кем шегиниўлерге тийкарланады. Мәмлекетти натуўры басқарыў формасынан ең жаманы бул тирания. Полития олигархия ҳәм демократияның ең жақсы тәреплерин бирлестиреди, бирақ олардың жаман тәреплеринен пүткиллей азат мәмлекет формасы. Аристотель ислеп шыққан идеал мәмлекеттиң жойбарын әпиўайы бир фактты тәжирийбеде сынап көриў сыяқлы анық бир белгилер менен характерлеп болмайды, деп көрсетеди. Идеал мәмлекеттиң халқы жетерли дәрежеде болып, анық көзге тасланып турыўы керек. Оның аймағында құрғақлық ҳәм теңизге жақсы бағдарланған болыўы зәрүр.

Барлық жерлер екиге бөлинеди. Бир бөлеги пүтин мәмлекет тәрепинен улыўма тәризде пайдаланылатуғын жерлер, екинши пуқаралардың меншик жерлери. Тынышлықты жәмийеттиң гүллеўи деп баҳалаған алым, урысларды ҳуқыққа қарсы ҳәдийсе деп баҳалайды. Аристотель, Сакрат ҳәм Платонның әдиллик ҳәм нызамлық бир-бирине сай келиў зәрүрлиги идеясын қорғайды. Улыўма алғанда, ҳуқық сиясий ҳәдийсе болғаны ушын оны сиясий ҳуқық деп атаса болады. Тәбият нызамлары ҳәмме жерде бирдей әҳмийетке ийе болып, тән алыныўы ямаса алынбаслығына қарамай бар бола

береди. Буннан тысқары, шәртли ҳуқық та бар. Ол шәраятқа қарап өзгерип турыўы мүмкин. Тәбийий ҳуқықлар да шәртли ҳуқықлар да мәмлекет сиясатына хызмет қылады. Бул ҳуқық нормалары избе-из, турақлы болыўы зәрүр. Нызам сиясатқа сай болыўы ушын ең дәслеп әдиллик тийкарында жүзеге келиўи зәрүр. Аристотель әййемги дүньяның ең белгили, гениал ой ийеси еди. Оның шығармалары әсирлер бойы өз күшин жоғалтпай киятыр. Ол ўақыяларды терең, илимий анализ етиўде өз устазы Платоннан бир қанша озып кеткен еди.

**Теманы беккемлеў ушын сораўлар:**

1. Әййемги Греция сиясий ҳуқықый тәлийматлары қашан пайда болған?
2. Әййемги Греция сиясий хуқықый тәлийматларының раўажланыўында "жети данышпан"ның сиясий-хуқықый идеяларының тутқан орны?
3. Платонның мәмлекеттиң пайда болыўы ҳаққындағы көз карасы?
4. Платонның нызамшылық ҳәм сиясат ҳаққындағы көз қарасы?
5. Платонның идеал мәмлекет ҳаққындағы көз қарасы?
6. Аристотелдиң мәмлекеттиң пайда болыўы ҳаққындағы көз қарасы?

**Әдебиятлар:**


1. Каримов И.А. Хавфсизлик ва барқарор тараққиёт йўлида. 6-том. — Т., «Ўзбекистон», 1998.
2. Каримов И. Озод ва обод Ватан, эркин ва фаровон ҳаёт - пировард мақсадимиз. Т.: Ўзбекистон. 2000. - 109 б.
3. Каримов.И. Бизнинг бош мақсадимиз – жамиятни демократлаштириш ва янгилаш мамлакатни модернизация ва ислоҳ этишдир-Т.:Ўзбекистон,2005.
4. Каримов И.А. Ўзбекистон мустақилликка эришиши останасида. –Т.: Ўзбекистон, 2011.
5. История политических и правовўх знаний. Под общей редакцией Нерсесянца В.С.- Москва, изд. "Норма-Инфра", 1999. - 736 с.
6. Аль-Фараби. Историко-философские трактаты. Алма-Ата: Наука, 1975.
7. Нерсесянц В.С. Сократ. - Москва, "Наука", 1977.150 с.
8. Ҳ.Б.Бобоев ва бошқалар. Сиёсий ва ҳуқуқий таълимотлар тарихи. Дарслик.2002.
9. Ф.Муҳиддинова. Сиёсий ва ҳуқуқий таълимотлар тарихи.ТДЮИ. 2002.
10. Рассел Б. История западной философии. – Москва, изд.: "Академический проект", 2000. 765 с.
11. Философия конспект лекций//- Москва, изд. "Приор" , 2001. 224 с.
12. Сулаймонова Ф. Шарқ ва Ғарб. — Т., «Ўзбекистон», 1997.
13. Холов.Б. Магистрлик диссертацияси. "Монтескье сиёсий-ҳуқуқий таълимотида ҳокимиятлар бўлиниши ва унинг Ўзбекистонда амалий ифодаси".2003.
14. Самиев Б. Ҳуқуқий давлат: ғоялар тарихи ва ҳозирги замон. Магистрлик диссертацияси. 2003
15. Ф.Муҳиддинова. Сиёсий ва ҳуқуқий таълимотлар тарихи.ТДЮИ. Маърузалар матни.2005.
16. Ф.Мухиддинова. Форобийнинг давлат ва ҳуқуқ ҳақидаги таълимоти. Диссертация. 2001.

## Әййемги Римде сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар

### РЕЖЕ

1. Улыўма сыпатлама
2. Цицеронның мәмлекет ҳәм ҳуқық хуқық ҳаққындағы тәлийматы
3. Рим юристлериниң сиясий ҳәм ҳуқықый көз-қараслары

Әййемги Рим сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар тарийхы мың жылларды өз ишине алады ҳәм усы дәўир ишинде әййемги Римде өзгерип турған социал экономикалық, сиясий-ҳуқықый көз-карасларды ўақыяларды сәўлелендиреди. Әййемги Рим тарийхы үш басқыштан ибарат. Патшалық (эрамызға дейин 754-510 ж), республика басқарыў усылы (504-28 ж) императорлық (27 эрамызға дейин ҳәм 475 ж). Жалғыз Рим империясы эрамыздың 395 жылы пүткиллей бөлинип кетти. Батыс (орайы Рим), Шығыс (орайы Канстантинополь) Византия империясы –булар 1453 жылға дейин жасап келди.

Әййемги Римдеги сиясий-ҳуқықый көз-қараслар узақ ўақыт даўамында түрли қарама-қарсы күшлер патрицийлар ҳам плебейлер ортасындағы тынымсыз гүреслер нәтийжесинде раўажланып барды.

Әййемги Римдеги сиясий-ҳуқықый көз-қараслар әййемги Грецияда жүзеге келген жәмийетлик- сиясий көз-қараслар тәсиринде еди. Эрамызға дейин V әсир орталарында плебейлер жазба рәўиштеги нызамлар таярланыўын талап қылып шықты ҳәм Грецияға адамлар жиберип, олардағы нызамшылық, мәмлекетшилик тийкарланып үйренип келиў, әсиресе Салон дәўиринде жаратылған нызамларға үлкен итибар бериўди тапсырды. Бул тәжирийбелер пухта үйренилип, ақыры XII таблицадан ибарат болған әййемги Рим ҳуқық нормаларын ислеп шығыўға тийкар болды. Әййемги Грецияның атақлы философлары Сакрат, Платон, Аристотель, Эпикур, стоикалар, Полибий ҳәм басқалар әййемги Рим жәмийетлик-сиясий ҳәм ҳуқықый көз-қараслардың жүзеге келиўине күшли тәсир қылды. Әййемги Римде юриспруденция пәниниң раўажланыўы үлкен ўақыя еди. Рим юристлери ҳуқықтың улыўма теориялық машқалаларын жаратып берди. Айырым ҳуқықтаныў тараўлары (мәмлекет ҳәм ҳуқық теориясы ҳәм ҳәкимшилик ҳуқық, жынаят ҳуқықы, халық-аралық ҳуқық) ғәрезсиз түрде ислеп шығылды. Рим ҳуқықтаныўшылары жәмийетте болып атырған жаңалықлардың теориялық тийкарын ислеп шықты. Рим юристлери тәрепинен ойлап табылған юриспруденцияға тән атамалар, пәнлер бүгин бизде де үйренилмекте.

Рим империясында эрамыз басында христианлық пайда болады. Дәслепки христиан тәлийматлары барлық еркинлик ҳаққындағы нызамларды, бар болған көплеп тәбийий ҳуқық идеялларын жаңа дин өз атынан, иләҳий руўх, қудайдың көрсетпеси деп

талқылай баслайды. Барлық адамлардың теңлиги, оны адамлар ортасында қарар табыўы зәрүрлиги ҳаққындағы идея үлкен әҳмийетке ийе еди. Христианлықтың пайда болыўы ҳәм жәҳән дини сыпатында кеңейип, беккемленип барыўы инсанният раўажланыўының кейинги басқышларына күшли тәсир қылды. Эрамыздың II әсиринде христиан жәмәәтшилигинде аўҳал бир қанша өзгерди. Уйым баслықларының үстемлиги беккемленеди, олар ортасында байланыс күшейеди, руўханийлар  пайда болады.

Ширкеў йерархиясының пайда болыўы, диний догматты күшейтирип жиберди. Дәслепки христианлық тәлийматларда қулшылықты жоғалтыўға, меншик мүликшиликти бийкар қылыўға, адамлар ортасындағы теңсизликти жоқ етиўге қаратылған идеялар бар еди.

Әййемги Рим сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар тарийхында Марк Туллий Цицерон (106-43 эрамыздан алдыңғы жыллар) айрықшы орын ийелейди. Белгили аратор, мәмлекет искери ҳәм ойшыл. Цицеронның мәмлекет ҳәм ҳуқық машқалаларына бағышланған «Мәмлекет ҳаққында», «Нызамлар ҳаққында», «Миннетлер ҳаққында» ҳәм басқа шығармаларында сиясий ҳәм ҳуқықый көз-қараслары сәўлеленген. Мәмлекеттиң пайда болыўының себеби адамлардың бирге жасаўға умтылыўы болып табылады. Бирге жасаў адамның тәбийий зәрүрлиги, дейди Цицерон. Мәмлекет халықтың иси, байлығы. Цицерон мәмлекеттиң дүзилиў формаларына үлкен әҳмийет берди. Ол үш әпиўайы мәмлекет формасын көрсетеди: патшалық ҳәкимияты, аристократлар ҳәкимияты ҳәм халық ҳакимияты. Булардың ҳәр  бири өзиниң артықмашылықларына ҳәм кемшиликлерине ийе. Соның ушын булардың бәрине тән болған артықмашылықларды өзинде бирлестирген қурамалы мәмлекет формасы мақсетке муўапық. Зорлық пенен орнатылған жекке шахс ямаса аламан ҳүкимдарлығы, ямаса бир төрениң ҳүкимранлығы мәмлекет формасы деп есапланбайды, буған жол қойыў мүмкин емес. Бул жерде улыўмаинсаный мәп ҳәм ҳәмме ушын тең ҳуқықта жоқ.

Цицерон дөретпесинде ҳақыйқый мәмлекет искери ҳәм идеал пуқараға тән пазыйлетлер үлкен орын алған. Ҳуқык тийкарында тәбиятқа тән болған әдиллик жасаўы керек дейди ол. Тәбийий ҳуқықтың белги ҳәм қәсийетлерин тәрийиплеў менен бир қатарда, Цицерон унамлы ҳуқықтың өзин меншикли ҳәм улыўмалық ҳуқықларға бөледи. Цицеронның дөретпе мийрасы инсанният мәдениятының раўажланыўына үлкен тәсир көрсетти.

**Рим ҳуқықтаныўшыларының сиясий ҳәм ҳуқықый көз-қараслары**

Эрамызға дейинги II әсир басларында ҳуқықтаныўшылық, әсиресе пуқаралар ҳуқықы барысында М.Манилий, П.Муций Сцевола ҳәм М.Юний Брут жемисли мийнет етти. Ҳуқықый мәселелер төмендеги тараўларды өз ишине алар еди:

1) Адамлардың юридикалық сораўларына жуўаплар;

2) Питимлер дүзиўде мәсләҳәт бериў ҳәм жәрдем бериў;

3) Суд ислерин шешиў ушын формулалар ислеп шығыў.

Рим ҳуқықтаныўшылығы республиканың кейинги дәўиринде, әсиресе империяның дәслепки еки ярым әсиринде өзиниң ең жоқары раўажланыў дәрежесине жетти. III әсирдиң екинши ярымынан баслап, императордың нызамлы ҳәкимиятқа ийе болыўынан соң Рим ҳуқықтаныўшылығының раўажланыўы пәсейе баслады. Туўры, классик дәўирде юристлердиң аўҳалы ҳүрмет итибары жаңа дәўирде де сақланып турды. Усы классик дәўирде жасаған атақлы ҳуқықтаныўшылардан Гай, Панминак, Павел, Ульпиан, Мадестинлерди көрсетип өтиў мүмкин. Рим ҳуқықтаныўшыларның искерлиги тийкарына ҳуқық тәжирийбесинде бар болған зәрүрликти қандырыў, ҳәрекеттеги ҳуқықый нормаларды өзгерип турыўшы жағдайға ийкемлестирип барыўға қаратылған еди. Олар усының менен бирге берилген сораўларға қайтарылған жуўапларда, конкрет ислер талқылаўларында бир қатар теориялық мәселелерди де ислеп шықты. Рим ҳуқықтаныўшылары бир қанша түсиншелерге анықлық киритти. Сол ўақыттың тили менен айтқанда әмелий ҳуқық нормалары, эпиўайы ҳуқық, нызам, магистрантлар, император конституциясы ҳәм басқа тараўлар жүзеге келди.

Тәбийи ҳуқық әмелий ҳуқық ушын тийкар болып қала берди.

Ульпианның халықлар ҳуқықларына тәбийий ҳуқықлардың бир бөлими сыпатында алып қаралады. Олардың адамларға тәсири ортасында парықлар болған. Әне усылардан қылынған жуўмақларға көре жәмийетте неке, балалар тәрбиясы ҳәм тәбийий ҳуқық тәсири астында раўажланып барады. Ҳуқықтаныўшы Гайдың көз-қараслары да усыған мегзес. Улыўма ҳуқық барысындағы түрли жағдайлар, қәсийетлери ортасындағы өз-ара қатнасықтың тийкарын Павел избе-из тәрийиплеп берди. Ол ҳуқықтың түрли бөлимлери ҳаққында емес, ал жалғыз бир пүтин болған ҳуқықтың өз-ара байланған көринислери ҳаққында пикир жүритиў керек деп есаплайды. Улыўма Рим юристлериниң көпшилиги ҳуқықтың бир пүтинлигин тән алып, оның түрли түсиншелерин конкрет тәрийплеп берген. Соның ишинде зәрүрлик әдил ҳуқықтың әҳмийетли тәрепи, ҳуқықтың барлық көринислери ҳәм бағдарларына тән қәсийет. Зәрүрлик әдилликке тийкарланады, одан келип шығады. Әййемги Рим ҳуқықтаныўшыларының жоқарыдағы талаплары ҳуқықтың барлық тараўларына тийисли болыўы менен бирге конкрет нызамларға да тийисли. Нызамлар ҳуқық нормаларының избе-из, кескин исленген формасы сыпатында қаралады. Рим ҳуқықтаныўшылары искерлигине стоиклердиң тәсири сезилип турады. Олар мине усы тәсир астында көплеп ҳуқықый мәселелерди, әсиресе миннетлеме мәселесин ҳәр тәреплеме тәрийиплеп берди. Тәбийий ҳуқық, нызамлардың идеялық тийкарларын дүзиў

ҳаққындағы пикир ҳәм дыққатқа ылайық. Ҳуқықтаныўшы Медестинниң көрсетиўинше, ҳуқықтың ўазыйпасы рухсат етиў, қадаған етиў, жазалаўдан ибарат. Әлбетте бул талаплар ҳәр жерде ҳәр түрли болып, әсиресе императив ҳуқық нормаларын сәўлелендиреди. Юлиан да тап усы пикирди тәрийиплейди. Рим ҳуқықтаныўшылары ҳуқықтың улыўма теориялық тийкарын терең изертлеў менен бирге, барлық ҳәрекеттеги ҳуқықый нормалардың тәсири, оларға қай тәризде тийкарланыў зәрүрлиги ҳәм басқа жекке мәселелерди анық конкрет мысаллар тийкарында характерлеп береди. Жәмийетлик ҳуқық нормалары да ҳәр тәреплеме ислеп шығылды. Мәмлекет органларның ерикли ўакиллери, ҳәмелдар шахслар, ҳәкимият, Пуқаралық түсиниклери ҳәм мәмлекет ҳәмде ҳакимшилик ҳуқықтың көплеп мәселелери көрсетилип берилди.

**Тема бойынша сораўлар:**

1. Әййемги Римде сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлардың пайда болыўының шәрт шараятлары.
2. Әййемги Римде сиясий ҳәм ҳуқықый ағымлар.
3. Цицеронның мәмлекеттиң пайда болыўы ҳаққындағы пикирлери нелерден ибарат.
4. Римниң уллы юристлери кимлер?
5. Рим юристлериниң юриспруденция пәнлериниң раўажланыўына қосқан үлеслери ҳаққында пикирлериниз қандай.

**Әдебиятлар:**


**1.** Каримов И.А. Хавфсизлик ва барқарор тараққиёт йўлида. 6-том. — Т., «Ўзбекистон», 1998.

**2.** Каримов И. Озод ва обод Ватан, эркин ва фаровон ҳаёт - пировард мақсадимиз. Т.: Ўзбекистон. 2000. - 109 б.

**3.** Каримов.И. Бизнинг бош мақсадимиз – жамиятни демократлаштириш ва янгилаш мамлакатни модернизация ва ислоҳ этишдир-Т.:Ўзбекистон, 2005.

**4.** Каримов.И. Империя даврида бизни иккинчи даражали одамлар деб, ҳисоблашар эди. -Т.:Ўзбекистон,2005.

**5.** История политических и правовўх знаний. Под общей редакцией Нерсесянца В.С.- Москва, изд. “Норма-Инфра”, 1999. - 736 с.

**6.** Аль-Фараби. Историко-философские трактатў. Алма-Ата: Наука, 1975.

**7.** Нерсесянц В.С. Сократ. - Москва, “Наука”, 1977.150 с.

**8.** Ҳ.Б.Бобоев ва бошқалар. Сиёсий ва ҳуқуқий таълимотлар тарихи. Дарслик. 2002.

**9.** Ф.Муҳиддинова. Сиёсий ва ҳуқуқий таълимотлар тарихи. ТДЮИ. 2002.

**10.** Рассел Б. История западной философии. – Москва, изд.: “Академический проект”, 2000. 765 с.

**11.** Сулаймонова Ф. Шарқ ва Ғарб. — Т., «Ўзбекистон», 1997.

**12.** Ф.Муҳиддинова. Сиёсий ва ҳуқуқий таълимотлар тарихи.ТДЮИ. Маърузалар матни.2005.

**13.** Холов.Б. магистрлик диссер. “Монтескье сиёсий-ҳуқуқий таълимотида ҳокимиятлар бўлиниши тамойили.

**14.** Самиев.Б. Ҳуқуқий давлат ғоялар тарихи ва ҳозирги замон. Магистр дис. 2003.

**15.** Бобоев Х.Б. Кутыбаева Е.Д. Утемуратов М. Танирбергенов С.Б. Сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар тарийхы. Т. ТМЮИ. 2009.

## Батыс Европада Орта әсирлер сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлары
## XVII әсирде Голландияда сиясий ҳуқықый тәлийматлар

**РЕЖЕ**

1. Улыўма сыпатлама
2. Августинниң сиясий ҳәм ҳуқықый көз-карaслары
3. Фома Аквинскийдиң сиясий ҳәм ҳуқықый көз-қараслары
4. Макиавелли сиясий көз-қараслары
5. Боден сиясий ҳәм ҳуқықый көз-қараслары
6. Гуго Гроцийдиң сиясий ҳәм ҳуқықый көз-қараслары
7. Томас Гоббстың сиясий ҳуқықый көз-қараслары
8. Джон Локктың сиясий ҳәм ҳуқықый көз-қараслары

**Улыўма сыпатлама.** IV- әсирдиң ақыры ҳәм VI әсирдиң екинши ярымы аралығында Рим империясының қулаўы менен бирге әййемги дәўир де тамам болды, орта әсирлер басланды. Мың жылдан көбирек ўақытты өз ишине алған бул дәўир феодализмниң пайда болыўы, раўажланыўы ҳәм жеңиске ушыраў дәўири болды.

Феодал жәмийетиниң экономикалық тийкарын жерге болған феодал мүлкшилиги дүзиледи. Король ең үлкен жер ийеси есапланар еди. Ол өз вассалларына жер берер еди, буған жуўап ретинде әскерий көмек бериўи ҳәм салық төлеўлери шәрт еди. Феодаллар өз гезегинде дийханларды ислетиў менен бир қатарда, ҳасылдың да бир бөлегин өзине алар еди. Х әсирден баслап мәмлекет ҳәкимияты күшейе баслайды. Королдың вассаллары үстинен ҳүкимранлығы биресе күшейип, биресе пәсейип барар еди. Орта әсирлердиң ақырларында орайласқан мәмлекетлер жүзеге келеди. Рәсмий ҳәкимият абсолют монарх қолына өтти.

Мәмлекет ҳәкимиятын күшейтиў мақсетинде корол тәрепинен дүзилген ҳүкимет ҳәм оның әмелдарлары мәмлекетти басқарыўда қатнасқаны ушын мәлим ҳәкимиятты қолға киритти. Нәтийжеде король ҳәм мәмлекет аристократиясы ортасында кескинлик пайда болды.

Бул кескинликлерди жоқ қылыў жолында король пайда бола болмаған үшинши қатламнан таяныш изледи. Шама менен 17-әсирдиң ақырына дейин үшинши қатлам тийкарынан абсолютизмди қоллап-қуўатлап келди. Мәмлекет пенен бирге ширкеўде раўажланып барды. Орта әсирдиң дәслепки дәўиринен баслап турмыслық машқалалар менен қызығыўлар шегарасы тийкарынан руўхый мәселелер менен шекленди. Адамлар

өз өмириндеги оғада аўыр машқалалар шешимин диннен излер еди. Сиясий ҳуқықсызлық, материаллық шарасызлық ҳәм физикалық азап- уқыбетлер жаўызлық ҳәм ерик ҳәлсизлениўине қарамай ҳәр бир адам үмит пенен жасар еди. Христианлық ҳәр бир адамды өзине қаратар ҳәм үмит берер еди. Жердеги өмир, деп түсиндирер еди христианлық, драматик тарийхый қубылыстың бир бөлеги тек. Оның ақырында ҳәр бир адамды бул өмирдеги наҳақлықлардан ҳәм азап-уқыбетлер ушын әдил сыйлық күтеди. Булардан жоқарыда Таңри Қудай, жаратыўшы меҳрибан ҳәм әдил рух турады. Жердеги барлық затлар қудай тәрепинен адамлардың мәканы сыпатында панаҳ табыўы ушын жаратылған. Ҳәмме ушын улыўма нызам Қудайдың өмири бар. Барлық адамлар тең, оларды Қудай өзине усатып жаратқан. Бундай түсиниў тәбийий ҳуқық, улыўмаинсаныйлық бирлик ҳәм теңлик идеялары ушын тийкар болыў имканиятын жаратар еди. Жаңа христианлық идеялары сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматларда өз сәўлесин тапты. Христианлық ҳүкимран динге айланған ўақыттан баслап Орта әсирлер сиясий жағдайы ҳәм сиясий санасына қатты тәсир көрсетти. Жәмийетте мәмлекеттен тысқары ширкеў институты жүзеге келди. Бул институт раўажланып барды ҳәм IVәсирден баслап Орта әсирлер ақырына дейин мәмлекет ҳәм ширкеў ортасындағы қатнасықлар өз-ара жарысқа өтти.

Ҳәрекеттеги нызамларды тийкарлаў ушын тәбийий ҳуқыққа qаратпа қылынды. Яғный тәбийий ҳуқыққа таянған ҳәм оның көрсетпеси деп талқын қылған нызамлар ғана мақсетке муўапық есапланар еди. Соның ушын да тәбийий ҳуқықтың рәсмий толық «ҳуқыққа ийе болған үмитлеўши ким екенлигин анықлаў үлкен әҳмийет пайда етти. Ширкеў мәмлекеттиң үрип-әдет ҳәм диний мәселелери бойынша рәсмий үгитлеўши орнын қолға киритkеннен кейин дүньялық ҳүкимдарларда ҳүрмет қылыў ушын мәлим тийкарлар пайда болды. Бул Европада азатлық идеяларының раўажланыўында үлкен әҳмийет пайда етти.

Ширкеў дүньялық ҳүкимдарларға бағыныўды үгит-нәсият қылар еди. Шынында да ширкеў дүньялық ҳүкимдарлар этикалық ҳәм диний талапларға бойсынбай атыр деп тапқан жағдайда, өзиниң бул шақырығынан бас кешиўи де мүмкин еди. Теориялық жақтан мәмлекет пенен ширкеў өз-ара бирге ислесиўи керек еди. Бирақ олар салыстырмалы ғәрезсиз институтлар болғанлығы себепли, көбинше папа, ныза ҳәм императорды да уллылаў керек болар еди. Дүньялық ҳәкимият ҳәм ширкеў ҳәкимияты ортасындағы қарым-қатнасықлар қарама-қарсылық ҳәм даў-жәнжеллер менен характерленеди. Үгитлеў қәбилетине ийе болыў ушын ширкеў жетерли экономикалық тийкарғы, яғный мәлим дәрежеде дүньялық ҳәкимиятқа ийе болыўы керек еди. Ҳүкимдарлар болса мәлим диний абыройға ийе болыўлары лазым

еди. Бул еки ҳәкимиятлар ортасындағы қатнасықларды кескин түр алыўға себеп болар еди.

**Августинниң сиясий ҳәм ҳуқықый көз-қараслары**

Мине усы еки ҳәкимиятлар ортасындағы қатнасықларға өзине сай көринис берген, әйеммги дәўирди христианлық дәўири менен байлаған дәслепки уллы теологлардың бири Августин еди. (354-430). Ол латын тилинде жүдә көп шығармалар дөретти. Оның «Қудай қаласы ҳаққында» шығармасында Августин тарийх ҳаққындағы елеслеўлер ҳәм еки қала («Падшалық») үлке қаласы ҳәм қудай қаласы ҳаққындағы тәлийматты ислеп шықты.

Августин пикиринше инсан Қудай жаратқан ең уллы зат, барлық нәрселер инсан ушын жаратылған. Инсан болса қорғаныўды излейди. Инсанның ишки дүньясы, түрли туйғылар, ерик, тилек гүрес майданы, қорғаныў табыўға болған қалеўиниң тараўы. Бирақ инсан өзиниң ишки дүньясын басқара алмайды. Ол мийримлиликке иләҳий жәрдемге мүтәж. Инсан еркин ерике ийе болсада, қудайдан қорғаныў табыў режесиниң тек бир бөлеги.

Августин Рух ҳәм денениң өз-ара қатнасы ҳаққында былай дейди: Рух инсанның иләҳий тәреплерин тәрийплейди. Дене болса гүнақ нусқасы. Инсан ҳәмме итибарын имканы барынша денеден еркин болып, қудайға жақынлаў ушын рухқа, өзиниң ишки әлемине қаратыўы керек. Августин ҳәр бир адамның ишинде қудай ҳәм шайтан ортасында гүрес барады деп есаплайды. Августин бундай гүрести тарийхый дәрежеде қудай қаласы ҳәм жер қаласы ортасындағы қарама-қарсылық формасында да қурады. Ҳәр бир индивидуал өмир ғамхор ҳәм гүна ортасындағы гүрес майданы болғаны сыяқлы тарийх да жақсылық ҳәм гүна «патшалығы» ортасындағы гүрес майданы. Ширкеў «мәлим мәнисте Қудай патшалығын, империя болса жер «патшалығын» өзинде тәрийплейди деп есаплайды Августин. Августин жер патшалығын болыўы шәрт ҳәм зәрүр деп есаплайды. Инсанның характери гүна қылыў ақыбетинде бузылғаны себепли, күшли жер патшалығы жаўызлықты жылаўлаў ушын зәрүр деп есаплайды. Ҳәттеки гүна болмаған жағдайда да жәмийетте мәлим тәртип ҳәм басқарыў формасы болыўы керек. Жер патшалығы ҳүкимдарлары Қудай тәрепинен тәртип сақлаў ушын тайынланады. Халық Қудайдың еркине бойсыныўы шәрт болғанлығы себепли, бул ҳүкимдарларға да бойсыныўға мәжбүр. Дүньялық патшалық адамлардағы жаўызлықты Қудай патшалығысыз (ширкеўсиз) жоқ ете алмайды. Христиантлық мәмлекетиниң барлық ағзалары бир ўақыттың өзинде ҳәм папаның, ҳәм императордың пуқаралары деп есаплайды.

Августин мәмлекет ҳәм ширкеў ҳәкимиятларының екеўи де қудайдан ҳәм сол себепли олар бир түрде нызамлы деген тәлийматты алға сүрип V әсирде Папа Геласий I майданға шықты. 800-900 жыллар даўамында бул тәлийматты ширкеўде, мәмлекетте қабыл қылды. Бирақ олар ортасындағы келисиў көбирек аўызда ғана болып қалды. XIII әсирге келип Батыс Европада, әсиресе ширкеў шегераларында, интеллектуал искерлик жүзеге шықты. Араблар арқалы Аристотель қайта айтыла баслады. Философия тараўында Фома Аквинский христианлық ҳәм Аристотелизм синтезин әмелге асырды. Бул синтез жүдә әҳмийетли болып кейиншелик Рим- католик ширкеўи Фома Аквинский тәлийматына өзиниң рәсмий философиясы сыпатында қарай баслады.

**Фома Аквинскийдиң сиясий ҳәм ҳуқықый көз-қараслары**

Фома Аквинский (1226-1274) орта әсир диний сколастикасының көзге көринген белгили ўакили. Оның сиясий-ҳуқықый көз-қараслары «Теология суммасы», «Ҳүкимдарлардың басқарыўы ҳаққында», ҳәм де Аристотелдиң «Сиясат», «Этика» (әдеп- икрамлылық) шығармаларына жазылған талқылаўларында баян қылынған. Ҳуқық ҳәм нызам машқалаларын Фома Аквинский христиан дининиң инсан ҳәм оның өмир мазмуны ҳаққындағы елеслеўлерине таянған ҳалда жарыққа шығарады. Ол әййемги дүнья ойшылларының тәбийий ҳуқық ҳәм әдиллик идеяларына айрықша Аристотельдиң сиясат ҳәм инсан «Сиясий мақлуқ» тәлийматларына диний көз-қарастан жантасып қаратпа қылады. Фома Аквинский тәлийматына көре әлем ҳәм ондағы тәртиптиң дөретиўшиси Қудай.

Инсан өмири ҳәм ҳәрекетлериниң тамыры қудайда соның менен бирге инсан ақыл ҳәм еркин ерике ийе болған зат. Ҳәр қандай еркинликтиң тамырын ақыл-ой (интеллектуал қәбилет) дүзеди. Инсанның еркин ерки жақсылыққа шақырыўшы барлық ҳәрекет Қудай әмирине қаратылған болыўы керек.

Фома Аквинский бул пикирди өзиниң нызам ҳәм ҳуқық ҳаққындағы тәлийматында конкретлестиреди. Нызам, -дейди ол, ҳәрекеттиң мәлим қағыйдасы ҳәм өлшеўи. Оның шеберлиги инсан өмири ҳәм искерлигин тәртипке салыўдан ибарат. Нызам жәмийет ағзаларының улыўма пайдасын тәрийиплеўи зәрүр. Ол тиккелей жәмийет тәрепинен, ямаса оның жемисине ийе болған ўәкиллери тәрепинен жәрия қылынады. Нызам жәрия қылыныўы шәрт. Фома Аквинский нызамлары төмендеги группаларға ажыратады. Мәңгилик нызам, тәбийий нызам, инсан жаратқан нызам, иләҳият (дин тәлийматы) нызамы. Мәңгилик нызам иләҳий ақыл- тапқырлығын тәрийип етиўши әлемниң улыўма нызамы. Бул нызам әлеминиң шәртсиз қағыйдасы ҳәм бағдары сыпатында тәбийий ҳәм жәмийетлик процесслердиң ҳәммесин басқарады

ҳәм оларды ақылға муўапық раўажланыўын тәмийинлейди. Мәңгилик нызам улыўмалық болғанлығы ушын да барлық басқа нызамлардың тийкары. Бул нызам тиккелей тәбийий нызамда белгили болады. Тәбийий нызамға муўапық қудай жаратқан барлық нәрселер, соның ишинде инсан да өзиниң тәбийий қәсийетлерине көре өз нызамларына ийе ҳәм сол нызамларға муўапық раўажланады. Инсан өз минезине ылайық жақсылық ҳәм жаманлықты ажыратыў қәбилетине ийе, жақсылыққа умтылады жақсылық талабына сай ҳәрекет қылыўға мейил. Яғный инсан өзиниң әмелий искерлигинде жақсылық қылыў ҳәм жаманлықтан қашыў талабына әмел қылады. Булар өз жанын сақлаўға тырысыў, шаңарақ қурыў ҳәм перзентли болыў, басқа адамлар менен қатнасықта болыў, қудайға умтылыў ҳәм басқалар. Тәбийий нызам талапларына бойсыныў инсан ушын ақыл-ойға муўапық ҳәрекет қылыў демек. Адамлардың физикалық, эмоционал ҳәм интеллектуал тәбийий қәсийетлери, өмир шәраятлары бир түрли болмағанлығы себепли олар тәбийий нызам талапларын ҳәр түрли түсинеди ҳәм қабыл қылады.  Ақыбетте ҳәмме ушын бир түр мәжбүрий болған тәбийий нызам талапларына қарама-қарсы ҳәрекетлер де пайда болады. Инсан нызамларының пайда болыў тамыры мине усылар. Инсан нызамы тәбийий нызам талапларына тийкарланғанда ғана адамларды «қорғай алыўы, инсан өмирин түрли шәраятларға сай ҳалда қолланыўы мүмкин болады. Инсан нызамы мәжбүр қылыў санкциясы менен тәмийинленген нызам, дейди Фома Аквинский. Жақсы қәсийетке ийе адамлар онысыз да жасаўы мүмкин, олар ушын тәбийий нызамның өзи жетерли, бирақ нәсиятқа қулақ салмайтуғын, исенбейтуғын адамларды зыянсызландырыў ушын жаза ҳәм мәжбүр қылыў керек. Буның барлығынан адамлар қорқыўы керек. Сол себепли адамларда әдеп-икрамлылық қәсийетлери раўажланады, ақылға муўапық, жақсылыққа әмел қылыў әдетлери жүзеге келеди. Инсан нызамы тәбийий нызам талапларына сай келмесе ол нызам емес, нызамды бузыў, одан шетке шығыў болады. Усы пикирден келип шығып Фома Аквинский әдил ҳәм әдилсиз нызамларды ажыратады. Инсан нызамларының мақсети адамлардың улыўма пайдасы, бахты-шадлығына хызмет қылыўдан ибарат. Бул инсаный нызамның тийкарғы белгиси ҳәм сыпаты. Инсаныйлық нызам әпиўайы адамлар орынлаўы мүмкин болған талапларды қойыўы, олардың кемис ҳәм кемшиликлерин де есапқа алыўы керек. Ол ҳәмме ушын тең, бир түрли талап ҳәм жаза белгилениўи, тийисли инстанция тәрепинен қабыл қылыныўы шәрт. Мине усы белги ҳәм қәсийетлер болғанда ғана оны унамлы нызам деп есаплаў мүмкин, болмаса ол нызам әдилсиз нызам болады. Оны нызам деп қабыл етиў де мүмкин емес. Фома Аквинский еки түрли әдилсиз нызам ҳаққында пикир жүритеди.

Бириншиси, егерде нызамда оған тән болған бирде-бир белги болмаса, мәселен заманына улыўма пайда орнына, нызам шығарыўшының жеке пайдасы қойылған болса, ямаса нызам шығарыўшы өз ҳуқық шегерасынан шығып кетсе ҳәм басқалар. Пуқаралар ушын бундай нызамлар мәжбүрий емес. Бирақ улыўма тынышлықты сақлаў ҳәм нызамбузыўшылық әдет болып қалмаслығы ушын оларға бойсыныў қадаған етилмейди. Әдилсиз нызамлардың екинши түрин тәбийий ҳәм иләҳий нызамларға қарама-карсы болған нызамлар пайда етеди. Бул нызамларға бойсыныў шәрт емес. Диний нызамлар муқаддес ески ўәсиятнамаларында тәрийипленген иләҳий ҳақыйқый ҳәм қагыйдалар. Фома инсаный нызам- қағыйдаларды иләҳий нызам- қағыйдалары менен толтырыў зәрүрлигиниң бир неше себеплерин көрсетеди.

Биринашиден, диний нызам инсан өмириниң ақыретин еслетиў ушын керек. Инсанның өзи буған әззи. Екиншиден, диний нызам адамларда әдиллик, жақсы қәсийет ҳәм кемшиликлер ҳаққындағы бәсекилесиў өлшеми ўазыйпасын өтейди. Үшиншиден, диний нызам инсанның ҳәр түрли талпынысларын туўры жолға салыў ушын керек. Себеби руўхый ҳәрекетлер инсаный нызам шегарасында емес. Төртиншиден, диний нызам барлық жаўызлық, жаманлық ҳәм гүна ислерди, соның ишинде инсаный нызам менен рухсат бермей қайтыўға болмайтуғын барлық кемшиликлерди түп-тамыры менен жоқ етиў ушын керек. Фома Аквинский өзиниң нызамлар ҳаққындағы ойларында ҳуқық ҳаққындағы тәлийматы менен толтырады. Оның пикиринше, ҳуқық қудай ерки менен орнатылған турмыс тәризи,қағыйдалары ҳәм ондағы әдиллик ҳәрекети болып табылады. Әдиллик бул әдеп-икрамлылық қәсийетлеринен болып ҳәр кимге өзине тийислисин, қылмысына жараса алыўының өзгермес ҳәм мудамый тәрийпи болып табылады. Улыўма Фома Аквинский ҳуқықтаныўшылықтың избе-из ҳәм терең христиантеологиялық вариантын ислеп шықты. Оның философиялық ҳуқықый көз-қараслары тәбийий ҳуқықтың томистикалық ҳәм неотомистикалық концепцияларында өз раўажланыўын тапты.

**Батыс Европада ояныў дәўириндеги сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар**

Ояныў дәўири XV-әсирден XVIII- әсирге дейин болған дәўирди өз ишине алады. Бул дәўир король ҳәкимиятын абсолют монорхияға айланыўы ҳәм беккемлениўи, капитализмниң ең дәслеп жүзеге келе баслаўы феодал жәмийетиниң тамамланыўы менен характерленеди. Феодализмнен әсте-ақырын капитализмге өтиў жүз бере баслайды.

Жаңа дәўир орайластырылған ҳәкимияттың күшейиўи менен бир ўақытта феодал ыдыраўшылығын тамамлаў талаплары күшейип барды. Санаат ислеп шығарыў, кемесазлық, әскерий исти раўажландырыў зәрүрликлери жаңа илимий изертлеў

методларын, орта әсиршиликке тән схоластикадан бас кешиўди талап қылар еди. Пайда бола баслаған буржуазия мәпи белгили адамлары диний исенимлерге салыстырма сынға алыў мүнәсебетте болады, ғәрезсиз илимий изертлеўге умтылыў күшейди. Инсаный зәрүрликлер биринши орынға шықты. Алымлар инсанның дөретиўшилик имканиятлары оның ақыл-ой қүдиретин уллылады. Әййемги мәдениятының қайта тиклениўи, диний реформация, табияттаныў пәнлериниң жүзеге келе баслаўы ояныў дәўириниң тийкарғы өзгешеликлери.

Бул өзгерислер сиясий пикир тараўында ҳәм өз сәўлесин тапты. Жаңа сиясий тәлийматларда ширкеўге байланыслы болмаған, орайласқан дүньялық мәмлекет дүзиў талаплары жүзеге келе баслады. Бул жаңа идеялардың қорғаўшысы ҳәм үгитлеўшиси Италияда Макиавелли, Францияда Боден есапланады.

**Макиавелли сиясий көз-қараслары**

Николо Макиавелли (1469-1527) сиясий пикир тарийхына өзиниң бир қанша унамлы шығармалары менен кирип келди. Бул шығармалар ишинде оның «Ҳүкимдар» («Государь») шығармасы айрықша орын ийелейди. Макиавелли биринширлерден болып диний исенимлерден азат болған сиясий тәлиймат жаратыўға ҳәрекет етти. Оның тәлийматы сиясий ҳәрекетти гүзетиў, тарийх ҳәм инсан психикасын үйрениў тийкарында қурылған. Макиавеллидиң пикирине көре ол адамлардың қатты ҳәрекетлерин бир түрдеги тәмийинлеў ҳәм умтлыўлар белгилейди. Инсан характериниң төринде әмелпаразлық, әдилсизлик жатады. Адамлар, дейди ол, турақсыз, шүкирсиз, қорқақ, еки жүзли, иши қара, басқаларды көре алмайтуғын қәйиетлерге ийе. Қәбилети шекленген болса да тилеклери шекленбеген. Олар бәрҳама ҳәзирги күннен наразы, өтмишти мақтайды, қәўип- туўдырыўды жақсы көреди, бирақ жақсы нәрселерге салыстырмалы түрде жаман әдетлерди тезирек өзлестирип алады.

Инсан- «өзиниң дүньяға келиўин пүткиллей тийкарлы рәўиште үлкен жыйын менен алғыслаўшы ең әззи ҳәм маңлайы сор мақлуқ».

Данышпан ҳүкимдар мәмлекетти басқарыўда өзин әдеп-икрамлылық нормалары менен шекленбестен адамларға тән мине усы қәсийетлерди есапқа алыўы зәрүр, деп үйретеди. Сонда ғана ол өз алдына қойған ўазыйпаларды орынлаў қолынан келеди. Макиавелли орайласқан миллий мәмлекет тәрепдары еди. Ол мәмлекетти күшсизлентириўши ҳәм оның пүтинлигин бузыўшы барлық нәрселерди алғыслайды. Ол феодалларды, әсиресе, дворянлар қатламын, ширкеўди қатты сын астына алды. Оларды мәмлекеттиң қүдиретли болыўына тосқынлық қылыўшы күшлер деп билди. Макиавелли мәмлекеттиң монархия ҳәм республика түрлерин ажыратады. Ол республиканың абзаллықлары ҳаққында айтса да орайласқан ҳәм қүдиретли мәмлекет

жаратыў ушын монархия қолайлырақ дейди. Қудиретли мәмлекетти жаратыў жолында ҳүкимдар ҳеш нәрседен таймаслығы керек, әдеп-икрамлылық нормаларына да бойсыныўы шәрт емес. Ол ҳүкимдарға рейимсиз ҳәм ҳийлекер болыўды пуқараларға қорқытыў арқалы тәсир қылыўды мәсләҳәт етеди.

Ҳүкимдар арысланнан батыр, түлкиден ҳийлекерирек болыўы керек, неге десең «дузақты қурыў ушын түлки, қасқырлардың жазасын бериў ушын арыслан болмағы керек. Макиавелли ҳүкимдарға қураллы күшке дыққат қылыўды усыныс етеди. Егер жақсы қоңсылар болса, жақсы дослар ҳәрдайым болады. Жақы нызамлар қаншелли әҳмийетли болмасын,  мәvлекетте қураллы күш керек, дейди ол. Макиавелли ҳүкимдарға өз душпанларына салыстырма аяўсыз болыўды, жазалаўда шаққан, батыр ҳәм дәў жүрек болыўды мәсләҳәт береди. Ериншеклик, екилениў ҳәр қандай исти жоққа шығарады. Макиавелли өз дәўириниң сиясий турмысын сәўлелендирип ғана қоймай, кейинги дәўир сиясий турмыс өзгешеликлерин де көре билди. Сиясий тәлийматлар тарийхында «макиавеллизм» атын алған түсинше Макиавеллидиң пикирине сай сиясатты аңлатады.

**Боден сиясий ҳәм ҳуқықый көз-қараслары**

Жан Боден (1530-1596) француз сиясий ойшылы, ҳуқықтаныўшы, адвокат, прокурор лаўазымларында ислеген. Оның тийкарғы шығармасы «Мәмлекет ҳаққында алты китап» деп аталады. Бул шығармада ол сиясий пикир тарийхында  биринши болып мәмлекеттиң әҳмийетли белгили суверенитетке түсиник береди.

Мәмлекет, бул семьялар жыйындығы, деп тәрийиплейди ол. Боден усының менен бирге мәмлекеттиң семьядан кескин парық қылыўын да айтып өтеди. Бул парық мәмлекет ҳәкимиятының жоқары суверен характеринде. Суверен ҳәкимият мәмлекеттиң әҳмийетли ҳәм зәрүр өзгешелиги. Мәмлекет ҳәкимияты ҳеш кимге бағынышлы болмаған жоқары ҳәкимият. Боден суверен ҳәкимияттың белгилерин көрсетеди. Суверенитет жалғыз ҳәм бөлинбес. Ол король ҳәм халық ортасында бөлинбейди. Суверенитет ҳәкимияттың турақлылығын билдиреди. Оны ўақытынша ямаса мәлим шәрт пенен басқаға тапсырыў мүмкин емес.

Боден король абсолютизминиң тәрепдары сыпатында суверенитет ҳәкимияттың шекленбегенлиги, нызамнан да үстемлигин көрсетеди, дейди. «Суверенитет, Боден тәрийиплеўи бойынша, бул нызамларға бойсыныўдан азат болған гражданлар ҳәм пуқаралар үстинен орнатылған ҳәкимият». Суверен өзи қабыл қылған нызамлардан азат. Бирақ бул ҳәкимият ҳеш нәрсе менен шекленбеген деген нәрсе емес, дейди ол. Ҳәкимият Қудай нызамларына ҳәм тәбийий нызамларға бойсыныўы шәрт. Буннан

тысқары, дейди Боден, суверен пуқаралардың жеке мүлкин ҳүрмет етиўи, оған топылыс қылмаслығы зәрүр.

Суверенитет жалғыз ҳәм бөлинбес болғанлығы ушын мудамы бир шахс ямаса бир жыйналыс қолында болады. Суверенитет король ямаса аристократия, ямаса халық қолында болыўы мүмкин. Ол бир неше түрли органлар ортасында бөлинбейди, ямаса гезек пенен одан пайдаланылмайды.

Боденниң суверенитет ҳаққындағы тәлийматы феодал ыдыраўшылығына қарсы қаратылған болып, Францияда орайласқан мәмлекет жүзеге келе баслаған ўақытта пайда болды. Ол ширкеўдиң дүньялық ҳәкимиятқа ийе болыў ушын қылған ҳәрекетлерине қарсы қаратылған еди. Боден мәмлекет түрлери ишинде монархияны абзал көрди. Демократияны пүткиллей мойынламайды. Оның айтыўынша, халық туўры қарарға келе алмайды, демократия анархияға алып келеди.

Аристократия монархия менен демократияның ортасындағы мәмлекет түри. Боденниң пикиринше, аристократияның абзаллығы онда ҳәкимият сақый ақ сүйеклер ҳәм бай адамлар қолында болады. Бирақ аристократия, дейди Боден,- түрли партиялар жәнжеллери ҳәм атақпаразлар гүресине гирипдар көтерилисшилерге қарсы туралмайды.

Боден монархияны ең жақсы мәмлекет түри деп биледи. Монархия ғана бир пүтин ҳәм бөлинбес мәмлекет ҳәкимияты бар. Бирлик болмаған жерде жоқары ҳәкимият та жоқ. Мәмлекет ҳәкимиятының бирлигин тәмийинлеўши бирден-бир мәмлекет түри монархия. Мәмлекет ҳәкимиятының үстинде турған монарх қарама-қарсы даўа ҳәм умтылыўларын бир-бирине келистиреди ҳәм қарама-қарсы элементлердиң сай келетуғын бирлигин жаратады . Нызамлы монархия бойсыныўды үгит қылыў менен бирге, Боден тиранияға қарсылығын билдиреди. Зорабанлық жолы менен ҳәкимиятқа келген адам тиран болады. Оған қарсылық көрсетиң, оны аўдарыў, ҳәттеки өлтирип таслаў да қадаған етилмейди дейди Боден.

Боден мәмлекет аўдарыспақларының себеплерин анализ қылады. Бул себеплер ишинде биринши гезекте мүлк теңсизлигин көрсетеди. Көпшиликтиң гедейлениўи ҳәм азшылықтың жүдә байып кетиўи, ҳүрмет изетти ҳәм байлықларды әдилсиз бөлистирилиўи ҳәм мәмлекет аўдарыспағына алып келди. Сиясатшы, дейди Боден,- булардың адын алыўы керек. Ол көнигиў, келисиў, жарасыў арқалы келиспеўшиликлерди жоқ етиўи лазым. Боден Батыс Европа жәмийетиниң раўажланыўында король абсолютизми прогрессив роль ойнап атырған дәўирде оны қорғап шықты.

**Гуго Гроцийдиң сиясий ҳәм ҳуқықый көз-карaслары**

Галландиялық ҳуқықтаныўшы Гуго Гроций (1583-1645) тәбийий ҳуқық идеясына нәзер таслап миллий мәмлекетлер ортасындағы қатнасықларды тәртипке салыўшы халық- аралық ҳуқық тийкарларын жаратты. Гроций өзиниң «Урыс ҳәм тынышлық ҳуқық туўралы» деген шығармасында ҳәр бир шараятта да, соның ишинде урыс шараятында да, ҳуқық қолланылыўы шәрт деген идеяны ислеп шықты. Тыныштатыў жасаўға умтылыў, дейди Гроций, фундаментал тәбийий зәрүрлик. Оны әмелге асырыў ушын ҳәмме белгили нызамларға бойсыныўы лазым.

Гроций мәмлекеттиң жәҳән мәмлекетлериниң тең ҳуқықлы ағзасы болыўы ушын орынланыўы лазым болған шәртлерди көрсетеди. Бул шәртлерден ең әҳмийетлиси мәмлекет бақыйлығы ҳәм дүзилген шәртнамаларға бойсыныў. Гроций халық-аралық ҳуқық тараўында ақыл ҳәм ҳуқық теңлик ҳәм бирге ислесиўге тийкарланған жаңа халық- аралық қатнасықларды дүзиў тәрепдары сыпаында дөретиўшилик етти.

Мәмлекет бул ҳуқыққа бойсыныў ҳәм улыўма пайда ушын дүзилген жәмийетлик шәртнама мийўеси дейди Гроций. Мәмлекет меншик мүлк қатнасықларының раўажланыўы нәтийжесинде жүзеге келди, себеби бул қатнасықлар теңсизлик ҳәм қарама-қарсылықларды пайда етеди. Мәмлекет шахс ҳәм оның мүлки қолқатылмаўшылығын тәмийинлеў ушын дүзилген шәртнама. Мәмлекеттиң сиясий белгиси –суверенитет. Оған тек мәмлекеттиң өзи ийелик етеди. Бурынлары халық суверенитет ийеси болған болыўы мүмкин, бирақ кейин ол ыхтыярый түрде суверенитетти өзи сайлаған адамларға берген, дейди Гроций.

**Томас Гоббстың сиясий ҳуқықый көз-қараслары**

Тәбийий ҳуқық теориясының ири белгили адамларның бири, англичан философы Томас Гоббс еди. (1588-1679). Оның сиясий ҳәм ҳуқықый көз-қараслары «Гражданин ҳаққында», «Левиафан» шығармаларында сәўлеленген. Мәмлекет ҳәм ҳуқықтың пайда болыўы себеплери Гоббс инсан характеринен излейди. Оның пикиринше, инсан өз характери менен эгаист. Ол ҳүкимранлық етиўге талпынады. Оны басқа адамлар менен қатнасыққа кирисиўге шақырыўшы күш муҳаббат емес, даңққа ҳәм қолайлыққа ерисиў. Инсан тек өзиниң мәплерин гөзлейди, азап шекпеўге талпынады. Бирақ барлық адамлардың күш-қүдирети тең, себеби тәбият оларға ҳәмме нәрсени тең берген. Соның ушын адамлар тәбийий жағдайда бир-бирине салыстырғанда душпанлықта жасайды. «Адам адамға қасқыр». Гоббс сөзи менен айтатуғын болсақ, тәбийий жағдай ҳәмمениң ҳәммеге салыстырма урыс жағдайы. Бул жерде улыўма ҳәкимият, нызам, меншик мүлк жоқ. Ақыл бундай жағдайдан шығыў

зәрүрлигин, тынышлықты тәмийинлеўди талап қылады. Буның жалғыз шарасы, дейди Гоббс, жәмийетлик шәртнама дүзиўден ибарат.

Бул шәртнаманың орынланыўын тәмийинлеў ушын оған бойсыныў керек. Мине усы талаптан шығып, Гоббс тынышлықты тәмийинлеўши, орынланыўы шәрт болған нызам- қағыйдаларды көрсетеди. Булар арасында миннетдар болыў, өткен қапашылықларды кешириў басқаларға хүрмет өз характерине көре адамлар тең екенлигин тән алыў ҳәм басқа соған уқсаған әдеп-икрамлылық нызам –қағыйдалар. Мәмлекет мине усы шәртнама мийўеси. Адамлар улыўма халықлық тынышлық ҳәм өз тынышлығын тәмийинлеў ушын ихтиярлы түрде урыс ўатанын жоқ қылыўға уқыплы ҳәкимиятты жәрия қылыўға келиседи. Бул келисиўде ҳәр бир индивид мәмлекет пайдасына өз еркиннен ўаз кешеди.

Гоббс мәмлекетке физикалық күш сыпатында қарайды. Физикалық күш болмаса шәртнама бузылыўы мүмкин. Жалғыз физикалық күш ҳәр бир адамның жаны ҳәм саўлығын қорғаў ушын дүзилген шәртнаманың бузылыўының алдын алыўы мүмкин. Гоббс мәмлекет ҳүкимранлығын тәмийинлеўши себеп ҳәкимиятты жалғыз органның қолында болыўында деп биледи. Оның пикиринше демократия, ҳәкимиятлар бөлиниў принципи ҳәкимияттың бир орган қолында болыўын бузады. Гоббс пүткиллей еркинликке ийе болған ҳүкимдар ҳәкимияты абсолютизм тәрепдары еди. Егер манарх индивидлердиң қәўипсизлигин тәмийинлей алмай қалса, ҳәмминиң ҳәммеге қарсы пуқаралар урысы жағдайы жүзеге келеди. Соның ушын жаңа шәртнама ҳәм жаңа ҳүкимдарға зәрүрлик пайда болады. Абсолют монарх ушын ең жақсы қорған мийраслық ҳуқықы ҳәм қудай мийримлилигиниң туўры келиўи арқалы тахтқа келиў. Сонны да айтып өтиў керек, Гоббс тәлийматындағы шәртнама король менен халық ортасында дүзилген шәртнама емес. Бул эгоист ҳәм ақылға ийе индивидлердиң бир-бири менен дүзилген мийўеси сыпатында индивидлердиң тынышлығын тәмийинлеўи керек. Бул абсолютизмди қорғаў ушын ҳәм тийкарлаў шегарасынан кеңирек талап еди. Гоббс тәлийматында кейиншелик жүзеге келген буржуазия либерализмине тийкар салыўшы айырым элементлер барлығын көриў мүмкин.

**Джон Локктың сиясий ҳәм ҳуқықый көз-қараслары**

Тәбийий ҳуқық теориясына үлкен үлес қосқан ойшыллар арасында Джон Локк (1632-1704) айрықша орын ийеледи. Ол сиясий теория классиклериниң бири болып есапланады. Оның мәмлекет ҳәм тәбийий ҳуқық ҳаққындағы идеялары «Басқарыў ҳаққында трактат» атлы шығармасында тәрийпленген. Бул шығарманы либерализмниң библиясы деп те атайды. Локк адамлардың тәбийий жағдайын тәрийиплеўде Гоббстың ҳәммени ҳәммеге қарсы урыс жағдайы ҳаққындағы пикирге

қарама-қарсы пикирди баян етеди. Оның пикиринше, тәбийий жағдайда еркинлик ҳәм теңлик ҳүкм сүреди. Тәбийий еркинлик ҳеш қашан өзгелестирилмейди. Локк мүлкке ийеликти ҳәм еркинлик сыяқлы адамның тәбийий ҳуқықы деп есаплайды.

Адамлардың еркинлиги ҳәм олардың мүлки дейди Локк, тәбийий ҳалатта исенимли қорғалмайды. Улыўма тынышлық себепли ҳәмме өзин король деп көз алдына келтиреди. Бирақ, көпшилик ҳәмме ўақытта әдиллик талапларына бойсынады деп болмайды. Бул жағдай өз мүлкине ийелик етиўди қыйынластырады. Адамлардың уллы мақсети өз мүлкин,  тәбийий еркинлигин қорғаўдан ибарат. Усы мақсетте олар жәмийетлик шәртнама тийкарында өзлериниң тәбийий еркинлиги, өмири ҳәм мүлкин қорғаў ҳуқықын  жәмийетке тапсырады. Бирақ тәбийий ҳуқықтың бәринен бас кешилмейди. Индивид тек ҳәкимияттың сақланыўы ушын зәрүр болған муғдарда ғана тәбийий ҳуқық ҳәм еркинликлерин шеклейди.

Қалған бөлими инсанның өзинде қолқатылмай қалады. Мәмлекеттиң ўазыйпасы дейди Локк, өз исбилерменлериниң шет елли жарысыўшыларынан қорғаў, меншик мүлк қолқатылмаслығын тәмийинлеў, тәртип сақлаўдан ибарат. Бирақ мәмлекет саўда- сатық ҳәм санаатты басқарыў ислерине араласпаўы лазым. Мәмлекет индивидлерге жәмийетлик ҳәм экономикалық теңликти емес, ал ҳуқықый теңликти тәмийинлеўи керек.

Егер, индивидлер жәмийетлик шәртнаманы мақуллар екен, онда олардың ҳәммеси көпшиликтиң еркине бойсыныўы лазым. Локк абсолютизмге қатты қарсы шықты. Ол ҳүкимдарлар ҳәкимиятын шеклеў машқаласы менен шуғылланды, ҳәкимияттың бөлиниў принципин қоллап-қуўатлады. Локк нызам шығарыўшы, атқарыўшы ҳәм аўқам (федератив) ҳәкимиятларын ажыртады. Олар бир орган қолында болмаўы керек. Суд ҳәкимиятын Локк атқарыўшы ҳәкимият ыхтыярына береди. Локк өзине заманлас Англиядағы сиясий шәраяттың териялық қорғаўшысы сыпатында дөретиўшилик қылды. Оның тәлийматы буржуа мәмлекетшилиги принциплерин тийкарлаўға қаратылған еди. Соның ушын да ол кейинги дәўир буржуазия сиясий тәлийматлары раўажланыўына үлкен тәсир көрсетти.

**Спинозаның сиясий ҳәм ҳуқықый көз-қараслары**

Тәбийий ҳуқық теориясының раўажланыўына Голландия философы Б.Спиноза (1632-1670) да өз үлесин қосты. Оның сиясий ҳәм ҳуқықый көз-қараслары «Диний-сиясий трактат», «Сиясий трактак», «Этика» шығармаларында өз тәрийпин тапты. Спиноза мәмлекет ҳәм ҳуқықтың тийкары, келип шығыўы тәбийий зәрүрлик көз-қарасынан түсиндириўге хызмет етти. Оның тәлийматының басланғыш бөлеги

тәбийий ҳуқық түсиншеси. Оның пикиринше тәбийий ҳуқық бул дүньядағы барлық нәрселер бойсынатуғын  тәбийий нызамлар ямаса қағыйдалар.

Тәбийий ҳуқыққа муўапық инсан күши жеткенинше қәлеген нәрсесин қылыўға ҳақылы. Бирақ инсанның күш қүдирети өз жанын сақлаўы ақылға бойсыныў менен ғана тәмийнленеди. Ақыл болса инсанды басқа адамлар менен байланыста болыўын буйырады, себеби адам өмир кешириўи ушын зәрүр нәрселерди жалғыз өзи таба алмайды.

Адамның қәўипсизлиги, оның тәбийий ҳуқықлары жәмийетте ғана тәмийинлениўи мүмкин. Жәмийеттен сырта оның күш-қүдирети медет алыў имканиятынан шекленген. Нәтийжеде адам сөзсиз рәўиште, бийтаныс бир күшке бойсыныўға мәжбүр болады.

Соның ушын адамлар тәбийий жағдайдан граждaнлық жағдайға өтеди. Олар өзлериниң күши ҳәм тәбийий ҳуқықларын бирлестиреди ҳәм қәўипсизликте жасаў ушын мәмлекет ҳәкимиятын орнатады. Мәмлекет пенен бирге «улыўмалық ҳуқық» та пайда болады. Бул ҳуқық мәмлекетке бирлескен барлық адамлардың күш-қүдирети менен белгиленеди. Айырым адамлардың тәбийий ҳуқықларының бирлестирилиўи ҳәм адамлардың бир пүтин бирикпеси ҳәкимиятты дүзеди.

Спиноза тәлийматына көре тәбийий жағдай мәмлекеттиң пайда болғанынан кейин де сақланады, бийкар қылынбайды. Мәмлекетте ол тек өзгерттириледи. Спиноза мәмлекет ҳәкимиятының шегарасын анықлаў, тәбийий ҳуқықлардың қол қатылмаўшылығы, король ҳәкимиятын шеклеў мәселелерин қойды. Әсиресе, дейди Спиноза жоқары ҳәкимият еркин пикирлеў ҳәм ҳүждан еркинлигин шеклемеўи керек. Спиноза мәмлекет формалары ҳаққында өз пикирин баян етип, демократиялық мәмлекет дүзими тәрепдары екенлигин билдиреди. Демократияда мәниссиз нызамлардың шығып қалыў қәўпи көбинше жоқ, себеби көпшилик биймәниликке жол қойыўы мүмкин емес. Спиноза шекленбеген монархияның душпаны еди. Оның мәмлекет ҳәм ҳуқық ҳаққындағы тәлийматы пикир ҳәм ҳүждан еркинлиги принциплерин тийкарлаўға қаратылған.

**Тема бойынша сораўлар:**

1. Христиан дининиң пайда болыўы ҳәм оның дин дәрежесине көтерилиўи.
2. Аврелий Августинниң диний- сиясий көз карaслары
3. Фома Аквинскийдиң диний- сиясий көз қараслары.
4. Макиавеллийдиң сиясий ҳуқықый көз қарасы
5. Томас Гоббстың сиясий ҳуқықый көз қарасы
6. Спинозаның сиясий ҳуқықый көз қарасы

**Әдебиятлар**:

1. Каримов И.А. Хавфсизлик ва барқарор тараққиёт йўлида. 6-том. — Т., «Ўзбекистон», 1998.
2. Каримов И. Озод ва обод Ватан, эркин ва фаровон ҳаёт - пировард мақсадимиз. Т.: Ўзбекистон. 2000. - 109 б.
3. .Каримов.И. Бизнинг бош мақсадимиз – жамиятни демократлаштириш ва янгилаш мамлакатни модернизация ва ислоҳ этишдир-Т.:Ўзбекистон, 2005.
4. Каримов И.А. Ўзбекистон мустақилликка эришиши останасида. –Т.: Ўзбекистон, 2011.
5. История политических и правовўх знаний. Под общей редакцией Нерсесянца В.С.- Москва, изд. “Норма-Инфра”, 1999. - 736 с.
6. Аль-Фараби. Историко-философские трактатў. Алма-Ата: Наука, 1975.
7. Нерсесянц В.С. Сократ. - Москва, “Наука”, 1977.150 с.
8. Ҳ.Б.Бобоев ва бошқалар. Сиёсий ва ҳуқуқий таълимотлар тарихи. Дарслик. 2002.
9. Никколо Макиавелли. Государь. Пер. с ит. – М.: Планета, 1990. 84 с.
10. История политических и правовых учений. Учебник для вузов. Изд. 2-е стереотип. Под обҳий ред. члена-корреспондента РАН, доктора юридических наук, профессора В.С.Нерсесянца. – М.: НОРМА-ИНФРА М, 1999.-736с.
11. История политических и правовўх учений. Хрестоматия. - М., 2000.
12. Философский энциклопедический словарь. – М.:ИНФРА-М, 2001.-576 с.
13. И Рассел Б. История западной философии. – М.:“Академический проект”, 2000. - 765 с.
14. Философия конспект лекций- М.: “Приор” , 2001. - 224 с.
15. Ф.Муҳиддинова. Сиёсий ва ҳуқуқий таълимотлар. ТДЮИ. 2002.
16. Самиев.Б. Ҳуқуқий давлат ғоялар тарихи ва ҳозирги замон. Магистрлик диссертацияси.
17. Ф.Муҳиддинова. Сиёсий ва ҳуқуқий таълимотлар. Маърузалар матни. 2005.
18. Бобоев Х.Б. Кутыбаева Е.Д. Утемуратов М. Танирбергенов С.Б. Сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар тарийхы. Т. ТМЮИ. 2009

## Европа ағартыўшылығының сиясий ҳуқықый тәлийматлары

## РЕЖЕ

1. Батыс Европа мәмлекетлеринде тәбийий ҳуқық тәлийматларның пайда болыўы ҳәм раўажланыўы
2. Шарль Луи Монтескьениң сиясий ҳәм ҳуқықый көз-қараслары
3. Тәбийий ҳуқық теориясындағы тийкарғы еки бағдар ҳаққында Жан Жак Руссо, Вольтер ҳәм басқалар

### Батыс Европа мәмлекетлеринде тәбийий ҳуқық тәлийматларның пайда болыўы ҳәм раўажланыўы

XVI-XVIII әсирлерде Батыс Европа мәмлекетлеринде капиталистлик қатнасықлар және де раўажланды. Санаат ҳәм саўда буржуазиясы бир қанша күшейип барды ҳәм ғәрезсиз талаплар менен майданға шыға баслады. Ол өзиниң исбилерменлик басламасына ғаў болған барлық тосқынлықларды алып таслаўды қәледи ҳәм талап қылды. Бул тилек ҳәм талаплар тәбийий ҳуқық идеяларына тийкарланған сиясий тәлийматларда тәрипин тапты. Бул тәлийматларда феодал тәртиплериниң инсан тәбийий ҳуқықларына қарама-қарсы екенлигине тийкарланған. Тәбийий ҳуқық идеясы Орта әсирлер сиясий тәлийматларында да қолланылғанын көрдик. Бирақ онда тәбийий ҳуқық иләҳий нызамның бир көриниси сыпатында тәрийипленеди. XVII-XVIII әсир тәбийий ҳуқық тәлийматларының диний елеслеўлерден азат етиў, феодал артықмашылығын тамамлаў ҳәм жаңа буржуа мәмлекетшилигин жаратыўға қаратылған умтылыўларды тәрийиплейди.

Бул тәлийматларда ҳәзирги заман елеслеўлериниң айырым элементлери, ҳуқықый тийкарда қурылған әдил жәмийет ҳаққындағы арзыў-тилеклерин ушыратыў мүмкин.

XVIII-XIX әсирлерге келип ҳуқық тийкарларын ақырына дейин түсиндирип бериўге даўагер айрықша тәбийий ҳуқық концепциясы пайда болады. Бул тәлийматлар өзиниң фундаменталлығы, теориялық жақтан тереңлиги менен өтмиш тәбийий ҳуқық тәлийматларынан айырылып турады. XVI-XVII әсирлерде Батыс Европада ғәрезсиз мәмлекетлер жүзеге келиўи нәтийжесинде олардың ортасындағы өз-ара мүнәсебетлер ҳуқықый шешимин табыў мәселеси де пайда болды.

### Шарль Луи Монтескьениң сиясий ҳәм ҳуқықый көз-қараслары

Тәбийий ҳуқық теориясының раўажланыўына француз философы билимлендириў тәрепдары сиясий ойшыл ҳәм ҳуқықтаныўшы Шарль Луи Монтескье (1689-1775) үлкен үлес қосты. Монтескье шығармалары ишинде оның «Нызамлар руўхы ҳаққында»

шығармасы айрықша орын ийелейди. Бул шығармада баян етилген тәлийамт буржуазия дүньясның сиясий-ҳуқықый пикир тарийхы ҳәм мәмлекет мекемелериниң раўажланыўында үлкен тәсир көрсетти.

Монтескье тәлийматының тийкары ҳәр бир халық нызамларының «руўхы» бир қанша конкрет шәрт-шараятлар менен белгиленгенлиги, бул шәрт-шараятлардың ҳәр бири өзине тән әҳмийет пайда етиўине қаратылғанлығынан деп айтып өтти. Монтескье пикиринше, нызам шығарыўшы биринши нәўбетте климат пенен есапласыўы зәрүр. Ыссы климат халықты иләнәзиклик ҳәм ериншек етеди. Соның ушын бул жерде жаза менен қорқытыў адамларды ислеўге мәжбүр етеди. Мәмлекет деспотизм түринде болады. Климаттан тысқары Монтескье жердиң ҳасылдарлығы, таўлар ҳәм атаўлар тегисликлер, экономикалық аўҳал, динниң роли ҳаққында да пикирлер баян етиледи. Орташа климат нызамлар руўхына жақсы тәсир етеди, деп есаплайды. Монтескье пикиринше, географиялық орталық жәмийет раўажланыўының басланғыш дәўиринде шешиўши роль ойнайды, себеби бул дәўирде тәбият ҳәм климаттың тәсирин шеклей алатуғын нызам шығарыўшы адамның өзи болмаған.

Нызам «руўхын» оның мазмунын белгилеўши әҳмийетли себеп мәмлекеттиң басқарыў формасы,  жәмийеттеги сиясий дүзими. Бул себеп географиялық себеп тәсирин шеклеп қойыўы да мүмкин деп есаплайды Монтескье. Мине соның ушын Монтескье мәмлекет түрлерине өз-алдына тоқталады. Ол үш туўры мәмлекет формаларын ажыратады: демократия, аристократия ҳәм монархия. Булардың бәрин тәрипйлейди ҳәм өзине тән қәсийет ҳәм белгилерин көрсетеди. Оның өзи конституциялық монархия тәрепдары еди. Ол деспотизмди қаралайды. Оны тәбийий ҳуқыққа қарама-қарсы сиясий дүзим деп биледи.

Сиясий дүзимниң нызамлар руўхына тәсири ҳаққындағы пикирлерин Монтескье еркинлик ҳәм оны тәмийинлеў мәселеси менен байланыстырады. Оның пикиринше, еркинлик бул қәўипсизликти сезиў. Бул сезим нызамлардың ҳүкимранлығынан келип шығады. Мәмлекетдеги еркинликтиң ең әҳмийетли белгиси нызамшылық. Сол себепли, сиясий ислердиң тийкарғы ўазыйпасы нызамшылықты тәмийинлеў шара ҳәм жол табыў ҳәм көрсетип бериўден ибарат. Бундай жол, дейди Монтескье, ҳәкимиятлар бөлистириў принципин жәрия қылыў. Мине усы принцип жәрия қылынған мәмлекетте ғана еркинлик тәмийинлениўи мүмкин. Бунысыз деспотизм ҳүким сүреди.

Монтескьениң ҳәкимиятларды бөлистириў тәлийматы өз заманласлары арасында белгили болды. Бул тәлиймат XVIII әсир ақыры француз буржуазия революциясының конституцион ҳүжжетлеринде өз сәўлесин тапты. Мәселен, 1789 жылы «Инсан ҳәм гражданин ҳуқықларының Деклорациясы» нда былай делинген: «Ҳуқықлардан

пайдаланыў тәмийинленбеген ҳәм ҳәкимиятлардың бөлистирилиўи орнатылмаған жәмийет конституцияға ийе емес». Ҳәкимиятларды бөлистириў принципи 1787 жыл АҚШ конституциясында да өз сәўлесин тапты. Кейиншелик бул принцип барлық демократиялық мәмлекетлер, соның ишинде Өзбекстан Республикасы Конституциясында да өз сәўлесин тапты.

## Тәбийий ҳуқық теориясындағы тийкарғы еки бағдар ҳаққында Жан Жак Руссо, Вольтер ҳәм басқалар

XVIII әсирде тәбийий ҳуқық теориясында еки бағдар пайда болады. Олар жәмийетте жаманлық қандай пайда болған деген машқаланы шешиў менен бир-биринен парқ қылар еди. Биринши бағдар ўәкиллери Жан Жак Руссо (1702-1778) Жольен Офре де Ламетри (1709-1751) ҳәм басқалар пикирине көре, инсан әййемги ҳалында еркин ҳәм ғәрезсиз болған, бахытлы өмир кеширген, адамлар ортасындағы қатнасықлар әдил тәбийий нызамлар менен тәртипке салынған. Тәбият жаманлықтың жүзеге келиўине себеп болыўы мүмкин емес. Бул алғашқы жәмийеттиң бузылып кетиўине меншик мүлкшиликтиң пайда болыўы ҳәм нәтийжеде адамлардың бай ҳәм кәмбағалларға бөлинип кетиўи себеп болды. Руссоның пикиринше, мәмлекет ҳүкимранлықты беккемлеў, меншик мүлкти қорықлаў ушын пайда болған. Бул адамлар арасында теңсизликти жәнеде күшейтиреди. Әсиресе деспотиялық мәмлекетлерде инсан қулға айланған. Инсан еркин туўылған, бирақ ол барлық жерде кисенленген. Бул жағдайдан шығыўдың нызамлы жолы неден ибарат, деген сораўға Руссо өзиниң белгили «Жәмийетлик шәртнама» атлы шығармасында жуўап бериўге ҳәрекет қылады.

Руссоның пикиринше, нызам шығарыўда пүткил халық қатнасқанда ғана еркинлик тәмийинленеди. Мәмлекет демократиялық принциплерге әмел қылғанда ғана адам жоғалтқан тәбийий еркинлигиниң орнына сиясий еркинликке ийе болады. Ол ҳәкимиятқа бойсынады, бирақ дипотизмдеги қуллықтан азат болады. Ҳәммеге тийисли улыўмалық ериктиң қәте қылыўы мүмкин емес. Ол мудамы мәп ушын хызмет етеди, дейди Руссо. Нызам улыўмалық ериктиң тәрийпи болыўы керек. Егер бул шәрт мәмлекетте әмелге асырылса пуқаралар еркин болады, себеби олар өзлери қабыл қылған нызамларға бойсынады.

Руссо халық суверенитети тәрепдары. Оның пикиринше, суверенитет бөлинбес, жалғыз, өзгелестирилмейди, оған тек халық ийелик қылады. Жәмийетлик шәртнаманың тийкарғы талабы усында. Мәмлекет ҳәкимияты усы талапқа сай ҳалда дүзилиўи керек. Бунда инсан тәбийий ҳуқықларының белгили бөлими сақланады, дейди Руссо.

Тәбийий ҳуқық теориясындағы екинши бағдар ўәкиллери Франсуа –Мари Вольтер (1694-1778) Клод-Анри Гельвеций (1725-1771). Вольтердиң пикиринше, еркинликке умтылыў адамның тәбийий инстинкти. Бул инстинкт оның жан сақлаўы ҳәм жасаўы ушын зәрүр жәмийетти жаратыўға шақырады. Жәмийет инсанның жетилисип барыўына имкан береди. Вольтер көз-қарасына көре, тәбийий нызамлар бул ақыл нызамлары, инсаниятқа тәбият инам еткен нызамлар. Инсан еркинликте жасаўды қәлейди, соған умтылады. Еркинлик бул пикир еркинлиги, баспа сөз, ҳүждан еркинлиги, өз басымшалыққа жол қоймаслық. «Еркинлик тек нызамларға қараслы болыўдан ибарат»,-дейди Вольтер. Ол саўатлы абсолютизм тәрепдары еди.

Гельвеций тәбийий ҳуқық теориясына «жәмийетлик мәп» түсинигин киритти. Кейиншелик бул түсиник жақсы ҳуқық жаратыўдың тийкарғы белгиси ҳәм принципине айланып қалды. Улыўмалық мәп адамлар ҳәрекетлерин баҳалаў тәрепине айланды. Алғашқы тәртипсизлик жағдайында, дейди Гельвеций, жақсылық не, жаманлық не екенлигин ажыратыў мүмкин емес еди, адамлар ҳәр бири өзиниң жеке мақсетлерин гөзлер еди. Оның орнына келген жәмийеттиң жаңа жағдайында улыўмалық мәп жүзеге келеди. Улыўмалық мәп адамлар ҳәрекетлериниң жәмийет ушын пайдалы, зыянлы ямаса парқсызлығына қарап адамгершилик жарамас ямаса рухсат етилген ҳәрекетлер деп баҳалаў имканын берди. Мәп инсан қатты-ҳәрекетлериниң өсиўи болып қалды. Меншик ҳәм жәмийетлик мәп қатнасықлары ҳуқықый қатнасық болып қалды. Гельвеций пикиринше, халық елеслеўлериндеги алғашқы жабайылықты нызам шығарыў жолы менен өзгертириў мүмкин. «Минез-қулықлар» реформасын нызамлар реформасынан баслаў керек». Адамлардың жаман қылмыслары нызамлардың беккем болмаслығының ақыбети, дейди ол. XVII-XVIII әсирлер Германияда тәбийий ҳуқық мектебиниң ири белгили адамларынан Пуфендорф, Томазий, Лейбниц, Вольф сыяқлы ойшыллар дөретиўшилик етти.

**Тема бойынша сораўлар :**

1.Ш.Л.Монтескьениң мәмлекет ҳаққындағы көз қарасы.

2.Монтескьениң сиясий-ҳуқуқый тәлийматының бүгинги күндеги үйренилгенлик дәрежеси қандай?

3.Вольтердиң сиясий ҳуқықый көз қарасы.

4.Ж.Ж.Руссоның сиясий ҳуқықый көз қарасы

**Әдебиятлар**

1. Каримов И.А. Хавфсизлик ва барқарор тараққиёт йўлида. 6-том. — Т., «Ўзбекистон», 1998.

2. Каримов И. Озод ва обод Ватан, эркин ва фаровон ҳаёт - пировард мақсадимиз. Т.: Ўзбекистон. 2000. - 109 б.

3. Каримов.И. Бизнинг бош мақсадимиз – жамиятни демократлаштириш ва янгилаш мамлакатни модернизация ва ислоҳ этишдир-Т.:Ўзбекистон, 2005.
4. Каримов И.А. Ўзбекистон мустақилликка эришиши останасида. –Т.: Ўзбекистон, 2011.
5. История политических и правовых знаний. Под общей редакцией Нерсесянца В.С.- Москва, изд. "Норма-Инфра", 1999. - 736 с.
6. Аль-Фараби. Историко-философские трактаты. Алма-Ата: Наука, 1975.
7. Нерсесянц В.С. Сократ. - Москва, "Наука", 1977.150 с.
8. Ҳ.Б.Бобоев ва бошқалар. Сиёсий ва ҳуқуқий таълимотлар тарихи. Дарслик.2002.
9. Никколо Макиавелли. Государь. Пер. с ит. – М.: Планета, 1990. 84 с.
10. История политических и правовўх учений. Учебник для вузов. Изд. 2-е стереотип. Под обший ред. члена-корреспондента РАН, доктора юридических наук, профессора В.С.Нерсесянца. – М.: норма-инфра М, 1999.-736с.
11. История политических и правовўх учений. Хрестоматия. - М., 2000.
12. Ф.Муҳиддинова. Сиёсий ва ҳуқуқий таълимотлар. ТДЮИ.2002.
13. Холов.Б. Монтескье сиёсий-ҳуқуқий таълимотида ҳокимият бўлиниши тамойили.МИ.
14. Ф.Муҳиддинова. Сиёсий ва ҳуқуқий таълимотлар. Маърузалар матни. 2005.
15. Бобоев Х.Б. Кутыбаева Е.Д. Утемуратов М. Танирбергенов С.Б. Сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар тарийхы. Т. ТМЮИ. 2009

**АҚШтың ғәрезсизлик ушын гүрес дәўириниң сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлары**

**РЕЖЕ**

1. Ғәрезсизлик ушын гүрес дәўиринде АҚШ тағы сиясий ҳуқықый тәлийматлардың тийкарғы ағымлары.
2. Томас Жефферсон, Томас Пейн, Александр Гамильтонлардың сиясий ҳәм ҳукуқий идеологиясы

XVIII әсирдиң екинши ярымында Америка Қурама Штатларының ғәрезсизлик ушын гүреси кескинлести.

Бул 1775-1783 жыллар урысында айқын белгили болды. Метропология зулымына қарсы ҳәрекетлер демократиялық идеялардың раўажланыўына, тәбийий ҳуқық теорияларынын тарқатылыўына үлкен түртки берди.

Ғәрезсизлик ушын гүрес дәўириниң сиясий ҳәм ҳуқықый пикиринде 1776 жылда қылынған Америка Қурама Штатларының ғәрезсизлик деклорациясы айрықша әҳмийетке ийе болды. Онда барлық адамлар жасаў, еркинликке, мүлкке ийе болыў ҳәм қәўип-қәтерсиз турмыс кешириў тәбийий ҳуқықларына ийе, халық ҳәкмият тийкарлары, суверенитет халыққа тийисли, ҳүкимет халық хызметкери, барлық мәмлекет басқарыўлары халық мәплери ушын хызмет қылады, ҳәкимият бөлиниў принципин жәрия етиў сыяқлы идеялар тәрийпин тапты. Бул ҳүжжеттиң тарийхый әҳмийети сонда, онда сиясий тәлийматлардың тийкарғы идеялары, әсиресе халық суверенитети идеясы мәмлекеттиң әмелий принциплери сыпатында биринши болып дағазаланды.

Ғәрезсизлик декларациясының тийкарғы идеяларын ислеп шығыў ҳәм оларды сиясий тәжирийбеге қолланыўда Америка Қурама Штатлары демократлары Т.Джефферсон, Т.Пейн үлкен роль ойнады.

**Томас Джефферсонның сиясий ҳәм ҳуқықый көз-қараслары**

Томас Джефферсон (1743-1826) атақлы ойшыл ҳәм сиясий искер, Америка Қурама Штатлары ғәрезсизлиги Декларациясының авторы.

Джефферсон жәмийетлик шәртнама ҳәм инсан тәбийий ҳуқық теориясына тийкарланып монархия мәмлекет дүзимин сын астына алды ҳәм халық суверенитети идеясын тийкарлап шықты. Оның пикиринше, король ҳәкимияты халық ҳәкимиятынан пайда болған, оған байланыслы. Мәмлекет ҳәкимиятын дүзиў ҳәм оны бақлаўда ҳәмме қатнасыў ҳуқықына ийе, ҳеш ким бул ҳуқықтан айырылыўы мүмкин емес.

Егер ҳәкимият халық ҳуқықларын аяқ асты қылатуғын болса, халық бундай ҳәкимиятты алмастырыў ҳуқықына ийе. Теңлик, еркинликти халықтан тартып алыўға ҳеш

кимниң ҳақы жоқ, булардың бәри өзге қылынбайтуғын тәбийий ҳуқық. «Дүньяда инсан ҳуқықларынан басқа барлық нәрсе өзгереди», дейди Джефферсон. Оның пикиринше, тәбийий ҳуқықлар мәмлекет шығарған нызамлардан үстин. Олар ортасында пайда болатуғын қарама-қарсылықлар ҳәр дайым тәбийий ҳуқық пайдасына шешилиўи керек. Мәмлекет тәбийий ҳуқықларды тәмийинлеў ушын жаратылған.

Джефферсон сиясий тәлийматының тийкарғы машқаласы шахс ҳуқықлары ҳәм ҳәкимиятты демократиялық усылда дүзиў машқаласы.

Шахс ҳуқықларының ҳүкимет ҳуқықларына салыстырма үстине қойыў арқалы Джефферсон шахсты ҳәкимият өзбасымшалығынан қорғамақшы болады. Джеферсонның сиясий идеялы мәмлекетти халық сайлаған ўәкиллер арқалы басқарыў ҳәм гүзетиў имканын бериўши демократиялық республика еди. Барлық ҳәмелдар шахслар мәлим бир мүддетке сайланыўы ҳәм халық гүзетиўи астында болыўы шәрт, дейди Джефферсон, ҳәм усы көз-қарастан Монтескьениң монархия ҳаққындағы пикирлерин сын астына алады. Джефферсон басламасы менен 1787 жылда қабыл етилген АҚШ конституциясына он қосымша киритилиўи зәрүр деп табылды. Бул қосымшалар сөз еркинлиги, баспа сөз еркинлиги сыяқлы демократиялық ҳуқық ҳәм еркинликлерди өз ишине алған еди.

Бул қосымшалардың барлығы 1791 жыл күшке кирген АҚШ Конституциясында өз сәўлесин тапты.

**Томас Пейнниң сиясий ҳәм ҳуқықый көз-караслары**

АҚШ ғәрезсизлиги ушын гүрести теориялық тийкарлап шыққан сиясий ойшыллардың және бири Томас Пейн еди (1727-1809). Ол англичан король ҳәкимиятын АҚШ халқына алып барған колонизоторшылық сиясатын тәбийий ҳуқық көз-қарасынан сынға алады, оған қарсы азатлық гүресиниң зәрүрлигин тийкарлайды. Оның пикиринше, ғәрезсизлик ушын гүрес ҳәр бир халықтың алмастырып болмайтуғын тәбийий ҳуқықы Пейн инсан ерки ҳәм ҳуқықларын тәмийинлеў мәселелерин үлкен әҳмийет берди. «Барлық адамлар түп-нәсили менен бир, демек олардың ҳәммеси тең туўылады ҳәм тең тәбийий ҳуқықларға ийе. Пейн сөз еркинлиги, баспа сөз, ҳуждан еркинлиги, теңлик, тыныш өмир ҳәм бахытқа ерисиў сыяқлы ҳуқықларды тәбийий туўма ҳуқықлар деп биледи. Тәбийий ҳуқық тийкарында Пуқаралық ҳуқық пайда болады. Бул ҳуқық адамлардың тәбийий ҳуқықларына қарама-қарсы болмаўы керек. Пейнниң айтыўынша, тәбийий ҳуқық тийкарында пайда болған ҳәкимият ҳеш инсан жеке шахс қолында ҳәм инсан тәбийий ҳуқықларына қарама-қарсы болмайды. Усыннан келип шыққан ҳалда, Пейн халық суверенитети идеясын тийкарлайды. Ҳәкимият тийкары халықтың өзи. Нызам шығарыўшы ҳәкимияттың халық тәрепинен дүзиў халықтың бийгәналастырылып болмайтуғын тәбийий ҳуқықы. Пейн жәмийет ҳәм мәмлекет бир емеслигин, олардың

ортасындағы парқ ҳаққында өз пикирин баян етеди. «Жәмийет бизиң мүтәжликлеримиз себепли пайда болады, ҳүкимет болса бизиң кемшиликлеримиз себепли», дейди Пейн. Мәмлекет ҳәм жәмийет келиў шығыў көзқарасынан емес, ўазыйпалары тәрепинен де бир-биринен парықланады. Егер адамлар кемшиликлерге ийе болмай өз-ара қатнасықларды әдиллик тийкарында қурғанларында еди, ҳүкиметлерге зәрүрлик қалмас еди. Ҳүкиметтиң тийкарғы мақсети қәўипсизлик ҳәм еркинликти тәмийинлеў. Соның ушын мәмлекетти басқарыўдың ең жақсы түри халықтың қәўипсизлигин оның ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўши демократиялық республика. Джефферсон, Пейн, Линкольнлардың демократиялық дәстүрлери АҚШ та прогрессия сиясий ҳәм ҳуқықый пикирдиң раўажланыўына үлкен тәсир көрсетти.

**Әдебиятлар**


1. Каримов И. Озод ва обод Ватан, эркин ва фаровон ҳаёт - пировард мақсадимиз. Т.: Ўзбекистон. 2000. - 109 б.
2. .Каримов.И. Бизнинг бош мақсадимиз – жамиятни демократлаштириш ва янгилаш мамлакатни модернизация ва ислоҳ этишдир-Т.:Ўзбекистон, 2005.
3. Каримов.И. Империя даврида бизни иккинчи даражали одамлар деб, ҳисоблашар эди. -Т.:Ўзбекистон, 2005.
4. История политических и правовўх учений. Хрестоматия.
5. С.Жўраев. С.Рустамбоев ва бошқалар. АҚШ. 2003.
6. Жан Жак Руссо. Трактаты. М. 1969.
7. Ш.Л.Монтескье. Избраннўе произедения. М.1955.
8. Философский энциклопедический словарь. – М.:ИНФРА-М, 2001.-576 с.
9. И Рассел Б. История западной философии. – М.:“Академический проект”, 2000. - 765
10. История политических и правовых учений. Учебник для вузов. Изд. 2-е стереотип. Под обҳий ред. члена-корреспондента РАН, доктора юридических наук, профессора В.С.Нерсесянца. – М.: НОРМА-ИНФРА М, 1999.-736с.
11. Философия. Конспект лекций. - М.: “Приор” , 2001. - 224 с.
12. Ҳ.Б.Бобоев ва бошқалар. Сиёсий ва ҳуқуқий таълимотлар тарихи. Дарслик. 2002.
13. Ф.Муҳиддинова. Сиёсий ва ҳуқуқий таълимотлар тарихи. Маърузалар матни. 2005.
14. Х.Турсунов. АҚШ президентлари. БМИ. 2004.

## XVIII әсир ақыры – XIX әсир басларында Германиядағы сиясий-ҳуқуқый тәлийматлар

**РЕЖЕ**

1. Улыўма сыпатлама
2. Иммануил Канттың ҳуқықый көз-қараслары
3. Георг Вильгельм Фридрих Гегельдиң ҳуқықый көз-қараслары

**Улыўма сыпатлама.** XVI-XVIII әсирлерде Батыс Европа мәмлекетлеринде капиталистлик қатнасықлар жәнe де раўажланды. Санаат ҳәм саўда буржуазиясы бир қанша күшейип барды ҳәм ғәрезсиз талаплар менен майданға шыға баслады. Ол өзиниң исбилерменлик басламасына ғаў болған барлық тосқынлықларды алып таслаўды қәледи ҳәм талап қылды. Бул тилек ҳәм талаплар тәбийий ҳуқық идеяларына тийкарланған сиясий тәлийматларда тәрипин тапты. Бул тәлийматларда феодал тәртиплериниң инсан тәбийий ҳуқықларына қарама-қарсы екенлигине тийкарланған. Тәбийий ҳуқық идеясы Орта әсирлер сиясий тәлийматларында да қолланылғанын көрдик. Бирақ онда тәбийий ҳуқық иләҳий нызамның бир көриниси сыпатында тәрийипленеди. XVII-XVIII әсир тәбийий ҳуқық тәлийматларының диний елеслеўлерден азат етиў, феодал артықмашылығын тамамлаў ҳәм жаңа буржуа мәмлекетшилигин жаратыўға қаратылған умтылыўларды тәрийиплейди.

Бул тәлийматларда ҳәзирги заман елеслеўлериниң айырым элементлери, ҳуқықый тийкарда қурылған әдил жәмийет ҳаққындағы арзыў-тилеклерин ушыратыў мүмкин.

XVIII-XIX әсирлерге келип ҳуқық тийкарларын ақырына дейин түсиндирип бериўге даўагер айрықша тәбийий ҳуқық концепциясы пайда болады. Бул тәлийматлар өзиниң фундаменталлығы, теориялық жақтан тереңлиги менен өтмиш тәбийий ҳуқық тәлийматларынан айырылып турады. XVI-XVII әсирлерде Батыс Европада ғәрезсиз мәмлекетлер жүзеге келиўи нәтийжесинде олардың ортасындағы өз-ара мүнәсебетлер ҳуқықый шешимин табыў мәселеси де пайда болды.

### Иммануил Канттың ҳуқықый көз-қараслары

Тәбийий ҳуқық тәлийматын жетик дизимге салған ойшыллардан бири уллы немец философы Иммануил Кант еди. (1724-1804). Кант өзиниң «Сап ақылға сын» («Соф ақлни танқид») «Әмелий ақылға сын», ( «Амалий ақлни танқид»), «Сәўбетлесиў мүмкиншилигине сын», («Мулоҳаза лаёқатини танқид») шығармалары менен философия

тарийхында терең из қалдырған. Оның сисяий көз-қараслары «Әдеп-икрамлылық метафизикасы тийкарлары», «Боқий Дуне сари» шығармаларында сәўлеленген.

Кант пикиринше «тәбияттың уллы мақсети –инсанда әмелге асқан тәбият имканиятларының ҳәммесин раўажландырыўдан ибарат». Инсанияттың бул мақсетке ғәрезсиз ерисиўиниң тийкарғы шәрти- әдил Пуқаралық жәмийет қурыўдан ибарат.

Кант теориясының басланғыш точкасы индивид. Индивидтиң өз-өзинен қәдир-қымбаты ийелиги ҳаққындағы идея оның сиясий тәлийматының тийкарғы идеясы. Индивид әдеп-икрамлылық нызамлар жаратыў ҳәм бул нызамларға сай тәризде ҳәрекет етиў қәбилетине ийе. Бул ҳал ҳәмمениң принципиал жақтан теңлигин билдиреди. Ҳуқық ҳәм сиясий институтлар мине усы ерик ҳәм теңликти қорғаўға хызмет етиўлери керек. Кант ушын индивид ҳуқықларын аяқ асты етиў ҳәр ўақыт жаманлық болып табылады. Әдеп-икрамлылық жағдайында жасаў ушын индивидке зәрүр болған ҳуқықлар басқарыўдың конституцион түрин, қуллық ҳәм теңсизликти бийкар етиўди, сондай-ақ урысларды болдырмаўды талап етеди. Мине усындай шәраятта ғана ҳәр бир адам өзине-өзи ийелик етиўи, өзлигин аңлаўы мүмкин. Кант өзиниң тәлийматын жаратыўда әдеп-икрамлылық барлық екенлигинен келип шығады. Оның пикиринше, ҳәр бир инсан өз әдеп-икрамлылық нызамының дөретиўшиси. Ҳәр бир индивид әдеп-икрамлылық жағынан ғәрезсиз. Адамларда әдеп-икрамлылық нызамларын белгилеў ерки бар ҳәм олар солай қылыў ушын жетерли ақылға ийе. Еркин ҳәм аўызбиршиликли шахслар тек өзлерине ғана мақул нызамларды орната алмаслықларын түсинеди, себеби олар өзлеринен басқа тең ҳуқық индивидлер де барлығын, оларға зат ямаса нәрсе сыпатында қараў жарамаслығын билдиреди. Инсан өзине де басқаларға да еркин, дос, өз мақсетлерине умтылыўшы адамлар сыпатында қараўы керек. Сонда ғана олар өзиниң де басқалардың да еркине зыян жеткизбейтуғын ҳәрекетлер ғана жақсылық екенлигин, индивид ҳуқықлары аяқ асты қылыў жаманлық екенлигин аңлайды.

Ақыбет- нәтийжеде Канттың төмендеги қатаң императивине дус келемиз. Оның талабы: «Сен өз сүлдериң ямаса басқа адам сүлдериндеги инсаниятқа арзыў, мақсет сыпатында қатнасықта бол, ҳеш қашан оған зат сыпатында қарама ҳәм өзиңниң де басқалардың да еркине зыян жеткизбе. Қатаң императивтиң бул талапларына бойсыныў ушын индивидлер «әмелий ақыл талапларына еркин қулақ салыў имканиятына ийе болыўлары керек. Усы көз-қарастан ол абсолютизмди бийкар қылады ҳәм мәмлекет басқарыўының демократиялық формаларын тийкарлайды.

Кант өзиниң ҳуқық философиясында адамлардың бирге жасаўын тәмийинлеўши улыўмалық белгисин излейди. Мине усы өлшем бар ҳуқықый дүзим ҳәм басқарыў формаларын баҳалаў имканын береди. Мәмлекеттиң пуқаралар еркине нызам шеграсында

араласыўының шегарасы қай жерде? Инсанның тәбийий еркинликлерин тәртипке салыў ҳәм оны ажыралмас ҳуқықларға араласыў улыўма нызамлыма? Канттың ҳуқықый философиясы мине усындай сораўларға жуўап бериўге ҳәрекет етеди.

Канттың пикиринше, пуқаралар өзлериниң мақсетлерин өзлери әмелге асырыў ушын нызамлы ҳуқыққа ийе. Не бахыт келтириўин олардың өзлери таңлайды. Бирақ бизиң мақсет ҳәм жобаларымыз ҳәр ўақыт та рационал емес. Олар бир-бирлери менен қарсыласыўлары мүмкин. Бир индивид қатты- ҳәрекетлериндеги еркинлик басқа бириниң ҳәрекет еркинлигине қәўип туўдырыўы мүмкин.

Басқа адамлардың еркине кесирин тийгизбестен, ең көп еркинликти қандай тәмийинлеў мүмкин? –деген мәселе Кант ушын әҳмийетли машқала еди. Кант ҳәм еркин, ҳәм биргеликте жасаўды кепиллик бериўи мүмкин болған универсал юридик бағдарды табыўға урынады. «Ҳуқық бул ерктиң улыўма нызамы көз-қарасынан бир адамның ықтыярын басқа адам ықтыяры менен сай келиўин тәмийинлеўши шәраятлар жыйындысы». Басқаша айтқанда, ҳуқық бир адамның еркин таңлаўын басқа адамлардың еркин таңлаўы менен сай келиўи ушын шәраят жаратыўшы қурал.

Канттың пикири, улыўма бағдарға көре шахстың шекленбеген ҳәрекет еркинлиги басқалардың тап усындай еркинлиги менен сай келетуғын дәрежеге дейин шеклениўи кереклигинен ибарат. Әмелдеги нызам да тап усы тәризде ҳәр бир адамның ҳәрекет еркинлигин шеклейди. Ҳәр түрли мақсетлерге ийе болған адамлардың тыныш-татыў жасаў шәрти мине усыдан ибарат. Ериктиң усылай шеклениўи еркинликлерди көбирек тәмийинлейди, ең әўеле, қарама-қарсылықларды әдил тәризде тәртипке салыў имканын жаратады.

Нызамлардың улыўма әҳмийетлилигиниң өлшемин Кант пуқаралардың өзлери киритken нызамлар менен байланыстырады. Әмелде нызам шығарыўшылар усындай нызамлар қабыл қылыўға ҳәрекет қылыўлары керек, оны барлық пуқаралар қоллап-қуўатласын. Нызамлар легитимлигиниң бас өлшеми әне усында. Усы өлшемге сай келген нызамлар ғана пуқаралар арасындағы қатнасықларды тәртипке салыў ушын жарамлы. Кант әмелдарларының артықмашылығы, крепостнойлық, деспотизм ҳәм дене жазалары сыяқлы ҳәдийселерди усы көз-қарастан қаралайды. Оның айтыўынша бундай институт ҳәм ҳәрекетлер ҳуқықтың универсал бағдарларына қарама-қарсы. Кант либерализм руўхындағы демократиялық реформалар идеясының жарқын тәрийиплениўшиси еди. Кант инсан ҳуқықлары мәселесин улыўма бағдар сыпатында қойған ең биринши сиясий ойшыллардан есапланады. Ҳәр бир инсан, дейди Кант, туўма ҳәм тәбийий ҳуқықларға ийе. Бул ҳуқықлар ҳуқықтың рационал түсиншесине сай келеди. Улыўма нызамға көре, ҳәр бир адам басқа ҳәр қандай адамның ҳәрекет еркинлигине ийе. Инсан ҳуқықларына

ҳақыйқат кепиллик бериў ушын басқа адамлардағы еркинликлерин аяқ асты қылып атырған шахс ҳәм институтлар искерлигине базы да араласып турыўға туўры келеди. Демек, инсан ҳуқықлары бузылған ҳалларда мәмлекет араласыў ушын нызамлы ҳуқыққа ийе.

Кант халық-аралық қатнасықлардағы келиспеўшиликлер, қарама-қарсылықлар, нызамбузаршылық сыяқлы жағдайларды инсанларға жараспайтуғын ҳәм ақылсыз ҳәрекет деп баҳалайды. Оның пикирине көре қарама-карсылықларды тәртипке салыў ушын төмендеги әдиллик бағдарларына әмел қылыў лазым: «қай бир ғәрезсиз мәмлекет басқа мәмлекет тәрепинен мийрас тәризинде де, алмасыў, саўда, саўға жолы менен де өзлестирилиўи мүмкин емес».

Кант нызамлар халықтын еркин тәрийиплеўи керек деп шыққан болса да, ол барлық пуқаралар ушын тең сайлаў ҳуқықын бериў тәрепдары емес еди. Қатын-қызлар, материаллық жәмийетлик жақтан «ғәрезсиз» болмаған (ўақтынша исшилер, хызметшилер ҳәм басқалар) ды Кант бундай ҳуқық берилмеген деп есаплайды. Кант ағартыўшылық перзенти еди. Ол шахстың билими ҳәм ғәрезсизлиги ушын гүреседи. Кант ушын билимлендириў индивид ақылының улыўмалық қолланылыўы. Адамлар өзгелер менен биргеликте пикир жүритер екен, билимли ҳәм ғәрезсиз болып барады. Тартысыў жүритип атырған жеке шахслардың бундай бирлесиўине тек ақыллы адамлар ғана ағза болыўы мүмкин. Кант көз-қарасында, биргеликте талқылаў жүритиў мүлкке ийе болған еркин пуқараларға тән. Ис ҳақын алып атырғанлар болса, жәмийеттиң толық ҳуқықлы ағзалары бола алмайды. Бирақ, қатты мийнет ҳәм әўмет арқалы келешекте олар да жәмийет ағзалары болыўы мүмкин. Кант пикирине көре, материаллық жақтан ғәрезсиз болған пуқаралар ғана мәдений, китап сүйер ҳәм бәсеки жүиритиўши көпшиликти дүзе алады. Олар ғана ақылдан улыўма пайдаланыўы мүмкин.

Солай етип, ақылға ийе индивидлер қатнасығындағы еркин бәсекилер ҳақыйқаттын әсте-әсте айқынласыўына жәрдем береди. Тарийх усы тәризде пайда болып атырған машқалаларды ашық қылыў ҳәм өз-ара еркин пикир алмасыў имканиятын беретуғын билимли биргеликли жәмийет қурыў арқалы ҳақыйқатқа жақынласыў мәселесин шешеди. Кант сиясат ҳәм рационаллықты бирлестирмекши болды. Бир тәрептен, рационаллық жарыққа шығыўы ушын белгили сиясий шәрт-шәраят талап қылынады. Екинши тәрептен болса, рационаллық билимли сиясат жүритиўдиң әҳмийетли шәрти.

**Георг Вильгельм Фридрих Гегельдиң ҳуқықый көз-қараслары**

Немец философы Георг Вильгельм Фридрих Гегель (1770-1831) ҳуқық тәлийматына үлкен үлес қосты. Оның «Руҳ фенаменологиясы», «Логика илими», «Ҳуқық

философиясы» сыяқлы шығармалары философия ҳәм ҳуқықый тәлийматлар тарийхында айрықша орын ийелейди.

Гегельдиң ҳуқық философиясына көре инсан тәбийий жағдайда тәбиятқа пүткиллей қараслы болған. Бул жағдайда зорлық, жаўызлық мәдениятсызлық ҳүким сүреди. Инсанияттың бул жағдайдан шығарыўшы жалғыз қуралы пуқаралар жәмийетиниң дүзилиўинен ибарат. Тек Пуқаралық жәмийет ҳәр бир адам еркинлигин тәмийинлеўге қурбы жететуғын ҳуқықтың пайда болыўына шәраят жаратады.

Пуқаралық жәмийетте ҳуқық адамлар еркинлигин шеклеўге қаратылған қатты-ҳәрекетлерге шыдам береди, шахс өмири, саўлығы, мүлки, ар-намыс ҳәм қәдир-қымбатын қорғаў ушын хызмет етеди. Гегельдиң ҳуқық тәлийматаның орайлық түсиншесин еркинлик түсиншеси дүзеди. Еркинлик инсанның тийкарғы сыпаты.

Еркинлик ерк еркинлигинде, өмир искерлигиндеги түрли- түрли еркли ҳәрекетлерде белгили болады. Бул еркинликлер ортасында гражданлық еркинликлер, сөз еркинлиги сиясий ҳәм ҳүждан еркинликлери айрықша әҳмийетке ийе болады. Еркли ҳәрекет ҳәм ўақыт түрли себеп, тилек ҳәм нийетлер менен байланыслы. Бирақ буннан инсан ҳәрекети толық сыртқы себеплер менен белгиленеди, деген жуўмақ шықпайды. Еркинлик ийеси инсан сыртқы себеплер тәсирине қарсылық көрсетпеген ҳалда ҳәр ўақыт актив. Оның ҳәрекетлери ҳәмме ўақыт оның өзине байланыслы.

Нызамлар дейди Гегель улыўма еркти тәрийиплейди ҳәм ҳәмме ушын теңдей. Ҳәр бир индивид улыўмалық еркке бойсынады. Оның ҳәрекетин ҳәмме ҳуқық нормаларына сай деп баҳалайды, себеби оның ҳәрекетинде ҳәмме өзиниң жеке ерки белгили болғандай сезеди. Ҳәр бир адам өзиниң индивидуаллығы арқалы тәрийпленген улыўмалық еркти өзинде жәмлестиреди. Мине усы улыўмалық ерк ҳуқықты әмелге асырыў, улыўма нызамларды конкрет индивидке жеткизиў имканиятын жаратады.

Әпиўайы сана ушын еркинлик өзбасымшалыққа усаған бир нәрсе болып түйиледи. Бирақ өз басымшалық салыстырма еркинлик. Мазмуны жақтан ол ҳәрекет предметине байланыслы, яғный ол усы ҳәрекет предмети менен шекленген. «Абсалют еркин ерк салыстырма еркten, ямаса өзбасымшалықтан усы менен парқланады» абсалют еркtiң предмети еркtiң өзи салыстырма еркин еркtiң предмети шекленген бир нәрсе. Салыстырма еркти, мәселен нәпси тек предметти өзи қызықтырады». Ҳуқық өз басымшалық жарамас тилек ҳәм нийетлерин шеклеў ушын хызмет етеди. Ол еркин еркtiң ҳақыйқый әмелге асырыў қуралы ҳәм шәрти. Ҳуқықты инсан тәбийий ҳәм зәрүрий бөлимлери қызықтырмайды. Ҳуқық инсанның индивидуал тилеклерин тәмийинлейди, себеби индивидтиң ең жақсы тилеклери нызамсыз ҳәрекетлерге, яғный басқа адамлар еркинликлерин шеклеўге алып келиўи мүмкин. Ҳуқық нормалары жынаятшыға

салыстырмалы әдиллигин ол түсиндиме ямаса түсине алмадыма ҳуқық ушын әҳмийети жоқ. Ҳуқықты бул мәселе қызықтырмайды. Ҳуқық улыўма ерк келбети. Буны пуқаралар биледиме, билмейдиме? Ямаса ҳуқыққа бойсыныў себеплери қорқыўданба ямаса сыйлық алыў үмитинен бе, ҳуқық өз жолында раўажлана береди.

Гегель пикиринше, ҳуқық бул адамлардың бир-бирине болған қатнасығы. Адамның еркинлик шегарасын шеклеўши ҳәр қандай ҳәрекет қарама-қарсы ҳәрекет. Ҳуқықый қатнасық адамның шахс сыпатында тән алыўды талап етеди.

Гегель пикиринше, ҳуқықый қатнасықлар мәмлекет тәрепинен әмелге асырылады. Мәмлекет ҳуқықый қатнасықлар арқалы жәмийетти бирлестиреди, минез-қулық билими, пикир ҳәм ҳәрекетлер тәризин бирлестириўге көмеклеседи. Соның ушын ҳуқық тараўында бөлек ҳәр бир адамның ерки жатыўы керек. Мине усы еркти тәмийинлеў бир ўақыттың өзинде, мениң жеке еркимди тәмийинлеў демек. Конкрет шахс ҳуқықларын бузыў ҳәмениң қәдир-қымбатын кемситеди. Улыўмалық еркти өзинде белгилеўши шахсларды бир-биринен индивидуал парқ етиўге қарамай, ҳуқықта көрсетилген улыўмалық ерк ҳәмениң байлығы.

Ҳуқық көз-қарасынан басқа адамлардың ерклерин шеклемейтуғын ҳәрекетке рухсат бериледи. «Туўрысын айтқанда ҳуқық тек қадаған етеди, буйрық бермейди, нелер қадаған етилмеген болса, демек оған рухсат»,-дейди Гегель. Гегельдиң ҳуқық теориясы ҳуқық раўажланыўына жаңа тәреплерди киритти. Гегельге дейин болған тәбийий ҳуқық теориялары адамлар өз характерине көре тәбийий ҳуқықларға ийе, буннан тысқары жәмийетте тәбийий ҳуқықтан парқ қылатуғын, унамлы ҳуқық та бар. Бул ҳуқық көп тәреплери менен тәбийий ҳуқық бағдарларына туўры келмейди, тийкарында болса тәбийий ҳуқық мазмунына сай келиўи керек, деген идеяны тийкарлаўға урынған еди. Пүтин билимлендириў тараўын раўажландырыў дәўири шахстың тәбийий ҳуқық нормаларын тиклеў ушын гүрес пенен байланыслы болды. Гегель бул еки түрдеги ҳуқықты бир-бирине қарама-қарсы қоймайды. Оның айтыўынша Пуқаралық жәмийети себепли жеке шахс еркин тәмийинлеўи қаратылған айрықша ҳуқықлар пайда болады тек. Гегель пикиринше, Пуқаралық жәмийети ҳәм мәмлекеттиң пайда болыўына тәбийий зәрүрият, тәбият нызамларының қатты тәсири менен бир ўақытта еркин ерк тәсири де себеп болды. Усы көз-қарастан Пуқаралық жәмийет ҳәм мәмлекет ҳуқық ҳәм әдеп-икрамлылыққа тийкарланған индивидуал халық руўхы, халықтың коллектив санасы. Халықтың улыўмалық еркин ҳуқық арқалы тәмийнлеген мәмлекет ғана әдил. Пуқаралардың мәмлекетке салыстырма қатнасы оның буйрық ҳәм талапларына көр-қорене бойсыныўда емес, оған болған исенимде ҳәм ақылана бойсыныўда белгили болады, дейди Гегель. Гегель өз заманындағы Прусс мәмлекетин қоллап-қуўатлайды.

Гегель тәрепинен әшкәра баян етилген идеал, бул конституциялық күшли ҳүкимет. Гегель ҳүкимдар өзиниң биймазалықлары тийкарында басқарыўы мүмкин, деген көз-қарасқа қатты қарсы шығады. Гегель нызам ҳәм ҳуқық тийкарында басқарылатуғын мәмлекет тәрепдары еди.

Гегельдиң сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматы келеси сиясий ҳәм ҳуқықый пикир тарийхына үлкен тәсир көрсетти. Гегель философиясы консерватив көз-қарасларға да, сынлы оппозицион көз-қарасларға да, өзлериниң концепцияларын тийкарлаўға кең имканият жаратар еди. Бул жағдай Гегель тәлийматының ҳәр түрли теориялық көз-қарастан талқыланыўлары бирден көзге тасланады.

**Әдебиятлар**


1. Каримов И.А. Хавфсизлик ва барқарор тараққиёт йўлида. 6-том. — Т., «Ўзбекистон», 1998.
2. Каримов И. Озод ва обод Ватан, эркин ва фаровон ҳаёт - пировард мақсадимиз. Т.: Ўзбекистон. 2000. - 109 б.
3. .Каримов.И. Бизнинг бош мақсадимиз – жамиятни демократлаштириш ва янгилаш мамлакатни модернизация ва ислоҳ этишдир-Т.:Ўзбекистон,2005.
4. Каримов.И. Империя даврида бизни иккинчи даражали одамлар деб, ҳисоблашар эди. - Т.:Ўзбекистон,2005.
5. История политических и правовых знаний. Под общей редакцией Нерсесянца В.С.- Москва, изд. “Норма-Инфра”, 1999. - 736 с.
6. Аль-Фараби. Историко-философские трактаты. Алма-Ата: Наука, 1975.
7. Нерсесянц В.С. Сократ. - Москва, “Наука”, 1977.150 с.
8. Ҳ.Б.Бобоев ва бошқалар. Сиёсий ва ҳуқуқий таълимотлар тарихи. Дарслик.2002.
9. Никколо Макиавелли. Государь. Пер. с ит. – М.: Планета, 1990. 84 с.
10. История политических и правовўх учений. Учебник для вузов. Изд. 2-е стереотип. Под обший ред. члена-корреспондента РАН, доктора юридических наук, профессора В.С.Нерсесянца. – М.: норма-инфра М, 1999.-736с.
11. История политических и правовўх учений. Хрестоматия. - М., 2000.
12. Ф.Муҳиддинова. Сиёсий ва ҳуқуқий таълимотлар. ТДЮИ.2002.
13. Холов.Б. Монтескье сиёсий-ҳуқуқий таълимотида ҳокимият бўлиниши тамойили.МИ.
14. Ф.Муҳиддинова. Сиёсий ва ҳуқуқий таълимотлар. Маърузалар матни. 2005.
15. Бобоев Х.Б. Кутыбаева Е.Д. Утемуратов М. Танирбергенов С.Б. Сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар тарийхы. Т. ТМЮИ. 2009

## XVII-XX аср либерализм теориясы эволюциясы.
## Россиядағы сиясий - ҳуқықый тәлийматлар

### РЕЖЕ

1. Либерализм сиясий ҳәм ҳуқықый идеяларының жүзеге келиўи ҳәм раўажланыўы
2. Бенжамен Констан, Иеремия Бентамның сиясий ҳәм ҳуқықый көз-қараслары
3. XX әсир либерализминииң өзине тән өзгешеликлери
4. Россиядағы сиясий - ҳуқықый тәлийматлар
5. Ағартыўшылық бағдары ўәкиллериниң сиясий ҳәм хуқықый көз-қараслары

**Либерализм сиясий ҳәм ҳуқықый идеяларының жүзеге келиўи ҳәм раўажланыўы.**

XVIII әсир ақыры XIX әсирдиң биринши ярымында Батыс Европада капитализм орнады ҳәм раўажланды. Санаатта жүз берген кескин өзгерислер мануфактура ислеп шығарыўын ири машина индустриясы менен алмасыў жағдайын тезлестирди. Бул жағдай eң алдын Англияда, кейин Франция ҳәм басқа Европа мәмлекетлеринде жүз берди. Ири санаат саўда, байланыс қуралларының раўажланыўы пүтин жәҳән базарының жүзеге келиўи ҳәм басқалар капитализмниң жәҳән жәмийетлик-экономикалық дүзимине айланыўы тәмийинленеди.

Мине усы өзгерислерге сай ҳалда сиясий ҳуқықый дүзим жүзеге келе баслады. XIX әсирдиң биринши ярымында инсан ҳуқықы ҳәм еркинликлериниң беккемлениўине тийкарлы конституциялар қабыл қылынды. Меншик ҳәм мәмлекет ҳуқықы байланысы дүзилди. Сиясий партиялардың ҳәрекети активлести. Конституционализм ҳәм сиясий еркин институтлары жүзеге келе баслады. Конститциялық монархия ҳәм республика түриндеги заманагөй толық еркли мәмлекетлер пайда бола баслады. Сиясий турмыста еркинлик ҳәм раўажланыўға, нызамшылыққа умтылыў күшейди. Батыс Европада орнатылған капиталистлик дүзим өзиниң идеологиясы либерализмде тәрипледи. Либерализмниң тийкарғы идеялары: ҳәр бир шахс қәдир-қымбат ҳәм ерк ийеси ҳәм өз ҳәрекетлери ушын жуўапкер; шахс еркинлигиниң зәрүр шәрти жеке мүлк; еркин базар, еркин жарыс ҳәм еркин исбилерменлик, тең имканиятлар; сиясий тараўда ҳәкимиятлар бөлиниўи, нызам теңлиги, ҳуқықый мәмлекет идеясы; шахстың тийкарғы ҳуқық ҳәм еркинликлерине кепиллик бериў; улыўма сайлаў ҳуқықы ҳәм басқалар.

Либерализм түрли жәмийетлик- тарийхый ҳәм миллий мәдений шәраятларда түрленди ҳәм раўажланды. Онда түрли бир-биринен парық қылатуғын қырлар, басқышлар ҳәм қарама-қарсылықлар барлығын көриў мүмкин. Түрли дәўирлерде ол ҳәр түрли

формаларда пайда болады. Бул жағдайды есапқа алсақ ҳәр түрли либерализм барлығы ҳаққында елес пайда болыўы мүмкин.

Бирақ либерализмниң түрлери көп болыўына қарамай оның тамырлары, тийкарғы идея, бағдар ҳәм идеаллары улыўма. Мине усы улыўмалық либерализмниң жәмийетлик-сиясий пикирлериниң айрықша түри сыпатында пайда болады. Либерализмниң тамырлары ояныў дәўирлери менен байланыслы. Оның басланыўында Ж.Локк, Ш.Л.Монтескье, И.Кант, Т.Джефферсон ҳәм басқалар турған еди. Либерализмниң жүзеге келиўине ағартыўшылық ҳәрекетиниң белгили ўакиллери, немис классик философиясы ўәкиллери де айрықша үлес қосты. Жоқарыда көргенимиздей олар өз көз-карaслары менен бир-биринен парық қылатуғын болсада, олардың ҳәммеси өз дәўириниң әҳмийетли жәмийетлик- экономикалық ҳәм сиясий машқалаларын шешиўде гөнерип қалған қәдирият ҳәм жақынласыўларды өз нәтийжелигин жоғалтқан жәмийетлик-сиясий ҳәм мәмлекет институтларын жаңадан қурыў зәрүрлигин сезип жеткен.

Мине усындай жақынласыў тийкарында классик либерализм мийраслы ҳәкимият түрлерин, қатламлық айрықшалықларды жоққа шығарды. Оның ўакиллери жеке индивидтин ерки ҳәм тәбийий қәбилетлерин биринши орынға қойды. Ҳәр бир адамның жасаў, еркинлик ҳәм жекке мүлкке ийе болыў ҳуқықлары идеясы тийкарында мине усы индивидуализм жатады. Сиясий ҳәм гаржданлық еркинликлер экономикалық еркинликтен шығарылды. Индивидуал еркинлик идеясының дөрелиўи ҳәм қарар табыўы мәмлекет ҳәм шахс қатнасықлары, мәмлекеттиң индивид servлерине араласыў шегаралары машқаласы анық ажыралып шыға баслады. Усы қағыйдалар тийкарында ҳуқықый ҳәм сиясий концепциялар жүзеге келди. Бул концепциялар ҳуқық ҳәр бир индивидтиң қәдир-қымбаты ҳәм еркинлигин қорғаўшы қурал сыпатында талқыланды.

Бул индивидуалистлик идеал исбилерменлик, мийнетсүйерлик, жаңалыққа умтылыў сыяқлы қәсийетлердиң дөретилиўине түтки берди. Капитализмниң өзгериўши дүзим сыпатында раўажланыўында мине усы қәдириятлар үлкен роль ойнады. Либерализмниң ўакиллери, инсанның экономикалық, физикалық ҳәм интеллектуал еркинлиги, мақсет ҳәм мәплерин әмелге асырыў жолында, тең имканият ҳәм ҳуқықларға ийе болыўы ушын гүрести. Либерализм инсан өмириниң жаңа ҳәрекетшең күшлерин ашты. Ол Европаға исбилерменлик ҳәм бизнес жолынан ҳәр қандай тосқынлықларды ылақтырып таслаўға үйретти. Еркинлик болмаған жерде исбилерменлик раўажланбаслығын көрсетти.

Либерализм жәмийетлик турмыстың барлық тараўларында плюрализм принципи жәрия қылыныўын талап қылды. Жәмийетлик тараўда түрли класс, қатлам ҳәм топарлар, мәпдар топарлар еркинлиги, мәдений тараўда ҳәр түрли миллий мәдениятлар, сиясий

тараўда- сиясий ҳәрекетлер, партия ҳәм уйым шөлкемлериниң еркинлиги. Либерализмниң шахс еркинлиги талапларынан ҳәр ким қәлегинин қылыў мүмкин деген жуўмақ шықпайды. Шахс еркинлиги идеясының ажыралмас екинши тәрепи шахстың жәмийет алдында жуўапкерлик идеясы. Либерализм ўәкиллери улыўмалық бахыт- шадлықты тәмийинлеўде мәмлекет  жақсы роль ойнаўы мүмкинлигин де бийкар қылмайды. Конституциялық, парламентаризм ҳәм ҳуқықый мәмлекет қәдирияты ҳәм принциплерин ислеп шығыўда либерализмниң роли үлкен болды.

Улыўма алғанда либерализм догматизм, схематизмге қарама-қарсы ойлаў тәризи. Онда өзгермес, бир түр норма ҳәм қағыйдалар жоқ. Либерализм шәраяттың өзгериўи менен өзгерип барды, оған ийкемлести. Ол өз ўазыйпасын өтеп болған жәийетлик-сиясий институт, норма ҳәм қәдириятларды қайта көрип шығыў. ҳәтте оларды өзгертириўден де қарықпады. Либерализм ўәкиллериниң көпшилиги классик мийрасты өзгериўшең шәраятқа ийкемлестириў менен болды.

**Бенжамен Констан, Иеремия Бентамның сиясий ҳәм ҳуқықый көз-қараслары**

Европа либерализминиң көзге көринген белгили ўакиллериниң бири, Франция либерализминиң сиясий дәстүрин ислеп шыққан ойшыл ҳәм сиясий искер Бенжамен Констан еди. (1748-1832). Ол өзиниң идеяларын «Конституция очерклери», «Сиясий принциплер», «Жаңа халықлар еркинликлерине салыстырмалы әййемги халықлар еркинлиги ҳаққында» ҳәм басқа шығармаларында тәрийипленеди.

Б.Констанның дыққат орайында шахс ҳәм мәмлекеттиң өз-ара қатнасығы машқаласы турады. Оның айтыўынша инсанға тән әҳмийетлери қәсийет еркинлик. пуқараның барлық ҳуқықлары еркинликтен келип шығады. Еркинлик инсан өмириниң тийкары. Пуқаралар ҳеш қандай жәмийетлик ҳәм сиясий ҳәкимиятқа байланыслы болмаған индивидуал ҳуқықларға ийе. Бул ҳуқықларды бузыўшы ҳәр қандай ҳәкимият нызамсыз.

Констанның пикиринше, еркинлик ҳәкимияттың халық қолында болғанлығында емес, шахстың мәмлекет ҳәкимиятына салыстырма ғәрезсиз болғанлығынан. Ҳәкимиятларды шеклеў, оларды билиў ҳәм турақлы тең салмақлылықты орнатыў талаплары усыдан келип шығады. Констан еки түрли еркинликти Пуқаралық (шахсый) ҳәм сиясий еркинликлерди ажыратады.

Әййемги халықлар еркинликлери сиясий еркинликтен ибарат еди. Яғный ҳәр бир пуқара мәмлекетти басқарыўда қатнасыў ҳуқықына ийе еди. Бул нызам шығарыў, әдил судлаўды әмелге асырыў, әмелдар шахсларды сайлаў, урыс ҳәм тынышлық мәселелерин шешиўде қатнасыў менен шекленер еди. Жаңа халықлар еркинлиги тийкарынан шахсий

Пуқаралық еркинлик еди. Бул шахстың мәлим дәрежеде мәмлекет ҳәкимиятынан ғәрезсиз болыўы еди.

Констан жеке еркинликти төмендегише тәрийиплейди: бул тийкарсыз қамаққа алыўдан қолқатылмаслық, өз пикирин еркин тәрийиплеў, өзи қәлеген өнер таңлаў, ҳәм оның менен еркин шуғылланыў, өз мүлкинен қәлегенинше пайдаланыў ҳәм оған ийелик етиў, қәлеген жеринде жасаў, қәлеген динине сыйыныў, мәжилис ҳәм жыйналыслар өткизиў ҳуқықларына ийе болыў. Ең ақырында Констан әмелдар шахслардың сайлаў арқалы ҳүкимет ислерине тәсир қылыў ҳуқықын да еркинлик қурамына киритеди. Констан индивид еркинлигин тәмийинлеў ҳәм мәмлекет ҳәкимиятын шеклеў қуралы сыпатында жәмийетлик пикири ҳәм ҳәкимиятлар бөлиниўин көрсетеди.

Констан жәмийетлик пикири ҳаққында айтқанда парламентти нәзерде тутады. Парламент бул жәмийетшилик пикирин шөлкемлестириў түри. Оның тийкарғы ўазыйпасы жәмийетшилик пикирин ҳәм белгили мәплерин тәрийип етиў. Парламентке сайлаў ҳуқықы мүлклик цензға тийкарланған болыўы керек, себеби жәмийетлик пикирин мүлк ийелери ғана мүнәсип тәрийип ете алыўы мүмкин дейди Констан. Еркинликти тәмийинлеўши екинши себеп ҳәкимиятлар бөлиниўи. Констан Монтескьениң белгили тәлийматына белгили өзгерислер киритеди, оны жаңа шәраятқа ийкемлестиреди. Монтескьениң үш ҳәкимиятына Констан король ҳәкимиятын қосады. Буннан тысқары Констан нызам шығарыўшы толық еркли ҳәкимиятты екиге бөледи- жоқары палата ҳәкимияты ҳәм жәмийетшилик пикирин тәрийиплеўши төменги палата ҳәкимияты. Бул ҳәкимиятлар ишине жергиликли ҳәкимиятында қосады.

Констан король ҳәкимиятына айрықша әҳмийет береди. Оның айтыўынша, король ҳәкимияты басқа ҳәкимиятлар ортасында пайда болыўы мүмкин болған келиспеўшиликлерди бийтәреп ҳәм әдил шешеди. Констан коснтитуцион монархия тәрепдары еди. Оның сиясий тәлийматы буржуа индивидуализми ҳәм раўажлана баслаған капиталистлик қатнасықларды тийкарлаўға қаратылған еди.

Француз буржуазиясының феодализмге қарсы идеологиясын XIX әсирдиң биринши ярымында тәрийп еткен сиясий ойшыллар арасында демократиялық машқалаларының теоретиги, кейинги либерал А.Токвил (1805-1859) де айрықша орын ийелейди. Англияда илиберализм тәлийматын И.Бентам тийкарлап шықты. (1748-1832). Иеремия Бентам өзиниң «Нызамшылық принциплери», «Конституциялық кодекстиң барлық мәмлекетлер ушын басшы қағыйдалары» ҳәм басқа шығармаларында сиясий ҳәм ҳуқықый институтлардың демократияластырыў дәстүрин ислеп шықты. Өзиниң мәмлекет ҳәм ҳуқық тәлийматында Бентам пайда бағдарына тийкарланады. Оның пикиринше инсан өз искерлигинде пайда алыўға умтылады, ҳәзликти қәлейди ҳәм оған зыянлы нәрселерден

қашыўға ҳәрекет етеди. Қулласы инсан ҳәр дайым ҳәзлик ҳәм азап ҳүкимранлығы астында жасайды.

Адамлар әмел қылатуғын жалғыз бағдар бахытқа ерисиў, пайда алыўға умтылыўдан ибарат. Eң әдепли ҳәм сақый адам да, әдилсиз адам да пайдасын, бахытын ойлайды ҳәм оған ерисиўге ҳәрекет етеди. Мораль ҳәм нызам шығарыўшының тийкарғы ўазыйпасы адамға не көбирек пайда бериўи мүмкинлигин көрсетип бериўден ибарат. Қандай ҳәрекет адамға көбирек пайда ҳәм бахыт келтириўи мүмкин, оның ҳәзлик ҳәм азабы қаншеллигин есаплап шығыў керек. Мәселен, ишиўшиликтен келип шығатуғын ҳәзлик ҳәм азапты бир-бирине салыстырып шығыў нәтийжесинде биз пайдадан көре зыян көбиреклигин көремиз.

Бентам индивид алатуғын пайданы жәмийет пайдасы менен тең деп биледи. Жеке мүлк ийесиниң пайдасын көпшилик пайдасы, улыўмалық пайда дейди ол. Соның ушын бул бағдарға жеке индивидлер ғана емес, нызам шығарыўшы да бойсыныўы шәрт. Бул бағдар нызам шығарыўшы ушын тийкарғы мақсет болып хызмет қылыўы керек. Нызам шығарыўшы, дейди Бентам, ол яки бул норманны қоллаўда иләжы барынша көпшилик бахытын тәмийинлеўге умтылыўы, нызамнан келип шығатуғын ҳәзлик ҳәм азапты есапқа алыўы керек. Ҳәр қандай нызам мәлим дәрежеде индивид еркинлигин шеклейди. Нызам шығарыўшы буны нәзерде тутыўы керек. Содан келип шығып, Бентам жәмийеттиң хожалық турмысына иләжы барынша мәмлекеттиң араласпағаны мақул, дейди. Экономикалық турмыстың жақсы нәтийжелерге ерисиўин тәмийинлеўши жалғыз себеп еркин жарысыў. Мәмлекет ҳәм оның нызамлары пуқаралардың қәўипсизлигин тәмийинлеў менен шеклениўи керек. Қәўипсизликтиң ең әҳмийетли бөлими мүлкти қорғаў болады. Нызам ҳәм мүлк, дейди ол, бир-бири менен беккем байланыслы; олар бирге туўылған ҳәм бирге өледи.

Бентам буржуазия мәмлекетшилиги тәрепдары еди. Ол пайда алыў мақсетин тәмийинлеўге қурбы жететуғын мәмлекет- бул демократиялық республика деп биледи. Оның пикиринше, қәўипсизликке қәўип салыўшы еки ишки душпан бар. Бириншиси, рәсмий емес душпанлар-жынаят ислеўши пуқаралар; екиншиси, рәсмий душпанлар-нызам бузыўшы ҳәм өзбасымшалық етиўши ҳәмелдар шахслар. Пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәрийиплеўши сиясий дүзим бул демократиялық республика болады. Бунда барлық ҳәмелдар шахслар салық бақлаўы астында болады. Бентам сайлаў дүзиминиң реформалаў усыныслары менен шықты. Әсиресе, ол парламент сайлаўларын ҳәр жылы өткериў, ашық сайлаўды бийкар етиў, сайлаў цензини кемейтириў, улыўмалық сайлаў ҳуқықын жәрия етиў сыяқлы талапларды қойды. Соның менен бирге Бентам

саўатсызларды сайлаў ҳуқықынан айырыў керек деп есаплайды. Қатын-қызлардың сайлаў ҳуқықларын жәрия етиўге де еле ерте, дейди ол.

Бентам ҳуқықый дизимде сақланып қалған ескилик қалдықларын деморкатияға пүткиллей қарама-қарсы деп билди ҳәм кескин сын астына алды. Әсиресе, ол өз дәўири нызамларының түсиниксизлиги, түсиниў қыйын сөзлерден ибарат екенлиги, суд дәлиллериниң жасалмалығы, айырым юристлердиң жалатайшылығын әшкара етти. Бентам биринширерден болып юриспруденция тили мәселесин көтерди ҳәм одан идеологиялық ҳийле ислетиў, ескилик қалдықларын қорғаў куралы сыпатында пайдаланыў қәўипин көрсетип берди. Юристлер тили, дейди Бентам, адамларға түсинерли емес. Ол жасырын бир үтп-әдет жаратыўшы әсбап ўазыйпасын атқарады. Ҳуқық наразыларды қорқытыўға қаратылған сырлы ҳәм қолқатылмаслық бир нәрседей көрсетиледи. Юриспруденция тили нәпсиқаўлық ҳәм «софизмлер» менен патасланған. Бийтәреп ҳәм түсиникли терминлер орнына (мәселен, нызамды турмысқа асырыў», ямаса «ҳүкиметке бағыныў» сөзлери орнына «тәртип сақлаў» ҳәм усыған уқсас «алдаўшы» сөзлер ислетиледи. Бул сөзлер төркининде ҳәкимият ийлерин қорғаў мазмуны жатады, әлбетте. Бундай терминлер көбинесе қыянет ҳәм зорабанлықты жасырыўшы нәрсе ўазыйпасын өтейди. Юридикалық мересимлер (атақлар), дәстүрлер, салтанат ҳәм басқалар да усы мақсетке хызмет етеди. Булардың бәри, дейди Бентам, ҳуқықтың инсан дөретпесиниң нәтийжеси екенлигин түсиндириўге тосқынлық етеди. Ҳуқыққа кийдирилген бул нықап жәрдеминде өз өмирин жасап болған ҳәм әдилсиз институтлар қорғалады. Нәтийжеде ҳуқық индивид пайдасы ҳәм инсаният бахтына хызмет етиў орнына раўажланыўға тосық болып қалады.

Бентам юрсипруденция тилин тазалаў, суд процессин әпиўайыластырыў, улыўма ҳуқықый турмысты еркинлестириў ҳәм демократияластырыў зәрүрлигин түсиндиреди. Бентам тынышлықты тәмийинлеўши халық аралық шөлкем жобасын ислеп шықты. Улыўма алғанда Бентам тәлийматы Англия ҳәм басқа мәмлекетлерде демократиялық ҳәрекеттиң раўажланыўына, капитализмниң және де беккемлениўине жақсы тәсир көрсетти. XIX әсир басларында Англияда либерализмниң және бир ўәкили Жеймис Милл (1773-1836) еди. Ол улыўма сайлаў ҳуқықы тийкарында сайланған ўәкиллер ассамблеясы бақлаўында болған күшли ҳүкимет ҳәм күшли ҳәкимиятты жақлап шықты.

Оның улы Жон Стюарт Милл (1806-1873) әкеси ҳәм Бентам тәлийматына тән кемшиликлерди жоқ етиўге ҳәрекет етти ҳәм либерализмниң жүзеге келиўине үлкен үлес қосты. Оның «Азатлық туўрысында», «Утилитаризм», «Ҳаялдың ғәрезсизлиги», «Сиясий экономика тийкарлары» сыяқлы шығармалары либерализм тарийхында айрықша орын ийеледи.

XIX әсирдиң биринши ярымы немис либерализминиң ири белгили ўәкиллериниң бири В.Гумбольдт (1767-1835), И.Штейн (1815-1890). В.Гумбольдт мәмлекетке гуманистлик индивидуализм көз-қарасынан жақынласты. Оны көбирек инсан ҳәм мәмлекет ортасындағы қатнасықлар қызықтырады. Л.Штейн мәмлекет ҳәм жәмийет ҳаққында бир қанша фундаментал шығармалар жаратты. Оның либерализми инсан, оның ҳуқықлары ҳәм мүлклик машқалаларға болған қатнасықларында анық белгили болды.

**XX әсир либерализминиин өзине тән өзгешеликлери**

XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басларында либерализм жаңа басқышқа көтерилди. Бул капитализмниң жаңа басқышқа өтиўи менен байланыслы еди. Усы дәўирде либерализмниң күшли тәреплери менен бир қатарда әззи тәреплери де белгили бола баслады. Тийкарынан, классик либерализмниң еркин базар қатнасықлары да еркин жарыс сыяқлы әҳмийетли қағыйдалары халықтың айрықша қатламлары мәплерин қорғаўға бойсындырылды. Соның ушын да Европа ҳәм АҚШ та бул урыныўларға қарама-қарсы идеялар менен бир қанша атақлы сиясатшылар, экономистлер топары классик либерализмниң әҳмийетли қағыйдаларын қайта көрип шығыў, корпорациялардың өзбасымшалықларын шеклеў ҳәм халықтың мүтәж қатламлары аўҳалын жеңиллестириўге қаратылған реформаларды әмелге асырыў усынannerыслары менен майданға шықты. Т.Грин, Л.Хобхауз, Ф.Науман Италияда Б.Кроче, АҚШ Л.Уорд, Ж.Кроули, У.Бирд, Ж.Дъюи ҳәм басқаларды еслетиў мүмкин.

Олар жаңа либерализмниң атын  бир қанша жаңа идея ҳәм принциплерин ислеп шықты. Ең әўеле олар еркин базар ҳәм еркин жарыс идеяларын қайта қарап шығыў зәрүрлигин тийкарлаўға урынды. Биринши гезекте олар либерализмге тән индивидуализмниң мәлим дәрежеде жаңаша талқылады. Олар мәмлекеттиң жәмийеттиң экономикалық турмысында жақсы роль ойнаўын тән алды. XX әсир 30 жылларында жүз берген экономикалық кризис ҳәм бул кризистен шығыў жолында АҚШ тың реформатор президенти Ф.Д.Рузвельттиң экономика тараўында тутқан «жаңа жолы» экономикалық дәстүрлерди әмелге асырыўда мәмлекет жақсы роль ойнаўын анық белги қылған еди. Бул ҳәдийселер либерализмниң дөрелиўинде бурылыс жасады.

Екинши жәҳән урысынан кейин либерализмде әҳмийетли өзгерислер жүз берди. Сонны айтып өтиў керек XIX әсир даўамында ҳәм XX әсирдиң биринши он жыллықларында либерализмниң тийкарғы идеялары сиясий ҳәрекетте тексерилди ҳәм жақсы нәтийжелер берди. Көпшилик раўажланған мәмлекетлерде демократиялық норма ҳәм принциплер сиясий ҳәрекетте жәрия етилди. Бул жағдай либерализмде жеңислерди сақлап қалыў тийкарғы ўазыйпа деген елеслерди туўдырды. Ҳәттеки либерализм өз ўазыйпасын өтеп болды. Оған орын қалмады. Ол өлди деп те айтысты. Бирақ либерализм

өлген емес еди. Керисинше, XX әсирдиң 70-80 жылларына келип либерализмниң қайтадан тиклениўи ҳаққында айтыла басланды.

Либерализм тәрепдарларының көпшилиги жәмийет мәмлекет ҳәм индивид қатнасықлары, капитализм ҳәм демократия, еркинлик ҳәм жәмийетлик теңлик, әдиллик мәселелерине тән көз-карасларды қайтадан көрип шығыўға урынды. Бул урынıслар жәмийетлик- сиясий пикирде түрли ағымлардың жүзеге келиўине себеп болды. Бул ағымлар ишинде еки бағдарды ажыратыў мүмкин. Олардың ҳәр бири жәмийет алдында турған әҳмийетли машқалаларды шешиўде өзине тән улыўмалық идея, принцип ҳәм жантасыўларға ийе. Биринши бағдар ўәкиллерин экономикалық консерваторлар деп баҳаласа болады. Олар классик либерализмниң тийкарғы қағыйдаларын, әсиресе, еркин базар бағдарларын белгили өзгерислер менен тәкирарлады. Екинши ағым белгили ўәкиллери жәмийетлик-экономикалық тараўда әҳмийетли реформалар өткериў, мәмлекеттиң экономикалық -жәмийетлик турмысындағы ролин қайта көрип шықыў кем тәмийинленген халық қатламларына жәрдем көрсетиў сыяқлы мәселелерди көрип шықты. XX әсир ақырында либерализмниң. өзгешелиги мине усыдан ибарат болды.

Соның менен бирге либераллар мәмлекетиниң экономикалық ҳәм жәмийетлик тараўларга араласып барыўының күшейиўинен қәўипленди. Сонын ушын да олар базар механизмлерин көтермелеў ҳәм соның менен бирге мәмлекеттиң тәртипке салыў ўазыйпаларын шеклеў талапларын да қойды. Мәмлекеттиң араласыўының сөзсизлиги ҳәм зәрүрлигин тән алыў менен бирге, либераллар бул араласыўдың шегараларын белгилеў зәрүрлиги ҳаққында қәўетерленип айтады. Олар экономикалық кризис ҳәм олардың ақыбетлерин жумсартыўда мәмлекеттиң араласыўы имкан бергенлигин есинен шығармаған болса да, мәмлекеттиң араласыў шегаралары қанша болыўын түсинип жетти. Либерализм өзиниң еки жүз жыллық тарийхынан ҳәр дайым шәраятқа масласып өзгерип барды. Инсан еркинлиги, оның турмысына мәмлекеттиң араласыў идеясынан белгили дәрежеде мәмлекет араласыўы керек, деген идеяға келди. Ҳәр бир адам еркин, қәлеген исин ислеўи мүмкин, бирақ қағыйдаға бойсынған ҳалда қылсын. Мәмлекет мине усыны тәмийинлеўи зәрүр. Мәмлекетти басқарыў формасы мәселесине келгенде либерализм әдил принциплерге тийкарланған нызамлы ҳәм нәтийжели басқарыў формасы тәрепдары. Либерализм улыўмалық нызам ҳәм принциплерди, пуқаралар еркинлиги ҳәм ҳуқықларды тәмийинлеўши әдиллик бул «сиясий әдиллик» ямаса «рәсмий әдиллик» деп биледи.

Жәмийетлик ҳуқықлар ҳәм оларды әмелга асырыў мәселесинде олар ҳәр бир пуқараға белгили дәрежеде тыныш өмир тәмийинлениўин талап қылады. Бул билим алыў, мийнет етиў, ғаррылық напақасы менен тәмийинлениў сыяқлы ҳуқықлар.

Көпшилик либераллар жәмийетлик теңликке салыстырмалы имканиятлар теңлигин үстин қояды. Олардың пикиринше, мәмлекет нызам үстемлигин, барлық пуқаралардың сиясий турмыста қатнасыўда тең ҳуқыққа ийелигин жәмийетлик-экономикалық тең имканиятларға ийелигин тәмийинлеў кепили. Әдиллик принциплерин ис жүзинде тәмийинлеўши себеп усыдан ибарат еди. Либераллардың ең әззи тәрепи де усы жерде. Олардың бирде-биреўи де инсанийат алдында әййемнен турған теңлик, еркинлик ҳәм әдиллик ортасындағы жумбақты шеше алмады.

**Россиядағы сиясий - ҳуқықый тәлийматлар.**

Россия сиясий- ҳуқықый мәденияты өзиниң өзгешеликлери ҳәм дәстүрлерине ийе. Олар бир қанша себеплер тәсиринде жүзеге келди. Бул себеплер арасында Россияның географиялық-сиясий жағдайы оның Шығыс пенен Батыс ортасында жайласқанлығы, үлкен территорияға ийелиги ҳәм климатлық шәраятлары, халық ҳәр түрли қурамлылығы, хожалық искерлиги, жәмийетлик- мәдений турмысы, дәстүрлери ҳәм исенимлерин еслетип өтиўдиң өзи жеткиликли.

Россия мәмлекети көп миллетли болғанлығы ушын белгили дәрежеде миллий, тарийхый, диний, жәмийетлик-мәдений өзгешеликлерин есапқа алыўға мәжбүр. Мәселен, белгили сиясий мақсетлерге бойсындырылған түрде рус мәмлекети нызамлары менен бир қатарда шәрият, әдет ҳуқықы ҳәм басқа ҳуқық дүзимлери де ҳәрекетте болған. Көп әсирлер даўамында Россияда ҳүким сүрген жаўыз ҳәкимият дүзими, халықтың көпшилик бөлегиниң ҳуқықсызлығы, ишки ҳәм сыртқы сиясатда тийкарынан зорлық усылларына бойсыныў, мәмлекетти басқарыўда орайласқан бюрократиялық дүзимге таяныў, ҳәр қандай еркин пикирди бастырыў сиясаты мәмлекеттиң экономикалық сиясий ҳәм ҳуқықый турмысының тоқтаў жағдайында қалыўына себеп болды.

XI әсирде жүзеге келе баслаған рус сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматларнда ғәрезсизлик, мәмлекетти орайластырыў, күшли, шекленбеген залым патша ҳәкимиятын орнатыў идеялары өз сәўлесин табады. Бул тәлийматларда православ ширкеў менен мәмлекет ортасындағы өз-ара қатнасықлар мәселелери де үлкен орын алған. Православ ширкеўи мәмлекет басқарыўшыларынан бири. Ол патша ҳәкимиятына бойсыныўы шәрт, деген пикир кең үгит етилди.

Мәмлекетти кризистен шығарыў зәрүрлигин аңлаў Петр I дәўиринен баслап рус мәмлекетшилигиниң ең әҳмийетли стратегиялық ўазыйпаларының бири болып қалды. Кейинги дәўирлерде де Россияның Батыс Европа алдыңғы мәмлекетлерине салыстырмалы арқада, қалғанлығы, экономикалық ҳәм мәдений, сиясий ҳәм ый аўҳалының Европаға салыстырып баҳалаў ҳәм зәрүр болған формаларда әмелге асырыў машқалалары сиясий пикир дыққат орайында болады. Рус мәмлекети өзиниң аймақлық ҳәм этникалық қурамы

жағынан Европа континентине тийисли мәмлекет сыпатында пайда болды. Буған христианлықтың тәсири үлкен болды. Христианлық 988 жыл Киев Руси князи Владимир дәўиринде қабыл етилди ҳәм мәмлекет дини сыпатында Россия жәмийетлик-сиясий турмысында үлкен роль ойнады.

Рус мәмлекети раўажланыўының ҳәмме басқышларында рус мәмлекетшилигиниң басланыўы ҳәм тамыры Киев Руси екенлиги ҳаққындағы идея түсиндирилип келинди. Россияның манголлар зулымынан азат етилиўи, Москва князлиги заманында орайласқан рус мәмлекетиниң жүзеге келиўи ҳәм беккемлениў дәўирине келип Киев Руси ҳәм Москва мәмлекети тарийхының тамыры бар екенлиги ҳаққында идея ҳүкимран мәмлекет идеология дәрежесине көтерилди. Бул идея Москва ҳүкимдарларының Киев уллы князьлары арқалы дүнья патшасы есапланған Рус императоры Август пенен мийраслық байланысы барлығын ҳәм православ христианлығының жалғыз жәрдемшиси Москва ҳүкимдарлары, деген пикирди тийкарлаўға хызмет етиўи керек еди. Москва әййемги Рим ҳәм Константинополдан кейинги «үшинши Рим» деп жәрия етилиўи усы менен талқыланады. Бул тәлийматты Псков монастрының монархы Филофей толық ислеп шықты. Оның тәлийматы рус мәмлекетиниң Рим ҳәм Византиядан кейинги ең уллы мәмлекет, Москва ҳүкимдарлары болса қудай таңлаған уллы ҳүкимдарлар ҳәкимиятының нызамлы мийраслары деген пикирди тийкарлаўға қаратылған еди. Филофей мәмлекетке ҳүкимдардың мүлки сыпатында қарайды.

Россия мәмлекетшилиги тарийхына тән өзгешеликлерден бири сонда, бул жерде манғоллар зулымынан кейин Москва патшалығы жүзеге келиў дәўиринен баслап, сиясий дыққат аймақты кеңейтириў ҳәм орайлық ҳәкимиятты беккемлеўге қаратылған. Халықтың мәплери өз әҳмийетин жоғалтып барды. Ўақыт өтиўи менен бул жағдай күшейип барды ҳәм Россияны бул тараўда Батыс Европадан парықланыўын бирден көрсете баслады. Батыс Европада феодал қатнасықларынан жаңа дәўир жәмийети ҳәм мәмлекети таман өтиў жағдайы тезлести, инсан ҳуқықы ҳәм еркинликлери барған сайын кеңирек тән алына басланды ҳәм нәтийжеде жоқары ҳүкимдар ҳәкимияты шекленип барды. Россияда болса халықтың барлық қатламларының ҳуқықсызлығы XVIII әсирдиң екинши ярымына дейин даўам етти. Россияның сиясий ҳәм ҳуқықый тарийхын да биринши болып император Петр III пәрманы менен дворянлар мәжбүрий мәмлекет хызметинен азат етилди. Буннан кейин Екатерина II XVIII әсирдиң 70-80 жылларында дворянларға айырым басқа граждanлық ҳуқық ҳәм еркинликлерди соның ишинде жеке мүлкке ийелик етиў ҳуқықын берди. Россия халықының тийкарғы бөлимин дүзген дийханлардың крепостной ғәрезликтен азат етиў ушын және 100 жыл керек болды. Бул Алексадр II тәрепинен 1861 жылда әмелге асырылды.

Инсан ҳуқықы ҳәм еркинликлери, ҳуқықый қәдириятлар ҳәм улыўма ҳуқық мәселелерине жаман қатнасық халықтың ҳуқықсызлығын және де қыйынластырар еди. Россия мәмлекети ири евроазия мәмлекети сыпатында раўажланыўында Европаға өтиў жолынан барды. Петр I реформаларынан баслап Россияның тийкарғы реформалары мине усы фундаментал ўазыйпаларды шешиўге қаратылды. XVII-XVIII әсирлерде Россия сиясий пикири жаңа дәўир Батыс Европа идеялары тәсири астында раўажланды. Сиясий тәлийматлар әсте-әсте диннен ажыралып барды, дүньялық түс ала баслады. Бул жағдайдың тезлениўине Петр I диң реформалары үлкен түртки берди. Бирақ Еропа ағартыўшылық тәрепдарларының «жәмийетлик шәртнама»; «тәбийий ҳуқық», «ҳәкимиятлар бөлиниўи» сыяқлы түсиниклери Россияда өзине тән жолда талқыланды, яки улыўма талқыланбады. Ағартыўшы абсолютизм идеясының тәрепдарлары: Ф.Прокопович, В.Н.Татищев, И.Т.Посошков ҳәм басқалар мәмлекет бул «улыўмалық билим», «улыўмалық халық пайдасы» ушын хызмет етиўши, өз пуқараларының арзыў тилеклерине қулақ салыўшы күш, деген идеяны тийкарлаўға ҳәрекет етти.

Соның менен бир ўақытта рус тарийхый жағдайының өзине тән өзгешеликлери ҳәм демократиялық институтлардың жоқлығы жәмийетлик өзгерислер, тек жоқарыдан, мәмлекеттиң саўғасы сыпатында әмелге асырылады, бундай мәмлекеттиң ең қолай түри абсолют монархия, деген жуўмақ шығарыўды талап қылар еди. XVIII әсирдиң екинши ярымында Россия сиясий пикири жаңа басқышқа көтерилди. Онда француз билимлендириў тәрепдарлары тәсири астында мәмлекетти басқарыўшы ҳүкимдар ҳәкимияты менен шахс ҳәм жәмийет ортасындағы өз-ара қатнасықлары, шахс қәдир-қымбаты, оның тәбийий ҳуқықлары сыяқлы машқалалар анализ қылына басланды.

Сиясий пикирде консерватив ағартыўшылық ҳәм оның радикал бағдарларын көремиз. Консерватив бағдардың көзге көринген белгили ўәкили М.М.Щербатов (1733-1790) шекленбеген монархия мәмлекет түрин, крепостной дүзимди сақлап қалыў идеясын қорғап шықты.

**Ағартыўшылық бағдары ўәкиллериниң сиясий ҳәм хуқықый көз-қараслары**

Ағартыўшылық бағдары ўәкиллери С.Ч. Десницкий, Я.П. Козильский, Н.И. Новиков, А.Я.Поленов ҳәм басқалар крепостной дүзимин сын астына алды. Олардың айырымлары «Билимли ҳүкимдар» идеясында гүман астына алды. XVIII әсир екинши ярымында ағартыўшылық бағдарының сиясий ҳәм хуқықый көз-қараслары өз сәўлесин биринши рус хуқықтаныўшы профессоры С.Ч.Десницкий (1740-1789) шығармаларында тапты: С.Ч.Десницкий, Г.Гроцкийдиң тәбийий ҳуқық ҳаққындағы көз-карасларына тилеклеслик билдиреди.

Ағартыўшылық радикал бағдарының белгили адамы А.Н.Радищев болды. (1749-1789). Ол крепостной ҳуқықты, залым монархия мәмлекетин кескин сын астына алды. Залым монарх ҳәкимияты мәмлекеттиң раўажланыўына кесирин тийгизетуғын, өзбасымшалық мәкан, деп баҳалады. Радищев билимли ҳүкимдар теориясын да жоққа шығарды. А.Н.Радищев «жәмийетлик шәртнама» теориясына тийкарланып, халық шәртнамаға бойсынбаған мәмлекеттен бас кешиў хуқықына ийе, деген жуўмаққа келди. Петр I реформаларын басланған Россияны европаластырыў ҳәрекети жәмийет консерватив күшлердиң қатты қарсылығына ушырады. Олар мәмлекетти европаластырыўға пүткиллей қарсы еди. XIX әсирдиң 30-40 жылларында Россия жәмийетлик-сиясий пикиринде славянофиллер ҳәм батысшылар атын алған ағымлар жүзеге келди. Бул ағымлар Россияның тарийхый тәғдири мәселелерин талқылаў қылды ҳәм өз-ара бәсекилести.

**Славянофиллер ҳәм батысшылар тараўы ўәкиллериниң сиясий- хуқықый көз-қараслары**

Славянофиллер Россия өзине тән раўажланыў жолына ийе ҳәм усы жолдан барыўы зәрүр, деп шықты. Булардың ири белгили ўәкиллери А.С.Хомяков, И.В.Криевский, Ю.Ф.Самарин, И.С.Аксаков ҳәм басқалар.

Россия өзиниң патриалхал дийхан общинасы, жәмийетлик психологиялық дәстүрлери менен Европадан ажыралып турады, бул миллий өзгешеликлерди сақлаў ҳәм раўажландырыў зәрүр деп биледи. Славянофиллер батыстың экономикалық, сиясий ҳәм хуқықый тәжирийбесин үйрениў ҳәм жәрия етиў жәмийетлик ҳәм мәмлекет дүзиминде қабылланған реформалар өткизиўде пүткиллей қарсы шықты. Олар залым монарх ҳәкимияты тәрепдары еди. Батысшылар ағымының белгили ўәкиллери А.И.Герцен, Т.Н.Грановский, Ю.П.Огарев, В.П.Боткин ҳәм басқалар Россияда жәмийетлик сиясий өзгерислер өткизиў зәрүрлигин, Батыс Европа мәмлекетлери ерискен жеңислерин өзлестириў ҳәм оларға әмел қылыў идеяларын үгит етти.

**Либерал бағдар ўәкиллериниң сиясий-ҳуқықый көз-қараслары**

XIX әсир ақыры ҳәм XX әсир басларында рус сиясий ҳәм хуқықый пикиринде либерализм идеялары раўажлана баслады. Либерал бағдары ўакиллери Россия ҳәм Батыс Европа мәмлекетлериниң раўажланыў жоллары бир, деген идеяны тийкарлады. Олар залым монархияны конституцион монархия менен алмастрыўға қаратылған реформаларды әмелге асырыўды талап етип шықты. Бул талапларды тийкарлаўда олар тәбийий ҳуқық теориясына, Кант ҳәм Гегельдиң ҳуқық философиясына нәзер таслады.

Бул бағдардың белгили ўәкиллери Б.Н.Чичерин, П.И.Новгородцев, И.А.Илчин, К.Д.Кавелин, С.А.Муромцев, М.М.Ковалевский ҳәм басқалар. Б.Н.Чичерин (1828-1904)

қәлемине тийисли шығармалар арасында «Ҳуқық философиясы» ҳәм 5 томлық «Сиясий тәлийматлар тарийхы» айрықша орын алған.

Б.Н.Чичерин тәлийматына көре, инсан өз минез-қулқы менен ең сезгир ҳәм өз қәдир-қымбатын сезиўге уқыплы барлық. Оны әпиўайы қуралға айландырыў мүмкин емес. Инсан жәмийетлериниң ҳәммесиниң ҳәрекетлениўши күши мине усы сана. Ҳуқық идеясы мине усы санадан келип шығады ҳәм барған сайын кеңейип санада ҳүкимранлық ете баслайды. Бирақ адам жәмийетте жасайды ҳәм үзликсиз өз ерки шегарасын кеңейтириўге умтылыўшы басқа адамлар менен соқлығысады. «Усыннан, дейди Чичерин, олардың ҳәр бирине тийислилигин анықлаў ҳәм өз-ара тартысыўларды жоқ етиў ушын белгили қағыйдалар орнатыў зәрүрлиги пайда болады. Ҳуқық инсан уйымының дәслепки басқышларында мине усылай пайда болады ҳәм өсиў, қурамаласыў нәтийжесинде ең жоқары басқыш таман раўажланады. Ҳуқық бул еркинликти улыўма нызам астында өз-ара шеклеўши, барлық инсан жәмийетлериниң ажыралмас белгиси. Солай етип Чичерин ҳуқықтың пайда болыўы ҳәм жасаў себеплерин жәмийетте бар еки қарама-қарсы элементте деп көрсетеди. Еркten ибарат шахстың руўхый минез-қулқы ҳәм еркинликти шеклеўши нызамда тәрийипин тапқан жәмийетлик себеп.

Булардың өз-ара қатнасықларын айқынластырыў тийкарғы мәселе. Б.Н.Чичерин ҳуқық философиясының әҳмийети ҳәм ролин көрсетиўге урынды. Оның пикиринше, ҳуқықтың философиялық тийкарлары тәжирийбе ушын көргизбе ўазыйпасын өтейди, себеби «Ҳуқық тараўы жақсы нызамшылық пенен ғана шекленбейди». Ҳәрекеттеги нызамлар адамлар мүтәжлиги ҳәм көз-қарасларының өзгериўи менен өзгерип барады ҳәм инсан ерки менен жаратылғанлығы ушын жақсы ҳәм жаман болыўы мүмкин. Оларды адамлар баҳалайды. Нызам шығарыўшының өзи де нызамларға баҳа береди. Нызам шығарыўшы өзиниң көргизбелерине бойсыныўы шәрт болған адамлардың ҳуқық ҳәм мәжбүриятларын белгилеўде неге тийкарланыўы керек? Ол бундай көргизбени ҳәрекеттеги ҳуқықтың өзинен алалмайды, себеби оның өзин баҳалаў ҳәм өзгертиў керек. Буның ушын басқа жоқары дәрежедеги елес ҳәм түсиниклер керек болады. Нызам шығарыўшы турмыслық тәжирийбе көргизбелери менен де жетерли бола алмайды, себеби олар бир-бирине қарама-қарсы түсиниўди талап еттирип ҳәр түрли элемент пайда ҳәм талаплардан ибарат. Әмелдеги нызамлардың салыстырма күши ҳәм қәдир-қымбатын анықлаў ушын улыўма тәрези ҳәм өлшеў, яғный жол көрсетиўши қолланба болыўы керек. Бул ўазыйпаны тек философия бежере алады. Адамлардың ҳуқық ҳәм мәжбүриятларын нызамда ақылға муўапық белгилеў ушын ҳуқық не, оның тийкары қай жерде ҳәм оннан қандай талаплар келип шығады, сыяқлы мәселелерди билиў керек. Бул машқалалар инсан минез-қулқы, оның өзгешеликлери ҳәм өмирлик мақсетлериниң рухсат етилмеўин талап

етеди. Бул мәселелердиң ҳәммеси ҳуқық философиясы шегарасына киреди, дейди Чичерин. Ол Гегель хуқық философиясына тийкарланады.

Шахс ҳәм жәмийет мәселелерин талқылаўда Б.Н.Чичерин өзиниң индивидуализм концепциясын баян қылады. Инсанның ақылы-тапқыр барлық екенлигин еркин еркте белгили болады. Мине усы себепли инсан шахс сыпатында тән алынады ҳәм оған ҳуқықлар бериледи. Шахс барлық жәмийетлик қатнасықлардың тамыры ҳәм белгилеўши тийкары. Нызамның еркинликке салыстырма қатнасы еки түрли болыўы мүмкин: мәжбүр етиў (мәмлекет нызамы) ҳәм ықтыярлы (әдеп-икрамлылық нызамы). Биринщиси сыртқы еркинлик шегарасынан дүзилген сыртқы ҳәрекетлерге тийисли, усылар ғана мәжбүр қылыныўға тийисли, екиншиси ишки еркинликтен шығатуғын умтылыўларға нәзер салады. Биринщисинен ҳуқық пайа болады, екиншиси әдеп-икрамлылық тийкарын пайда етеди.

Чичерин ҳуқықты субъектив ҳуқық ҳәм объектив ҳуқық мәнисинде түсиниў керек дейди. Субъектив хуқық бул әдеп-икрамлылық имканият, басқаша айтылса, нызам шегарасында еркин ҳәрекет қылыў имканияты. Объектив ҳуқық еркинликти белгилеўши нызамның өзи. Бул еки мәнисти бирлестириў нәтийжеси ҳуқықтың улыўма тәрийпин береди. «Ҳуқық нызам менен белгиленген еркинлик». Б.Г. Чичерин жақсы ҳуқық тийкарында тәбиййй ҳуқық жатыўы керек деген идеяны алға қояды. Тәбиййй ҳуқық инсан ақыл-басқарыўынан келип шығатуғын, мәжбүрий болмаған улыўмалық юридикалық нормалар дизими. Тәбиййй ҳуқықтың әдиллик, теңлик ҳәм еркинлик сыяқлы нормалары жақсы нызамлар ушын тийкарғы өлшеў ҳәм қолланба болыўы керек, дейди Чичерин. Б.Г.Чичерин жәмийет дүзилиўи ҳаққында пикир жүритер екен, 4 бирликти ажыратады. Семья (хожалық), пуқаралар аўқамы (пуқаралар жәмийети, индивидлердиң сыртқы еркинлик тараўы), ширкеў аўқамы (ишки еркинлик ҳәм ҳүждан, инсанның қудай менен қатнасықта болыўы ҳәм әдеп-икрамлылық нызамының бежерилиў тараўы), мәмлекет жәмийетлик аўқамлар раўажланыўының ең жоқарғы басқышы.

Чичерин пикирине көре, мәмлекет барлық аўқамлар ишинде ең жоқарысы. Бирақ ол басқа аўқамлар ғәрезсизлигине тосқынлық қылмаўы керек. Барлық аўқамлар мекемелерге емес, шахсқа, еркин адамларға таянады. Аўқамлардың мақсети де сонда. «Шахслар мекемелер ушын емес, мекемелер шахслар ушын. Мекемелерди жетилистириў де усыған байланыслы». Б.И.Чичеринниң тәлийматы рус залым дүзимин өзгерис қылыўға конституцион монархияның жәрия етиў зәрүрлигин тийкарлаўға қаратылған еди. Б.Н.Чичерин идеялары рус хуқықый пикир раўажланыўында терең из қалдырды.

Россия сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар тарийхында И.А.Ильин идеялары дыққатқа муўапық И.А.Ильин (1883-1954) рус философы ҳәм ҳуқық теоретиги, Москва

университети юридика факультетиниң профессоры. 1922 жыл Россиядан сүргин қылынған. Германия, Швецарияда жасаған.

И.А.Ильин хуқық машқалаларын инсаният тарийхы ҳәм мәдениятының қурама бөлеги сыпатында изертлейди. Оның пикирине көре ҳәр бир конкрет адам айрықша дүньяқарасқа ийе. Ҳуқықый сана дүньяқарастың әҳмийетли қурама бөлими. Бул дүньяда меннен басқа адамлар да барлығын, жеке өмирим басқа адамларға болған қатнасығыма байланыслы екенлигин түсиниўден келип шығады. Ҳуқық, нызам, әдеттиң субъектив психологиялық тамыры адамлардың туўры ҳәм әдил ҳәрекетлеринен тысқары шыдап болмайтуғын жаман ҳәрекетлери де барлығы терең сезиўде. Бул исеним хуқық әдеп-икрамлылық ортасындағы парқты билмейди, ҳәр қандай нызам ҳәм әдеттиң тийкарын дүзеди. Адамлардың ишки исеними «әдиллик» ҳәм «әдилсизлик», «нызамлылық», «Нызамсызлықтың барлығына қатты исеним пайда еткенлигинен. Бул исеним «ҳуқықый сезги», «ҳақлылық инстинкти» де белгили болады. Олар адамлардың өз-ара қатнасықларына қаратылған. Бул инстинкт «сезимниң мазмунын ашып бериў, оны сезим жағдайынан билим дәрежесине өткизиў –жетик тәбийий ҳуқық сапасына тийкар салыў демек. Солай етип, объектив бар болған тәбийий ҳуқық санасы тәбийий ҳуқықтың предметин дүзеди. Бул ҳуқықый нызам ушын тийкар. Олардың барлығы болса жақсы ҳуқық болады. Тәбийий ҳәм унамлы ҳуқық өз-ара мүнәсебети ҳуқықының сананың реал мазмунын белгилейди. Тәбийий ҳуқық жәмийетлик сананың айрықша түри, инсан руўхыятының зәрүр элементи сыпатында пайда болады. Тәбийий ҳуқық адам басқа адамлардың ҳуқық ҳәм еркинликлерине ҳүрмет пенен қатнасықта болыўын, онысыз ол жәмийетте жасаўы мүмкин емеслигин нәзерде тутады. Адамзатқа тән объектив бир нәрселер бар екен, оған бойсыныў ҳәр бир адам ушын муқәддес миннетлемеси есапланады. Унамлы ҳуқық белгили шәраятта әмелге асырылған ҳәм усы шәраят пенен байланыслы ҳуқық. Ол тәбийий ҳуқықтың тәмийинлениўине ҳәм өзинде сақлаўға ямаса оны шеклеўге ҳәм бузыўға қаратылған болыўы мүмкин. Оның тәбийий ҳуқыққа сайкелиўи ямаса келмеслигине қарап унамлы ҳуқықтың прогрессив ямаса реакцион екенлигин ажыратыў мүмкин. Унамлы ҳуқық сондай шәраятта жаратылады, дейди Ильин, оның мазмуны дәмегөй ерик, хабарсызлық, натуўры теория ҳәм билмеслик тәсири астында қалыўы мүмкин. Соған қарамастан усы себеплер тәсири астында ҳуқық мазмунына кирип келген шегиниў ҳәм бузылыўлар қаншелли үлкен ҳәм қорқынышлы болмасын, бул ҳуқық өзиниң тәбиятына көре тәбийий ҳуқықтың тийкарғы маңызы өзинде сақлап қалады. Себеби ол тәбийий ҳуқыққа хызмет қылыў ушын пайда болған. И.А.Ильин төмендегилерди унамлы ҳуқықтың сыртқы себеплери деп көрсетеди: күш ҳәм оннан пайдаланыўшы ҳәкимият дүзимлери, нызамлардың абыройы, мәмлекет органларының

нызам шығарыў искерлиги, жәмийеттиң белгили қатламларының мәплери, нызамда тәрийипленген ямаса усыған умтылыўшы ерк.

Реал хуқық, дейди Ильин, мудамы тәбийий ҳуқық пенен унамлы ҳуқық ортасындағы қатнасық сыпатында пайда болады. Тәбийий ҳуқық мақсетке ерисиў болса, унамлы ҳуқық мақсетти әмелге асырыў қуралы. Ҳеш қандай нызам пүткиллей нуқсансыз болмайды. Соның ушын да нызамды жақсылаў, жетилистириўге қаратылған ис тоқтаўсыз алып барылады. Тәбийий ҳуқықты нызам жолы менен тәмийинлеўге умтылыўшы ҳуқықтаныўшы, жәмийетлик қатнасықлардың мәңгилик реформа тәрепдары. Егер мәмлекет ҳәм ҳуқық белгили топарлардың тар мәплери жолында пайдаланатуғын болса, ҳуқықтаныўшының ҳәрекетлери жаман ақыбетлерге алып келеди. Унамлы ҳуқық тәбийий ҳуқық идеясын рәсмий, жүзеки баян қылып өз ўазыйпасын бежермеген ҳалда да ҳуқық сыпатында тән алынады. Мине сонда ҳуқықый турмыстың аўыр ҳәм күлкили тәреплери, белгили болады. Жаман ҳәм бузылған ҳуқықый сана, мазмуны бузылғанлығына қарамай ҳуқықый сана болып қалмақта. Ол ҳуқық идеясына нәзер салмақта, бирақ оннан тек өлшемин алмақта, оннан өз қәлеўинше пайдаланбақта, қыянет қылмақта, оны мүнәсипсиз, бузық мазмун менен толтырмақта. Наҳақ ҳуқық пайда болмақта, бирақ ол ҳуқық деп көрсетилмекте, ақыбет нәтийжеде адамлар санасында ҳуқық идеясы абыройсызландырылмақта, оған болған исеним жоғалмақта.

И.А.Ильин тәбийий ҳуқық машқалалары менен бирге ҳуқық ҳәм моральдың (әдеп-икрамлылық) өз-ара мүнәсебети, зорлық ҳәм оның жәмийетлик өмириндеги роли сыяқлы ҳуқық философиясы машқалаларын да изертледи. Россия XX әсирге залым монархия мәмлекети сыпатында кирип келди. Нызам шығарыў ҳәм атқарыў ҳәкимиятлары толық монарх қолында еди. Жәмийетлик турмыс мүтәжликлери бар мәмлекет дүзимин өзгертиў, монарх ҳуқықларын шеклеў, толық еркин ҳәкимият органларын жүзеге келтириў зәрүрлигин талап қылар еди.

Бул жолда биринши қәдемлер 1905 жылы рус революциясы тәсири астында қойылды. Монарх нызам шығарыўды шөлкемлестириў ҳәм әмелге асырыў тараўында айырым өзгерислер қылыўға, пуқаралардың бир қатар демократиялық ҳуқық ҳәм еркинликлерин тән алыўға мәжбүр болды. Мәмлекет дүньясын жәрия етиў арқалы нызам шығарыў тараўында монарх ҳәкимиятын шеклеўге қаратылған илажлар айрықша әҳмийетке ийе болды. Бирақ ҳәкимияттың бөлиниў принципи ҳәм конституциялық монархияны әмелде жәрия етиўге еле узақ еди. Реал ҳәкимият тийкарынан патша қолында сақланар еди.

Улыўма алғанда мәмлекет алдында турған тийкарғы машқалаларды реформалар арқалы шешиў имканияты жогалтылған еди. Өткизилген реформалар өз алдына қойған

ўазыйпаларды бежере алмады. XX әсир басында Россияда революциялық жағдай жүзеге келген еди. Буржуазияның күшсизлиги шешилиўи керек болған машқалалардың фундаменталлығы ҳәм кескинлиги, жәмийеттиң қарама-қарсы топарларға бөлиниўи, жоқары қатламлар менен төменги қатламлар ортасындағы антоганизмниң кескинлесиўи, халықты бир талай бөлимниң жарлылығы, урыс ақыбетлери, ўайраншылық ҳәм ашлық, мәмлекетте революциялық ҳәм шөлкемлердиң үгитлеўшилик иси 1917 жыл февраль революциясынан кейин пайда болған буржуазия демократиялық дүзиминиң тамамланыўына алып келди. Мәмлекете диктаторлық социалистлик дүзим орнатылды.

**Әдебиятлар**


1. Каримов И.А. Хавфсизлик ва барқарор тараққиёт йўлида. 6-том. — Т., «Ўзбекистон», 1998.
2. Каримов И. Озод ва обод Ватан, эркин ва фаровон ҳаёт - пировард мақсадимиз. Т.: Ўзбекистон. 2000. - 109 б.
3. .Каримов.И. Бизнинг бош мақсадимиз – жамиятни демократлаштириш ва янгилаш мамлакатни модернизация ва ислоҳ этишдир-Т.:Ўзбекистон,2005.
4. Каримов.И. Империя даврида бизни иккинчи даражали одамлар деб, ҳисоблашар эди. - Т.:Ўзбекистон, 2005.
5. История политических и правовых знаний. Под общей редакцией Нерсесянца В.С.- Москва, изд. “Норма-Инфра”, 1999. - 736 с.
6. Аль-Фараби. Историко-философские трактаты. Алма-Ата: Наука, 1975.
7. Нерсесянц В.С. Сократ. - Москва, “Наука”, 1977.150 с.
8. Ҳ.Б.Бобоев ва бошқалар. Сиёсий ва ҳуқуқий таълимотлар тарихи. Дарслик.2002.
9. Никколо Макиавелли. Государь. Пер. с ит. – М.: Планета, 1990. 84 с.
10. История политических и правовўх учений. Учебник для вузов. Изд. 2-е стереотип. Под обший ред. члена-корреспондента РАН, доктора юридических наук, профессора В.С.Нерсесянца. – М.: норма-инфра М, 1999.-736с.
11. История политических и правовўх учений. Хрестоматия. - М., 2000.
12. Ф.Муҳиддинова. Сиёсий ва ҳуқуқий таълимотлар. ТДЮИ.2002.
13. Холов.Б. Монтескье сиёсий-ҳуқуқий таълимотида ҳокимият бўлиниши тамойили.МИ.
14. Ф.Муҳиддинова. Сиёсий ва ҳуқуқий таълимотлар. Маърузалар матни. 2005.
15. Бобоев Х.Б. Кутыбаева Е.Д. Утемуратов М. Танирбергенов С.Б. Сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар тарийхы. Т. ТМЮИ. 2009

## XX - XXI əсирлерде сиясий ҳуқықый ойлар

### РЕЖЕ

1. Социологиялық юриспруденция
2. Миллий-социализмниң сиясий-ҳуқыйқый идеологиясы
3. Қайта тикленген тәбийий ҳуқық.
4. Президент И.Каримовтың сиясий ҳуқықый көз қарасы

### Социологиялык юриспруденция

Бул ағым хукыкты ретлестириу хам социаллык кадагалау куралы сыпатында максетке багдарланган турде уйрениу жане пайдаланыу талабына байланыслы калиплести. Бул сыпатты хукык озинде хукык доретиушилигинин даслепки баскышларында корсетеди (адеттеги хукык, суд хукыкы), сондай-ак хукыкты есапка алыушы хам хукыкты колланыушы жумыстын барлык баска баскышларында да корсетеди. Таллаудын хам улыумаластырыудын бул тарауында хукыктагы тилеклеслик концепциясы (О. Кант, Э.Дюктерм, Л. Дюги) "еркин судьялык карап шыгыу" Е. Эрлих хукыктагы социаллык инженерия (Р.Паундтын социологиялык юриспруденциясы), юридикалык институционализм (Н.Ору), сондай-ак хукыктын психологиялык концепциясы кен турде малим болды.

О.Канттын социологиялык методологиясы хукык таныуга тек бир болегинде гана кирди. Бул тилеклеслик идеялары хам жамийетлик келиспеушиликлер хам жане жанжеллерди иркеу ямаса олардын алдын алыу исинде хукыктын айрыкша практикалылыгы хаккында пикир болды. Хүкиметлик хакимияттын хам тийислисинше хукыктын максети Канттин пикиринше "Мумкин болганынша оз аймагына карай социаллык прогрессти иркеуи мумкин болган идеялар, сезимлер хам маплер арасындагы келиспеушиликти иркеу хам онын алдын алыу" болып табылады.

Жалпы хакимияттын, жалпы хам жеке хукыктын машкаласына тилеклеслик идеясын киргизиу оз уактында Л.Дюгиди жалпы хукык хам адам хукыкы предметине кайта тусиник бериуге ийтермелейди, социаллык маплердин келип шыгыуына, табийий хукыкка, хакимиятларды болиуге хам баска темаларга жанаша карауга мажбурлейди.

Социологиялык юриспруденция ушын тийкаргы дыккатты хукыктынне екенлигинен емес, ал хукыктын калай харекет ететугынлыгына каратыу тан болады. Усаган байланыслы созлерди жанлы хам ели деп аййемги бахалауды келтириу орынлы болар еди. Булар хакыйкый турмыска хам хукыйкый катнаска киргизилгеннен кейин дархал "билдиретугын" нызамларды "билдирмейтугын" нызамлардан айырыуга ямаса баскаша айтканда "турмыстагы хукыкты", "китаплардагы хукыктан айтырыуга мумкиншилик берди".

Социологиялык хукык таныуда институционализм М.Оруш хам Л.Дюгиден баска Г.Гурвич хам П.Сорокиннин атлары менен корсетилген. Бул жагдайда институция деген де жамийеттин сиясий хам социаллык структурасы олардан каралатугын даслепки элементлер тусиниледи. Орюу тусиндириуи бойынша институция (институт) бул адамлардын хам социаллык характердеги жагдайлардын (неке, муддет, урыс, революция хам т.б.) хар кандай узак муддет умир суретугын бирлеспеси. Институция материаллык хызметтин натийжеси емес, бул кобирек "Шолкемлестириуши идея" кандай да максет хаккындагы тусиник, оган ерисиуди калейтугын ямаса ерисиуге мажбур болган максет хаккындагы тусиник.

30-жыллары институционаллык хукыйкый плюрализм дастурлери базасында"социаллык хукык" концепциясы калиплестирилди, онын авторы Г.Гурвия болды. (Даслеп Петроград, сонынан Тибивген хам Париж университетлеринде окытыушы болып иследи). Гурвич социаллык хукыктын амелге асырылыуы сыпатында социаллык

нызамшылыкты есаплады (бул термин 60 жыллары О.Гирке тарепинен усынылган еди. гурвичтин сонлыктагы тусиндириулеринде социаллык хукык бул адамлардын жамийетлик оз-ара харекетлеринин жокары формаларында есапка алынган хукык, бул "социаллык хукык", ол оз-ара катнасыкларда объективлив интеграцияга жардем етеди. Индивидуалистлик хукыктан айырмасы оз шерикликке тийкарланган хам сонлыктан да оз-ара жардемге, улыума уыйпаларды шешиуге, тынышлык орнатыуга каратылган хукык болып табылады. Ал отмиштеги хам хазирги индивидуалистлик хукык бул урыс, жанжеллер, ала ауызлык хукыкы. Социаллык хукык исенимге тийкарланган болганлыктан ол сырттан орнатылыуы мумкин емес. Ол кандайда бир социаллык орталыктан ишинен харекет етеди бул манисте ол автономлык хукык болып табылады. Онын параметлери нормативистлердин "таза нормасы" менен емес, адамлардын субъективлик коз-карaслары менен емес, ал тиккелей юридикалык тажирийбе менен алынган, ол жамаатлик хужжетлерде белгиленеди. Бул хужжетлерди Гурвич "мойынлаудын коллективлик актлери" деп атайды. (юридикалык тажирийбе хам хукыктын плюралистлик философиясы 1985).

Юридикалык институционализмнин жане бир тури П.А.Сорокин тарепинен усынылды хам тийкарланды. Онын озгешелиги соннан ибарат бул институция, хукык, плюрализми калемлеринде ози тийкаргы адамлар топарынын тийкаргы элементи хам бул топарлардын хукыкы болып харекет етпейди, ал хукыйкый норма хар кандай шолкемлескен топарлардын ямаса институттын озегин, журегин курайды. Солай етип шанарак, мамлекет, ширкеу, партия ямаса касиплик аукамы, сондай-ак мектеп, университет, хатте жынаятшылардын шолкемлескен топары амелде текгана хамменин ямаса топардын копшилигинин хукыйкый нормалары менен хукыйкый исенимлеринин объективлестириуин хам сыпатланыуын корсетеди. Изертлеушилер Гурвич хам Сорокинде институционализмди Патражитскийдин хукыктын психологиялык теориясы менен косыуга умтылыуын аныклады, асиресе олар хукыктын дереклеринин коплиги деген тусиник «Хукыйкый плюрализм» идеяларына копшилик жагынан сайкес келетугынлыгына дыккат аударды.

Социологиялык юриспруденция АКШ та озинин кушли рауажланыуына ийе болады, бул жерде ол аналитикалык юриспруденция хам табийий хукыйкый багдар менен катарболды жане басекиге тусти. Руско Паунд бул мектептин басшысы болып, жана машкаланы асирдин биринши шерегинин озинде-ак ислеп шыга баслады, озинин доретиушилик жолынын акырында озинин мийнетлерин 5 томлык "юриспруденцияшыгармасына жамледи (1959 жыл) Паунд тарепинен хукык социологиясындагы жана коз-карас "инструменталлык прогматикалык коз-карас" ретинде сыпатланды, ол копшилик жагдайда "социаллык кадагалау инструменти сыпатында кабыл етилди. Қадагалау иси нызамга бойсыныушы пухаралардын озин тутыуы хам социаллык оз-ара харекет етиуи тартиплестириу хам уапыкластырыу менен байланыслы болганлыктан да юриспруденциянын ози ушын ен макул атама ретинде "юридикалык-социаллык инженерия" атамасы алынды, бунын авторлыгы да Паундка тийисли деп есапланады.

Паунд харекеттеги хукык дегенди онын социаллык турмыста уш оз-ара байланыслы коринсин тусинеди. Тажирийбе баклауына хам изертлеуге ашык болган - хукык тартибин, талаплардын жыйнасы хам судтагы ямаса хакимшиликтеги хукык колланыу жумысы. Хукыктын максети карама-карсы болган хам кесисип турган маплер менен талапларды уйлестириуде болып табылады. Паунд бул маплердин кен кестесин дузди хам оларды хазирги заман цивилизациясынын кадириятлары хам постулаклары менен байланыстырды. Барлыгы бирликте алынганда бул маплер менен талаплар хукык жардеминде "Маплерди коргауды тамийинлейди, тамийинлеуи тийис.

Паундтындоретиушилик мийнетинде избе-изликтин жоклыгы сезиледи. Мaселен, "ылайыклы маплер" кестесин дузе отырып, ол бул теманын Иериннен хамXX асирдин

басындагы "маплер юриспруденциясы"нан басланатугынлыгын корсетеди. 50 жыллары ол "кайта тикленген табийий хукыктын" компромистлик конструкциясынын усынады. Америкада хукыйкый реалистлердин мектебинин абыройын котериудеги олардын "хакыйкый хукык" хам "итимал хукык" пенен шугылланыуына ол "хукыксыз юстиция" концепциясы менен жууап берди. Бунда хукыйкый караудын хакимшилик маплерине де мумкиншилигин мойынлады.

!сирдин басында тек гана рус емес, ал путкил Европа адебиятындаЛев Иосоопович Петеражитскийдин (1867-1981_ "!деп икрамлылык теориясына байланыслы хукык хам мамлекет теориясы" мийнетинин жарияланыуы улкен илимий уакыя болды. Гносилогиялык хам методологиялык тарептен ол позитивлик философия басламларын басшылыкка алды. Бирак бунда хукыйкый кубылысларды хам хукыктын табиятын саулелендириуде улкен оз бетиншеликхам оргиналлык корсетти.

Петеражидский тарепинен хукык бизин жеке психикамыздын кубылысы сыпатында белгиленеди хам изертленеди. Хукыктагы социаллык пайыт бийкар етилмейди, бирак психологиялык хукыйкый тунышсызланыушылык коз-карасынан кабыл етиледи, себеби бул тынышсызлауларда социаллык элемент сауленеди. Петеражидский хукык хам адеп икрамлылык арасындагы айырмашылыкты мойынлайды, бирак олар арасындагы тийкаргы айырманы рол адеп-икрамлылык импульслардын таза корсетпелик характери менен хукыктын корсетпелик-атрибутивлик характери арасындагы айырма сыпатында кореди хам кабыл етеди. "Корсетпелилик" (императивлик) бул жагдайда Петеражитскийдин тусиндириуинде индивидуаллык жеке турде миннетти, уазыйпаны сезиуди анлатады, усынын менен бир уакытта "атрибутивлик" бул сырттан талап ретинде харекет ететугын оз хукыкынды сезиниу болады. !деп икрамллык ушын корсетти (имеративь хам миннетлерди орынлауда ыктиярлылык пайыты ахмийетли болады, алхукык ушын атрибутивлик пайытындагы тийкаргы дыккат, ягный миннетлерди тиккелей орынлауга байланыслы болган канаатланыушылык менен байланыслы болады. егер адеп-икрамлылык карым-катнастаонын катнасыушыларынын психикасы миннетлерди орынламауга адеуир тыныш жууап беретугын болса, ал енди хукыйкый катнаста миннетлердин орынламау (сонын ишинде суд карары менен тастыйыкланган хукыйкый талапларды орынламау) газеп пайда етеди, мажбурий орынлатыу хаккындагы акланган талаплардын койылыуына алып келеди.

Петеражитскийдин юридикалык менталлыкты деп турде хам озинше конструтивлик сынга алады. Онда "хакимият" хам устемшилик илимий мазмунлы хам белгиленген манили терминлер характерине емес, ал белгили бир анык маниске ийе емес турде хукык санасынын хар кыйлы тарауларында колланылатугын созлердин характерине ийе болады. Ол озинин "хукык хам мамлекет теориясы" 91907), "Мийнетинде былай деп жазады: хазирги заманнын мамлекет таныу илими онын толык курылысына мууапык болган хакыйкый финоментлер кайсы салады болып атырганын хам онын табиятынын кандай екенлигин хам калайынша илимий методлар жардеминде олардын хакыйкый ис жузинде (баклау тажирийбе сезиуге ерисиу мумкин екенлигин билмейди. Солай етип фактлерди уйрениудин орнына болмаган затларды фантастикалык курыу хам хакыйкый бар нарсени билмеу жагдайы орын алады".

Хукыйкый хам адеп-икрамлылыктын психологиялык теориясы, асиресе теориянын тийкарына алынган метерологиялык конструкциялар улкен сын адебиятын пайда етти. Маселен П.И.Новгородцев бастан-ак Патаражитскийдин хукыкты философиялык изертлеп шыгыуды кориудин теориялык горизонтын кыскартатугын хам бурмалайтугын унамлы нызам жане амелий айланыс тарепинен болган гипноздан куткарыуга" умтылыуына жокары баха берди. Бирак усынын менен бир уакытта хукык идеясын ишки психикалык жеке тынышсызланыу сыпатында тажирийбе менен таллауда бизге хукыктын жуумакланган теориясын бермейди деп корсетти. Расмий позитивлик догматикада буган ерисе алмайды. Ал енди акырг жуумакка келетугын болсак, онын маниси психологиялык теориянын жетискенликлери юриспруденция шеклеринин тыскарыда туратугынлыгында

хам "табийий хукык философиясы ушын бул теория тирек болыуы мумкин емеслигинде". В.Н.Чичерин юридикалык позитивизмди сынга алыушы сыпатында Патражидскийди жокары бахалады, бирак хукыкка социаллык сиясат асбабы сыпатында барган бахасын катан сынга алды. Б.А.Кистяковский Петрожидскийдин мийнетлериндеги гносиологиялык кемшеликлерге дыккат аударды. Ол озинин илимлер тусинигинин пайда болыу теория хам турмыслык пикирлерди харкыйлы илимий маглыуматлар менен араластырып тусиндиреди деп корсетеди.

Бугинги куни Петражидскийдин теориясы хукыйкый реализм усаган ен жана агымлардын, сондай-ак тийкары болды деп кабыл етиледи.

## Миллий-социализмнин сиясий-хукыйкый идеологиясы

Бизин асиримиздин XX жылларынын басында биринши жер жузилик урыста женилиске ушырасан, коплеген экономикалык хам социаллык кыйыншылыкларга дус болган, сиясий хам идеологиялык жанжеллер орын алган Германияда миллий-социалистлик харекет пайда болды. Ол сол уакытлардагы Европанын ен улкен еллеринин бирин камтып алган терен жамийетлик дагдарыстын озинге бир корниси болды. Миллий-социалистлик харекет кыйын дагдарыслы жагдайды жениудин ози ислеп шыккан программасы менен харекет етти хам миллий социализм принциплери тийкарында Германия кайта курыу ушын гурес жургизди.

1933 жылдан баслап 1945 жыллар аралыгында немецлердин миллий социалистлери хакимиятты ийелеп турды, мамлекетлик-хукыйкый практикага, мамлекет хаккында хам хукык хаккында илимге озлеринин алган принциплерин тиккелей енгизди. Бул принциплер бос жерде пайда олмады. Олар ушын белгили социаллык тарийхый тийкарлар калиплести, белгили идеялык тырнак салынды.

Миллий-социалистлик харекет тарепиненкушли мамлекет, хаммеси колынан келетугын кудиретли бир тутас орайластырылган хакимият миллеттин жокары маплерин тамийинлеуге хукыклы хакимият тусиниги халыктын санасына синирилди. Деймарс системасына жактырмаушылык кейпияты синирилди. Тарийхый тарептен солай болды, биринши немец республикасы Германиянын аскерий женилиси натийжесинде пайда болды. Елдин копшилик халкынын санасында ол усы женилис пенен салыстырып каралды хам онын менен урыс акыбетлеринин барлык унамсыз жаклары байланыстырылды. Сонлыктан да Германиянын 1919 жылгы конституциясын беккемлеген республикалык демократиялык дузилисти копшилик адамлар мажбурий, кута бир жагымсыз, унамсыз жагдайлар тарепинен пайда болган сиясий дузилис формасы сыпатында карады, уакты келип ол озгертилиуи керек, деп есапланды.

Сол уакытта халыктын дунья коз-карасындв "адиллик" орнатыуга адил социаллык сиясатка болган умит орын алды. Маселен, булгиншиликке ушыраган рантие бурынгы байлыкларынын кайтыуын тиледи, олар инфляция акыбетинде жок болган еди. %нерментлер хам майда саудагерлер банклерден, треслерден, универмаглардан коргауды адиллик пенен байланыстырды. Булинген дийханлар - арзан кредитлер алыуды, бажы толемлериндеги женилликлерди хам ауыл хожалык онимлерине жокары бахалардын орнатылыуын болыуын тиледи. Жумысшыларга айланган бурынгы буржуазия ушын олардын откендеги социаллык статусынын кайта тиклениуи адиллик деп есапланды. Ал бурынгы аскерий хызметкерлер пенсиялардын кобейиуин келеди. Турмыстын кысыныспасына тускен адамлар оларга "адиллик" алып келетугын, ыкбалдын кыйыншылыкларынан коргайтугын, шатте калдырмайтугын кауендерди куседи. Мине усындай "хакыйкатлыкты миллий-социалистлик харекет агзалары уаде етти. Фашистлик демогоглар миллионлаган немецлердин умити менен исениминде сиясий капитал топлады.

Олар буган атап айтканда жамийеттин санасына сиясий-хукыйкый мадениятты, немец халкынын адеп-икрамлылык хам интеллектуаллык дарежесин абден томенлететугын руухый кадириятларды табанлылык пенен синдириу жолы аркалы еристи. Бул кадириятлардын тийисли дереклери бар еди. Олардын ушеуине токтап етейик. Биришиси-немец миллетшилиги. Ол этникалык басламаны (хаттеки дийрек ресалык, беринен бурын биологиялык) жамийетлик сиясий процесстин шешиуши факторы сыпатында мойынлауды хам немец миллетинин баскада барлык миллетлерден, халыклардан жокары таратугынлыгы хаккында идеяны оз ишине алды. Бул миллетшилик антисимитизм менен суугарылган еди. Биринши рет расалардын тенсизлиги хаккында концепцияны, оларды "кунлы" хам "кунсыз" деп белиуди кайырлы расалардын кунсыз расаларга карсы гуреси идеясын жер жузилик тарийхтын мазмуны сыпатында Хюстон С. Чемберлен (1855-1927) "германшылык" пенен байланыстырды.

Немец миллий-социализмнин екинши бир идеологиялык дереги миллий социализмнин колда осирилген путкил доктринасы болып табылады. 1919 жылы Освальд Шпенглердин (1880-1936) "Проссаклык хам социализм китабы жарык корди. Шпенглер былай деп тастыйыкланды: "Бугинги куни бир-бирин тууысканлык жек керишилик пенен карайтугын ески Руссия руухы хам социалистлик пикирлеу калпи ис жузинде бир нарсе болып табылады".

Немец, Пруссия социализмнин озине тан касийетли-чиновликлер принципти ардаклау болып табылады. Оган мууапык немец халык бирлигинин хар бир агзасы ол кандай ис пенен шугылланбасын мамлекетте хызметте болган чиновлик статусын алады хам амелге асырады. Жеке меншик турмыс уклады озгериссиз калады. Бирак ондирис хам айланыс мамлекет аркалы шолкемлестириледи. Онда казармалык интизамга хам катан иеархиялык субординацияга тийкарланган тартип хуким суреди.

Миллий-социалистликкоз-караслардын ушинши идеологиялык дереги бурыннан ак Германияда орын алган лебрализмге карсы дастур болып табылады. Бул жерде путкил XIX асир дауамында сиясаттагы хам идеялык турмыстагы либераллык багдар узликсиз алып топылыуларга ушырап барды. Даслеп олар капитализмнин феодаллык сыншыллары тарепинен болды кейиннен оны Германия буржуазиясынын он консервативлик топарларынын уакиллери дауам етти. Оларга садык болган жергиликли халыкты оз алдына еркин адамларга айландырыу макул келмеди, бундай адам зарур болган барлык хукыклар хам еркинликке ийе болады. Сонлыктан да кудиретли мамлекеттин колында гап кайтармайтугын, тил алгыш маронеткага айланып калмайды. Олар ушын колында исенимли болган нызамлы кепилликлери бар еркин адам Германия ушын булгиншилик акелетугындай коринеди.

Тоталитарлык сиясий хакимият системасында мамлекетке орайлык емес, ал апиуайырак орын ажыратылды. Миллий социалистлердин пикири бойынша мамлекет Германия сиясий бирлигинин тек гана элементлеринин тек гана бири болыуы тийис. Сиясий бирлик (бирдейлик) уш шаканка болинеди, анығырагы уш шакаптан куралады. 1)(харекет ягный миллий-социалистлик немец рабочий партиясы): 2) ("мамлекет") (атап айтканда мамлекетлик аппарат): 3) "халык" (ягный хар кыйлы партиялык емесхам мамлекетлик емес бирлеспелерге жамлестирилген немецлер).

Германиянын сиясий бирлиги структурасына фашизм идеологлары тарепинен онын абырайлы болеги ретинде соз жок. Олардык партиясы миллий-социалистлик немец рабочий партиясы мойынланды. Олар буны оз байрагы астына миллеттин ен жаксы адамларын топлаган бирлеспе деп есаплады. Бул адамлар озинин сыпатлары менен елге басшылык етиудин толык бирден-бир хукыкына ийе болады. Бундай сыпатлар дегенде келип шыгыу теги ямаса белгилилиги назерде тутылыуы гарт емес. Сайландыларга жигерге ийе болган, "миллий рух талапларын баскаларга караганда жаксы тусиниуге хам турмыска енгизиуге укыплы болган, бундай максетке ерисиу ушын хамме нарсеге таяр турган адамлар киреди.

Германиянын сиясий бирлигинин ишинде миллий социалистлик немец партиясынын анык озгешеликлерин кандай сиясий-идеологиялык корсетпелер белгилейди. БиринШиден, социаллык аренадан фашист партиясынан хам оган багынышлы шолкемлерден баска барлык сиясий партиялар менен жамийетлик топарларды шетлетиуге, жок етиуге багдар, ягный Гемарнияда фашистлик бир партиялы сиясий системаны тастыйыклауга болган багдар. Екиншиден фашистлик партияны жалпы хакимиятлык хукыклардын бирден бир монополлык ийесине хам монополлык идеологиялык устемлик жургизиу институтына айландырыу. :шиншиден, фашистлик партиянын мамлекет устинен шексиз кадагалауын орнатыу хам мамлекетти оз алдына сиясий фактор ролинен айырыу.

Миллетшилер партиясынын мамлекет устинен бийлигин бир катар илажлар жардеминде тамийинлеу усыныс етилди. !сиресе партия менен мамлекетти бир турге акелиуге дыккат каратылды. Анығырак айтканда, миллий партиянын мамлекет пенен косылып кетиуине дыккат каратылды хам бул партиянын оларга толык басшылыгын амелге асырыуды билдирди. эБирдейлик" дегенде белгили бир амелий илажлар комплексин откериу тусинилди. Олардын бир катарына токтап етейик. Аз гана болса да белгили болган ямаса ахмийетли мамлекетлик лауазымларга тек гана миллий партиясы агзаларын тайынлау. Онын катарында болыу мамлекетлик лауазымды ийелеуди ен ахмийетли артыкмашылык. Мамлекетлик хам орайлык партия хакимиятынын ен жокары сиясийшынындагы лауазымнын бир колда болыуы мамлекеттин озитарепинен барлык мамлекетлик уйымлар, олардын кадрлары хам жумысы устинен барлык жерде партиялык кадагалау орнатыуды нызамластырыуы. Мамлекетлик уазыйпаларды миллетшилик (нацистлик) партияуйымларына бериу. Бир профильдеги мамлекетлик хам партия дузилислерин бир-бирине косыу. партиялык-шолкемлестириу хам угит-насиятлау жане тусиндириу жумысы менен шугылланатугын партия хызметкерлерине мамлекетлик хызмет хакы (чиновликлердин айлыгына уксас) белгилеу.

Онын дузиушилеринин пикири бойынша фашистлик-партиялык мамлекет демократиялык хукыйкый мамлекетти путкиллей карама-карсы болады. Олар демократиялык карсы келеди деп бийкарлайды. Мамлекеттин бул туринде оларга не макул болмады, онда жеке бийлик етиу режеминин болмауы жане хакыйкый мамлекетлилик принциплерди алып дуриушинин болмауы макул келмеди. Парламентаризм хам коп партиялылык система, сиясий кушлердин плюрализми жане олардын мамлекетке тасири, хамменин нызам хам суд алдынды тенлиги оларга тууры келмеди.

Ал ен макул ен жаксы мамлекетти олар демократия сапластырылган, буржуазиялык жамийеттеги индивидуализм хам пытыранкылык сапластырылган мамлекетти корди. Бундай мамлекет расалык тийкарда калиплесиуи хам миллеттин жокары маплери ушын бирге ислесиуши катламлар бойынша структураластырылыуы тийис еди. Онда пухараларгаорын болмайды,онда-барлыгы карамындагылар, олар мамлекетке хызмет етиуге хам онын буйрыкларын орынлауга миннетли. Бул мамлекетте томендегидей пастулат салтанат суреди: карарлар жокарыдан томенге, жууапкершилик томеннен жокарыга.

Онда индивидтын жеке еркинлиги, буларды амелге асырыу кепилликлери ен жокары кадриятлар деп аталатугын демократиялык хукыйкый мамлекет концепциясын каралау фашист идеологияларына оз бетинше "хукыйкый мамлекет" категориясынан пайдаланыугазыян бермеди. Егер олардын коз-карасынша Вамбер республикасы "расмий" хукыйкый мамлекет болган болса, онда бул республиканы кулаткан миллий социалистлик "ушинши рейх", "материаллык хукыйкый мамлекет" сыпатында пайда болды. "Материаллык" мамлекет хукыйкый манисинде тусиндирилетугын хукыкка емесЮ ал куштин хукыкына анагырак айтканда, физикалык кузке суйенеди.

Бундай мамлекетке басшылык етиу тек гана кесем (Плюрер)-Гитлер тарепинен амелге асырылыуы тийис еди. Атап айтканда, мамлекетке усындай сиясий басшылыктын

зарурлигин хаккындагы бийкарланбайтугын далил фашистлик идеологиянын негизине киреди.

"Фюрер-Принцип" ти оз куралы етип алган фашистлердин хукык таныушылары кесемде хукыкты бирден бир доретиушини корди. Сонлыктан да олар мынадай позиция тутты: хукык деп табылама ямаса хукык емес деп табылама тек гана Фюрердин жууабынан (шешиминен) белгили болады, соган байланыслы болады, себеби ол Германия миллетинин хукыкынын бирден-бир дереги болып табылады. Олардын пикири бойынша Фюрер хукыкка байланыслы тийисли карар шыгара отырып, "турмыстын халыклык нызамларын" дузеди, олар кандай да бир абстрактлык хукыйкый постулатларга багынбайды. "Халыкка пайдалы болган барлык нарселер хукык болады, оган зыян келтиретугын барлык нарселер хукык емес". Бунда хукыкты фашистлердин тусиндириуинин жане бир белгили сыпаты айкын коринип тур. Ол хукыкты сиясий жагдайга, сиясий максетке мууапыклыкка хызмет ететугын жагдайга койыу.

Жамийеттин санасына озлеринин илимге карсы, тусиндирип болмайтугын хукык тусинигин синирип миллий-социалистлер адил судлауды да жок кылды. Баринен бурын олар суд хакимиятын оган тан оз бетиншиликтен, гарезсизликтен айырды. Империялык адиллик министри суд карарлар хам хукимлери шыгарыуы менен байланыслы болган судлардын жумысына толык кадагалау орнатты. Фюрер озине тек гана жокаргы судьянын хукыкын алыу менен шекленген. "Нызамсыз жаза жок" принципи "жазасыз жынаят жок" далили менен озгертилди. Бундай жагдайларда коплеген жынаят кураллары устиртин дарежеде корип шыгылып, солай етип, копшилиги гитлердин режемине куллардан болып хызмет етип атырган судьялардын оз белгиленин ислеуине кен жол ашылды.

## Қайта тикленген табийий хукык

Әййемги грек ой-пикиринде айырып корсетилген табийий хукык хам жасалма хукык деп алыныу жагдайы буннан кейинги дауирлердин коплеген авторлары тарепинен коллап-кууатланды.

XX асирде Канттын жана тарепдарлары тарепинен (Р. Штаммлер хам баскалар) бул темага жана коз-карас рауажландырылды. Олар адалатлылыктын басланыуын абсолютлик табийий хукык деп жариялады. Бул басланып хукыктын кол жетпес идеалга тарийхый харекетин бахалауда дерек хам масштаб сыпатында кабыл етиле баслады. Хукыкка тусиник бериу, солай етип оз предметине нормага ишки тийисли болган адиллик талабын хам омир сурип турган жамийет кадириятларына хукыктын тийислисинше ийемлесиуин оз ишине алды. Солай етип, тарийхы озгерип туратугын мазмунга ийе табийий хукык концепциясы пайда болды.

Ҳазирги заман Англия хукык таныушысы Лон Фуллер хукыйкый норма оз ишине акыр жетерлик максетти алыуы, хам оган ерисиу куралларын корсетиуи тийис. Бул манисте хукыктын хар бир нормасы субстанционаллык болады. (менилилик мазмунга ийе болады, тийислилик ахмийетти озине алады хам солай етип кадирият болып табылады). Усынын менен бир уакытта хар бир норма инструменталлык болып табылады, озинин усы олшеминде ол максетке ерисиу ушын куралды аныклап береди. Айтылганларды есапка алыу менен путкил хукыйкый системада куллылык, кадирият пенен толтырылган болады. %з позициясын тусиндире отырып, Фуллер хукыкты имплицитлилик (назерде тутылатугын) хам эксплатицитлик сырткы, толтырылган исленген деп айырады.

Имплицитлилик хукык бул дастурлер хам адамнын карым-катнасыкларын нормативлик тартиплестириудин соган уксас турлери, олар кобинесе созлик хам символлык белгилеуге ийе болмайдф. Исленген хукык бул сырттан билдирилген шартнаманын нормалары менен талапларына киргизилген саррас каделер. Эксплитицитлик хам имплицитлик хукык маниси бойынша максетти болжау хукык, себеби барды да болыуы тийисли де бирлестиреди. Суверенлик хакимияттын амелде калеген буйрыгын хукык деп жариялайтугын позитивизмнен хам онын нормаларынын иерархиясы хам нормасы менен нормативликте жане хукык нормасын мумкин болган нарсени айтыу сыпатында кабыллайтугын социологиядан айырмасы Фуллер хукыкта

максетти болмауга емес, ал оны ис асырыу куралларына дыккат каратады, буларда хукыкта алынган, бул жагдай хукыкка хам путкил хукыйкый системага бахалы система касийетин береди. Хукыктагы улыума максет калай еткенде система адамнын хызметин багдарлайды хам кадагалайды мине усы болып табылады. Бирак усынын менен катар буннан да айкынырак максетлер болады, оларды Фуллер процессуаллык максетлер деп атайды. Шартнамалы хукыкта олар бир кыйлы болса, суд суйлеулеринде баскашарак болады. Исленген хукыктын барлык турлери томендеги талапларга жууап бериуи тийис: Далилленген болыуы керек, оз талапларынын улыума характерине ийе болыуы тийис, кери кушке ийе болмайды, карама карсылыклардан еркин хам айкын болыуы тийис, сондай-ак жеткиликли дарежеде беккем, тураклы болыуы хам зарур, мумкин емес нарсени талап етпеуи тийис. Олардын колланыу усы нормада да алынган максетлер хам курал арга муупык келиуи керек.

Хукыктагы моральлыкка Рональд Дворник бир канша баскарак сыпатлама береди. Ол "хукыклар хаккында шантлап айтатугын болсак" деген мийнеттин авторы (1972) позитивлик хукык тек гана инструменталлык емес, ал моральлык коз-карастан да бахаланыуы тийис. Тупкиликли субъективлик хукыклар онын пикиринше адалатлык коз-карасынан хукыкты моральлык олшеудин тийкарынан алыныуы тийис принциплер менен олшемлерди пайда етеди. Жетекши, баслы хам белгилеуши принцип тенлик хукыкы болып табылады, ямаса "тендей хурметлеу хам катнас етиу хукыкы" болады.

60 жылларда Артур Кауфман (табийий хукык хам тарийхыйлык 1957) хукыктын мазмунында тарийхый озгериушилик алементин абсолютке шыгарыуга карсы болды хам усыган байланыслыхукыкты табийий-хукыйкый кабыл етиу позитивликтен тыскары хукыйкый принциплердин тураклы болыуын хам харекетин мойынлауга хамонын мумкин екенлигине тийкарланган деп атап корсетти. Усынын менен бирге ол хукыкты тарийхый озгерип турыушы финомен деп кабыл етиуге де келисти, онын мазмунына "усы жерде хам хазир" харекет етиуши айырым юридикадан тыс факторлардын киргизиледи.

70 жыллары Кауфман бул позициялардан бас тартты хам табийий хукыйкый талийматлардын натийжесизлиги хаккында жариялады. Булдауирде ол харекет етиуши хукыкты билиуде сын таллау мумкиншиликлеринн жокарыбахалады, онын пикиринше буларды юридикалык герменевтика корсетип атыр. Бул онын амелий колланыуындагы юридикалык тилдин озинше бир философиясы болып табылады. герменевтиканын кол аныу орны бириншигезекте хакыйкый, ал китабын мемс хукыктын жаршысы болган судьянын хызметинде болып табылады. Судья калай болганда да хукыйкый норманын хам жанжелдин юридикалык мазмунынын тил менен билдириулерин салыстырып кориуди откериуге миннетли. Буны норма тартиплестириуи тийис. Солай етип, табийий хукыктын онтологиялык тийкары Кауфман тарепинен "турмыс нызамлылыклары" тарауынан "турмысты тил менен билдириу" тарауына откериледи хам коп тури озгертилген табийий хукык германевтикалык табийий хукыкы хаккында болады. Баскаша айтканда, бул жерде нызам судья шешимин ислеп шыгыу процессинде кадени шыгарыу ушын толыкжеткиликли деп есапламбайды, тек судьягана анык жанжелли жагдайдын мазмунын хам манисин тийисли турде есапка алыуы хам усы уакытта хамусы орында каншелли дарежеде нызам ислердин жагдайына мууапык келетугынлыгын дыккатка алыуга укыплы.

XX асирдин екинши ярымынан кейинги дауирде табийий хукыйкый дастурлерге жана тусиниклер менен Д.Роулс(адалатлык теориясы, 1872) хам Д.Финнес (табийий нызам хам табийий хукык 1980) шыкты.

Д.Роулс адалатлык теориясын Аристотельдин болистириуши адалатлык концепциясына тийкарланып карап шыгып, бир канша апиуайыласкан турде алады. (Жамийеттегибар болган ийгиликлер адамлардын оз-ара талаплары тийкарларында хам барынша мумкин тенлиу тийкарында болистирилиуи тийис)). Роулс "даслепки ийгиликлер" конструкция тусинигин пайдаланды, бул ийгиликлер болистирилиуи тийис

деп корсетеди. Ол булардын катарына еркинликти, тендей мумкиншиликлерди, материаллык жеткилиликлердин белгили дарежесин киргизиледи. Усы барлык "даслепки ийгиликлер" адамга озин-озихурметлеуди тала тамийинлейди, сонын менен бирге булар адамга оз бетиншеликти тамийинлеу шартлеринин мазмуны болып табылады.

Ол адил болистириу принциплерин орнатыуга айрыкша ахмийет береди. Роулс бундай биринши принцип сыпатында хар бир адамнын тийкаргы хукыклар хам еркинликлер тендей дарежеде ийе болыу талабын есаплайды. Жекехукыклар хам еркинликлер системасы жалпы еркинлик пенен сайкес келиуи тийис. Бунда еркинлик барынша кен турде берилиуи керек,оны шеклеу тек гана оны жаксы коргау максетлеринде болса гана акланыуы мумкин. Еркинлик тек еркинлик ушын гана шеклениуи мумкин. Екинши принцип тенликти талап етиуди еркинликтиде тендей ийелеу хам йигиликлерди де тендей болистириу сыпатындагы талап етиу (бул кадеген шыгып кетиу булжерде текбурыннан калиплескен тенсизликти дузетиу максетлеринде гана болыуы мумкин). Бул принцип байлык, базасында ямаса тууылганнан баслап пайда болган яки калиплескен тенсизликти барынша сапластырыуга каратпаган тендей мумкиншиликлер принципи сыпатындаайкынластырылады. Ҳар бир адам жамийетте белгили бир статус алыуга умтылыуында тендей мүмкиншиликлерге ийе болыуы тийис.

Финнестин тийкар боларлык тусиндириулеринин бири бойынша позитивлик хукыктын абыройы онын адиллигине ямаса ен болмаганда онын адиликтин тамийинлеу укыплыгына байланыслы болады.

1991-жыл 31-август күни тарийхымыздың түптен бурылыў болды. Өзбекстан буйрықпазлық дүзимнен бас кешип, ашық демократиялық ҳәм ҳуқықый мәмлекет, жәмийетлик бағдарланған базар экономикасын жүзеге келтириў жолына өтти. Халқымыздың әсирлик арзыў үмитлери ҳәм умтылыўларына жуўап беретуғын өмирге қәдем қойдық. Ҳуқықый мәмлекетшилик түрлери, оған өтиў жоллары ҳәр түрли болыўы мүмкин. Бул ҳәр бир мәмлекеттиң жәмийетлик раўажланыў өзгешеликлери, миллий руўхый дәстүрлери, мәмлекетшилик тәжирийбеси, сиясий ҳәм ҳуқықый мәдений дәрежеси, геополитиялық жағдай ҳәм басқалар менен белгиленеди.

Өзбекстан ғәрезсизлик имканиятларын алдыннан байқады, мәмлекет жәмийетлик-сиясий жағдайларының барысын туўры баҳалады ҳәм биринишлер қатарында өз ғәрезсизлигин жәриялады. Ғәрезсизлигимиздиң биринши ҳуқықый тийкары «Өзбекстан Республикасының мәмлекет ғәрезсизлиги тийкарлары туўрысында»ғы нызамда (1991 жыл 31 август) өз тәрийпин тапты. Бул нызамда Өзбекстан Республикасы «Миллети диний исеними ҳәм келип шығыўына қарамастан, республика аймағында жасаўшы ҳәр бир адамның мүнәсип өмир кешириўи ар-намыс ҳәм қәдир-қымбатын тәмийинлейтуғын инсаный демократиялық ҳуқықый мәмлекет қурыў» умтылыўды салтанатлы рәўиште дағазалайды. «Ғәрезсиз өзбек мәмлекети,-деп жазған еди Президент И.Каримов,-халқымыздың тарийхый жеңиси. Халықы жүз жыллар даўамында арзыў қылған Өзбекстан шыннан ғәрезсизликти қолға киритип, гүллеп- жаснаўы ҳәм тынышлыққа ерисиўи, раўажланған демократиялық мәмлекетлер қатары халық –аралық жәмийетшилигинде мүнәсип орын ийелеўи- биз гөзлеген уллы мақсет».

Ҳуқықый мәмлекет қурыўдың теориялық тийкарлары ҳәм әмелий машқалалары Өзбекстанның 1992 жылғы Конституциясында мәмлекетимиз Президенти И.А.Каримовтың «Ўзбекистон келажаги буюк давлат», «Буюк келажагимизнинг ҳуқуқий кафолати», «Ўзбекистоннинг сиёсий, ижтимоий ва иқтисодий истиқболининг асосий тамойиллари», «Ҳозирги босқичда демократик ислоҳотларни чуқурлаштиришнинг муҳим вазифалари», «Ўзбекистон XXI аср бўсағасида: хавфсизликка таҳдид, барқарорлик шартлари ва тараққиёт кафолатлари», «Озод ва обод ватан, эркин ва фаровон ҳаёт-пировард мақсадимиз», «Ўзбекистон XXI асрга интилмоқда» ҳәм басқа шығармаларында ҳәр тәреплеме белгилеп берилген.

Бул шығармаларда жәмийет ағзаларының кепиллигин байытып барыў, ҳуқықый нормалардың орынланыўын тәмийинлеў, жәмийетлик, экономикалық, сиясий, сыртқы қатнасықларды тәртипке салып турыўшы жетилискен нызамлар ҳәм басқа норматив ҳуқықый ҳүжжетлердиң бар болыўы ҳәм оларды тийисли мәмлекет органлары бақлаўы астында орынланыўы, ҳуқықый мәденият, нызамға ҳүрмет ҳәм оған әмел етиў сыяқлы машқалалары теориялық тийкарланған.

Өзбекстан Республикасы Президенти И.Каримов республикада ҳуқықый мәмлекетти дөретиў сүренлер ҳәм шақырықлар менен әмелге асырып болмаслығын, бул ис жәмийетлик турмыстың жаңа түрлери, институтлары ҳәм қатнасықларын жаратыў менен байланыслы қурамалы ис екенлигин үзликсиз айтып келмекте. Бул ислер арасында жәмийеттиң барлық тараўларын еркинлестириў, көпшилик пикирин демократияластырыў, жаңа ҳуқықый ҳәм сиясий қәдириятларды өзлестириў ҳәм турмыста қолланыў әҳмийетли орын ийелейди. Ҳуқықый мәмлекетшиликти дөретиў ушын биринши гезекте кең көлемли сиясий ҳәм экономикалық реформаларды әмелге асырыў, мәмлекет суверенитетин беккемлеў, ески буйрықпазлық басқарыў дизимин ҳәм оған сай болған ҳәкимият ҳәм басқарыў органларын жоқ етиў, миллий мәмлекетшиликтиң экономикалық жәмийетлик, ҳуқықый тийкарларын жаратыў.

Мәмлекеттиң тарийхы ҳәм ҳәзирги күни ортасындағы өз-ара байланыслылықты, келешегимиз стратегиялық жолларын туўры таңлаў, әмелге асырылып атырган реформаларды тарийхый тийкарлап бериў, өтмиш қәдириятларын қайтадан баҳалап шығыў өзбек мәмлекетшилик раўажының жаңа жолларын излеп табыў айрықша әҳмийетке ийе болды. Бүгинги реформаларымыздың жетискенликлери көп жақтан миллий тарийхый тәжирийбе ҳәм сабақлардың улыўма инсаный тарийх нәтийжелери ҳәм сабақлары менен, ҳәзирги заман жәҳән жәмийетшилиги ҳәм мәмлекетлериниң раўажланыў тенденциялары менен сәйкес алып барыўға байланыслы. Соның ушын да Өзбекстан Президенти И.Каримов ўатанымыздың өзине тән миллий өзгешеликлери ҳәм

тарийхын, жәҳән жәмийетшилиги тәжирийбеси ҳәм ҳәзирги заман машқалалары менен сәйкес алып барыў зәрүрлигин түсиндирип келмекте.

Өзбек мәмлекетшилигиниң жүзеге келиўи, раўажланыўында ҳәм усы шегарада жүзеге келген сиясий- ҳуқықый мәдениятының өзине тән өзгешеликлериниң жүзеге келиўинде климат, аймақ, хожалық искерлигиниң дәрежеси ҳәм характери, жәмийетлик-мәдений турмыс тәризи, миллий дәстүрлер, көп динлилик, ғәрезсизлик ушын гүрес ҳәм басқа себеплер тәсир етти. Мәмлекет қурылысында басқалардан үлги алыў, мәмлекет өзгешеликлери ҳәм миллий руўхыятын есапқа алмасақ мәмлекетти басы бекитиўли көшеге киритип қояды.

Өзбекстан Президенти бул мәселеге өзиниң қатнасығын анық ҳәм түсинерли баян етти. Ҳәр бир миллет өз миллий руўхыятынан келип шығып бул мәселеге жантасыў зәрүрлигин, халық мүтәжликлерин есапқа алмасақ, демократиялық жағдайларды шеттен үлги алып көшириў ҳеш нәтийже бермейди. Керисинше, пүтинлей жол шийеленискен ҳәм қәтерли ақыбетлерге алып ҳәм келиўи мүмкин, -деп айтып өтти. «Ҳәр бир мәмлекет-тәкирарланбас жәмийетлик ҳәдийсе. Ол ҳәр қандай халық тарийхый ҳәм руўхый раўажланыўының мийўеси, оның өзине тән, өзине сай мәденияты раўажының нәтийжеси» –дейди, И.Каримов. Өзбекстан өзине тән раўажланыў жолын таңлап алған мәмлекет. Бул жол жәҳәнде өзбек модели деп тән алынған раўажланыў жолы. Журтбасшымыз тәрепинен илимий тийкарланған бул жолдың бес бағдары жүзеге келди. Булар экономикалық сиясаттан үстемлиги, мәмлекеттиң бас реформаторлылығы, нызам үстемлиги, күшли жәмийетлик сиясий жүргизиў, базар экономикасына басқышпа-басқыш өтиў. Усы бағдарлар Өзбекстанның өз ғәрезсиз ҳәм раўажланыў жолының тийкарын, өтиў дәўири дәстүрлериниң негизин дүзеди. Олардың әмелге асырылыўы мәмлекетимизде жәмийетлик-сиясий мәңгиликти, ең әҳмийетлиси, базар қатнасықларын избе-из турмысқа енгизиўин тәмийинлемекте. Раўажланыўдың өзбек модели халқымыздың миллий мәмлекетшилик дәстүрлерине, қәдириятларына таянған.

«Биз таңлаған раўажланыў модели, базар экономикасына таянған анық демократиялық мәмлекет қурыў, пуқаралық жәмийет тийкарларын дөретиетуғын жаңа турмыс қурыў ҳәрекетимиздиң бир тәрептен көп әсирлик тарийх, уллы мәденият, уллы миллий дәстүрлер, муқәддес қәдириятларға, екинши тәрептен болса жәҳән халықларының ең алдыңғы табысларын өзинде жәмлестирген тәжирийбеге тийкарланған жолымыздың туўры екенлигин турмыстың өзи тастыйықламақта». Президент И.Каримов өз шығармаларында мәмлекетшилик негизлерин белгилеўши себеплерди анықлаўға айрықша әҳмийет береди. «Бүгин жәмийетте жәмийетлик мүлк жағдайларының объектив өзгериўи жүз берип атырған бир ўақытта әдиллик идеясын ықшам жуўмақ пенен

тәрийиплеў мүмкин. Яғный мәмлекет, жәмийеттиң кескин қатламланыўына, асып- тасып кеткен байларға, камбағал-гедейлерге бөлинип кетиўине жол қоймаслығы керек». Журтбасшымыздың пикирлерине көре мәмлекет адамлардың өз қәбилетлерин толық көрсетиўлери ушын зәрүр болған тең имканиятларды жаратып бериўи лазым. Бул мәмлекеттиң ўазыйпасы. Мәмлекет өтиў дәўиринде шешиўши роль ойнайды. Ол реформалардың баслаўшысы болып майданға шықты, қабыл етилген қарарлардың орынланыўы үстинен бақлаў алып барыўды тәмийинледи, халықты өтиў дәўириниң қыйыншылықларынан қорғаў ўазыйпасын өз мойнына алды. «Туўрысы мәмлекет жаңа ҳуқықый база ҳәм жаңа жәмийетлик қатнасықлар жүзеге келиўинде, еркин демократиялық нормаларға өтиўде, көп укладлы экономика ҳәм базар инфраструктурасының қәлиплесиўинде жаңа банк, финанс, салық дизими жүзеге келип, жаңа мазмун менен толығыўында басламашы болды». Өзбекстан кең көлемдеги реформалар жолына, жәмийетти түптен өзгертиў ҳәм жаңалаў жолына кирди. «Тек ғана ғәрезсизликтиң тийкарында жаңа демократиялық қәдириятлар тамыр атыўға, инсан ҳақ- ҳуқықлары ҳәм оның erки тийкарғы байлығы болған ҳуқықый мәмлекет ҳәм пуқаралық жәмийетине сай келетуғын жаңа замагөй сиясий, хожалық ҳәм уйым дүзилмелери қәлиплесиўине имкан туўылды».

Мәмлекет турмысының жаңа демократиялық ҳуқықый тийкарлары жаратылды. «Мәмлекет түсиншеси оның мәнис- мазмуны түптен өзгерди. Ол реформалардың бас баслаўшысы ҳәм оларды мақсетке муўапық тийкарғы күшке айланды. Мәмлекет базар экономикалық қатнасықларға исеним менен пухта ойлаған ҳалда басқышпа-басқыш өтиўди әмелге асырмақта». Өзбекстанда ҳуқықый мәмлекетти жүзеге келтириўде теориялық көз-қараслар, ҳуқықый мәмлекетшилик искерлиги жақсы ҳәм жаман тәреплери есапқа алынды. Ҳуқықый мәмлекет бул ҳуқық үстемлиги идеясы ҳәм принципиниң айрықша түрде тәрийипleniўи. Нызам үстемлигин қәлиплестирместен турып ҳуқықый мәмлекет ҳаққында айтыў да мүмкин емес.

Өзбекстан Президенти И.Каримов нызам үстемлигин ҳуқықый мәмлекеттиң тийкарғы принципи, деп есаплайды. «Ҳеш бир мәмлекет органы ҳеш бир хожалық жүритиўши ҳәм жәмийетлик-сиясий шөлкем, ҳеш бир әмелдар, шахс ҳеш бир адам нызамға бойсыныў мәжбүриятынан азат болыўы мүмкин емес. Нызам алдында ҳәмме тең. Нызам үстемлиги сонны аңлатады, тийкарғы жәмийетлик, ең әўеле, экономикалық қатнасықлар тек нызам менен тәртипке салынады, оның барлық қатнасыўшылары болса ҳеш бир артықмашылықсыз ҳуқық нормаларын бузғанлығы ушын жуўапкер болады». Нызам үстемлиги өз нәўбетинде инсан ҳуқықый ҳәм еркинликлерин ҳәкимиятлар бөлиниў принциплерин тәмийинлеўди, контитуциялық ҳуқықый бақлаў ҳәм басқа қураллардың

қәлиплесиўин талап қылады. Мәмлекеттиң ҳуқықыйлығының жалғыз өлшеми де усында Өзбекстан мәмлекет ғәрезсизлигине ерискеннен кейин, жаңа суверен мәмлекет ўазыйпасын конституциялық жақтан беккемлеп қойыў машқаласы жүзеге келди. «Мәмлекетимиздиң келешеги, халқымыздың тәғдири көп жақтан Конституциямыз қандай болыўына байланыслы», деген еди журтбасымыз. Бизге жаңа ғәрезсиз мәмлекетимиздиң өзгешелиги, ишки ҳәм сыртқы сиясатының тийкарғы қағыйдалары, улыўмаинсаный қәдириятларға, инсан ҳуқықларына, демократия ҳәм жәмийетлик әдиллик идеалларына тийкарланған Конституция керек еди. Жаңа Конституцияны ислеп шығыў зәрүрлиги ҳаққында идея 1990- жыл март айында болып өткен он екинши шақырық Өзбекстан Олий Кенгашиның биринши сессиясында-ақ айтылған еди. Биринши Олий Кенгаши 1990- жыл 20 -июньда Өзбекстан Президенти басшылығында Конституциялық комиссия дүзди. Конституция жобасын таярлаў базасындағы барлық ислер Ислам Каримовтың тиккелей басшылығында әмелге асырылды.

Журтбасымыз Конституция жобасына әҳмийетли анықлықлар, дүзетиўлер ҳәм қосымшалар киритти. Тийкарғы итибарды Конституцияда инсан ҳәм пуқаралар ҳуқықлары, еркинликлери ҳәм миннетлемелери, мәмлекет ғәрезсизлиги идеяларына қаратты. Ислам Каримовтың Конституциясында өз сәўлелениўин тапқан идеялары оның 1992 жыл жазында басып шығарылған. Өзбекстанның өз ғәрезсизлиги ҳәм раўажланыў жолы» шығармасында көрсетилген. «Конституция бизге инсан ҳуқықлары, азатлық, турақлылық ҳәм раўажланыў мазмунын тәриплейтуғын демократиялық, ҳуқықый ҳәм әдил мәмлекетти қандай етип қурыў жолларын ашып береди, - деп жазған еди журтбасшымыз. Өзбекстан Конституциясында ҳуқықый мәмлекетшиликтиң тийкарғы белгилери өз сәўлесин тапқан ҳәм беккемленген.

Конституцияға муўапық Өзбекстан суверен демократиялық республика. Халық мәмлекет ҳәкимиятының бирден-бир тийкары. Халқымыз өз ҳәкимиятын тиккелей ҳәм мәмлекет арқалы әмелге асырады. Себеби мәмлекет халық еркин тәриплеп, оның мәплерине хызмет етеди. Өзбекстанның жәмийетлик ҳәм мәмлекет-ҳуқықый дүзилисиниң тазалығын белгилеўши бир қанша принципиал қағыйдалар Конституцияда беккемленген. Бул инсанның ең жоқары қәдирият екенлиги, оның ҳуқық ҳәм еркинликлери, ҳәкимиятларының бөлиниў принципи, жеке, улыўма ҳәм мәмлекет мүлкшилик түрлерин тән алыў ҳәм кепиллик бериў, жаңа экономикалық мәкан, жарыс, еркин экономикалық искерликти қоллаў ҳаққындағы конституциялық қағыйдаларда көрсетилген.

Ҳуқықый мәмлекет теориясы ҳәм искерлигиниң тийкары ҳәм мақсети сиясий ҳәкимият пенен инсан ҳәм пуқара ортасындағы қатнасықларды ҳуқықый формаға салыў инсан ҳуқықый формаға еркинликлерин тән алыў ҳәм кепиллик бериўден ибарат.

Сонны да айтып өтиў керек инсан ҳәм пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлери, олардың ҳәкимият пенен болатуғын ҳуқықый қатнасықлары ҳәкимияттың қалеўи ямаса саўғасы емес. Бул усы жәмийетте объектив пайда болатуғын ҳуқықтың қураллар бөлеги, талабы. Бул талапқа әмел қылыў ҳәмменің, биринши гезекте ҳәкимият ҳәм оның ўәкиллериниң юридикалық миннетлемеси. Ҳуқықый мәмлекет идеяларына тән болған бул дәстүрий талап инсан ҳуқықларының қолқатылмаўшылығын тәрийиплейди. Соның менен бирге бул талап тоталитар дүзим дәўиринде ҳүким сүрген, пуқараға ҳуқық ҳәм еркинликти ҳәкимият саўға қылады, деген қыяслаўларды жоққа шығарыў демек. Өзбекстан Президенти И.А.Каримов Советлер дәўиринде инсан мәплерин мәмлекет мәплериниң үстемлиги нызамластырып қойылғанлығын айтып өтип, былай дейди: «Бүгинги Тийкарғы Конституциямызда болса мәмлекет те, жәмийет те, әўеле, инсан мәплерине хызмет етиўи, оның ҳақ-ҳуқықларын қорғаўы турақлы бағдар сыпатында белгилеп қойылған ҳәм биз өз ишки ҳәм сыртқы сиясатымызды, барлық тараўда әмелге асырылып атырған реформаларды әне усы бағдар негизинде алып барыўды өзимиздиң әҳмийетли мақсетимиз қылып қойғанбыз». Президент ҳәр бир ҳәмелдар шахс «Мен ҳүкимдар емеспен, бәлки маған исеним билдирип таңлаған адамлардың хызметшисимен, деп сезиниў зәрүрлигин айтып өтти.

Мәмлекет нызам арқалы жәмийет ҳәм шахс еркинлигин тәртипке салады бирақ өзи де нызам менен шекленген. Ол нызам арқалы пуқара, уйым шөлкемлери ҳәм басқа мәмлекетлер менен болатуғын қатнасықларында әдиллик ҳәм теңликти тәмийинлеўши миннетлемелерди өз мойнына алады. Инсан ҳуқықы ҳәм еркинликлери өзгермес бир нәрсе емес. Ол тарийхый шәрият пенен байланыслы, өзгеретуғын ҳәм раўажланып туратуғын жәмийетлик ҳәдийсе.

Өзбекстан Конституциясының абзаллықларының бири, онда ҳуқықый мәмлекетшиликтиң мазмуны ҳәм тийкары инсан ҳәм пуқара ҳуқықлары ҳәм еркинликлерин тән алыў ҳәм қорғаў көз-қарасынан берилген. Инсан ҳуқықы ҳәм еркинликлери ҳуқықыйлықтың дәслепки тийкары. Бул жаңа ҳуқықый жақынласыў тарийхта сыналған инсан ҳуқықы ҳәм еркинлиги ҳаққындағы қағыйдаларға таянады. Конституция және бир әҳмийетли қағыйданы баян етеди. Бул инсан ҳәм пуқаралардың тийкарғы ҳуқық ҳәм еркинликлериниң қолқатылмаўшылығы. Суд қарарсыз олардан айырыўға яки оларды шеклеп қойыўға ҳеш ким ҳақылы емес.

Өзбекстан Конституциялық ис тәжирийбесинде биринши реет ҳәр бир пуқараның тәбийий ҳәм қолқатылмаслық ҳуқықлары тән алынды. Бул жасаў ҳуқықы, инсанның физимкалық ҳәм руўхый қолқатылмаслық, пуқараның өзиниң жасаў ҳуқықы, жаңалықлар алыў ҳуқықы, айыпсызлық презумпциясы, суд қорғаўы ҳуқықы, саламат қоршаған

әтирапқа ийе болыў ҳуқықы ҳәм басқалар. Солай етип, Конституциямызда инсан ҳуқықы ҳәм еркинликлериниң жоқары қәдириятлығы ҳәм олардың қолқатылмаслығын муўапықластырылды.

Ҳуқықты бундай гуманистлик түсиниў шахстың индивидуал ҳуқық ҳәм еркинликлериниң тийисли принципинен келип шығады. Конституция оларды тән алыў менен бир ўақытта әмелге асырыў шегараларын да белгилеп береди. Конституцияда түрли индивидуал ҳуқық ҳәм еркинликлердиң шегаралары төмендегише белгиленеди:

«Пуқаралар өз ҳуқық ҳәм еркинликлерин әмелге асырыўда басқа шахслардың мәмлекет ҳәм жәмийеттиң нызамлы мәплери, ҳуқықлары ҳәм еркинликлерине зыян жеткизбеўлери шәрт».

Инсан ҳуқықы ҳәм еркинликлери Конституцияның тийкарғы мазмуны екенлигин айтып өтиў айрықша әҳмийетке ийе. Бул социализм дәўири теориясында да, практикада да ҳүким сүрген, инсан ҳуқықы жоқарыдан ҳәкимият тәрепинен саўға етиледи, деген қыяслаўларға қарсы қаратылған. Ҳәр бир адам өзиниң тийкарғы ҳуқық ҳәм екринликлерине ҳәкимияттың қәлеўи ямаса қарары себепли емес, тәбийий тийкар себепли дүньяға келгенлиги себепли ийе. Тәбийий ҳуқық усылына белгили дәрежеде жақынласыў ҳәр бир индивидтиң мәмлекет, жәмийет ҳәм басқа индивидлер менен болған қатнасықларында оның еркинлигин ҳуқық субъекти екенлигин көрсетиў ушын да зәрүр. Ҳуқықтың усылай түсиниўдиң логикасы усында, инсан ҳуқықы ҳәм еркинлигисиз ҳуқықтың өзи болыўы мүмкин емес. Инсан еркин ҳуқық субъекти болған жайда ғана түрли бирлеспелер, шөлкемлер, институтлар, улыўма мәмлекет болыўы мүмкин. Онысыз ҳуқықый қатнасықлар ҳәм ҳуқықый тәртип болыўы да мүмкин емес.

Инсан ҳуқықлары тән алынбаған жәмийетте ҳуқықтың өзи болыўы мүмкин емес. Ҳуқықтың мәниси ҳәм әҳмийетин мине усылай түсиниў ҳәм қыяслаў демократиялық жәмийеттиң жәмийетлик ҳәм сиясий турмысының фундаментал тийкарларын дүзеди ҳәм нызамларда беккемленеди.

Өзбекстан Конституциясында инсанның кең шегарадағы жеке, сиясий, жәмийетлик ҳәм экономикалық ҳуқық ҳәм еркинликлери беккемленген. Булар ҳәзирги заман жәҳән дәстүрлерине, раўажланған демократиялық мәмлекетлердиң конституциялық талапларына сәйкес. Соның менен бирге Конституцияның бирде-бир қағыйдасы Өзбекстан ҳуқық ҳәм мәплерине зыян жеткизетуғын тәризде талқыланыўы мүмкин емеслиги айтып өтиледи. Конституция бойынша халық-аралық ҳуқық ҳәм шәртнамаларының улыўмалық принциплери ҳәм нормалары ҳуқықый дизимниң қурам бөлими есапланады. Егер Өзбекстанның халық-аралық шәртнамасында нызамда көрсетилген қағыйдаларға қарағанда басқаша қағыйда белгиленген болса, халық-аралық шәртнама қағыйдалары

қолланылады. Бул қағыйдалар улыўма ҳәрекеттеги ҳуқық ушын да, инсан ҳуқықы ҳәм еркинликлери ушын да әҳмийетли.

Конституцияда белгиленген ҳуқық ҳәм еркинликлер ишинде жеке мүлкке ийелик қылыў ҳуқықы принципиал әҳмийетке ийе. Ҳәр бир шахстың мүлкдар болыўға ҳақлығы, барлық мүлк түрлерниң тең ҳуқықлылығы ҳәм бирдей қорғалыўы тийкарғы Нызамда беккемленген.

Мүлкшиликтиң барлық түрлери қорғаў менен бир қатарда Конституция мийнет етиў еркинлигин беккемлеўди мәжбүрий мийнетти қадаған етеди. Инсанның басқа ҳуқық ҳәм еркинликлериниң тәриплениўи де жаңадан жақынласыў өз сәўлесин тапқан. Бул жасаў ҳуқықы, Өзбекстанда бир жерден екинши жерге көшиў, Өзбекстан Республикасына келиў ҳәм оннан шығып кетиў ҳуқықы, пикирлеў, сөз ҳәм исеним еркинлиги, қалеген жаңалықты излеў, алыў ҳәм оны тарқатыў еркинлиги ҳәм басқалар.

Конституция инсан ҳуқықы ҳәм еркинликлериниң нызамда белгиленген жағдайда ғана шеклеў мүмкинлигин де нәзерде тутады. Бул шеклеўлер дүзим тийкарларын, әдеп-икрамлылық қағыйдаларын, басқа шахслардың нызамлы мәплерин қорғаў мәмлекеттиң қәўипсизлигин тәмийинлеў менен байланыслы болған ҳуқықый нормаларда өз сәўлесин тапқан.

Инсанның жасаў ҳуқықы, еркинлиги ҳәм қолқатылмаўшылығы, намысы ҳәм абыройын қолқатыўшылардан қорғаныў ҳуқықы, жеке өмири ҳәм турар жайының қолқатылмаўлығы, ҳүждан еркинлиги ҳәм басқа усы сыяқлы ҳуқық ҳәм еркинликлер ҳәр қандай жағдайда да шекленбейди. Инсан ҳәм пуқара ҳуқықы ҳәм еркинликлери ҳаққындағы конституциялық қағыйдалар орынланыўы шәрт болған улыўмалық ҳуқықый талап. Бул талапты ҳәкимияттың барлық тармақлары ҳәм әмелдар шахслар орынлаўы шәрт.

Конституцияда инсан ҳәм пуқаралар ҳуқықлары ҳәм еркинликлериниң мәмлекет тәрепинен кепиллиниўи ҳаққындағы улыўма қағыйдалардан тысқары ҳуқық ҳәм еркинликлерди тәмийинлеў мәжбүрияты жүкленген институтлар ҳәм ҳәмелдар шахслар да көрсетилген. Конституцияның 93- статьясы 1-пунктинде Өзбекстан Республикасы Президенти «Пуқаралардың ҳуқықлары ҳәм еркинликлерине, Конституция ҳәм нызамларға бойсыныўының кепили» дейиледи.

Конституция ҳәр бир адамға суд арқалы ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаў ҳуқықын береди. Ҳәр бир пуқара мәмлекет органлары, жергиликли өзин-өзи басқарыў органлары, уйым шөлкемлери ҳәм ҳәмелдар шахслардың қарарлары ҳәм ҳәрекетлери үстинен судқа арыз етиў ҳуқықына ийе.

Президентимиз пуқаралардың мәплери ҳәм ҳуқықларын суд арқалы қорғаў тараўын кеңейтириў зәрүрлигин түсиндиреди. «Пуқаралардың мәплери ҳәм ҳуқықларын суд арқалы қорғаў тараўын иләжы барынша кеңейтириў дәркар. Солай етип, айырым тармақ нызамларында ҳуқықлары бузылған пуқаралардың арызлары судлаў жолы менен емес, ҳәкимшилик жол менен көрип шығыў тәртиби де ушырайды.

Әлбетте, бул жағдай инсан ҳуқықлары пүткил дүнья декларациясына ҳәм бизиң конституциямыз талапларына қайшы. Пуқара егер оның нызамлы мәплери ҳәм ҳақ-ҳуқықлары бузылған жағдайда, ҳәр қандай мәселе бойынша қорғаў ушын судқа бериў ҳуқықына ийе болыўы дәркәр».

Өзбекстан Республикасы Президенти Инсан ҳуқықларына бойсыныўы үстинен мониторинг ҳәм бақлаўды тәмийинлеўши басқарыў дүзилмелерин қурыў, олардың ислерин активлестириў әҳмийетли ўазыйпа екенлигин айтып өтеди. «Олий Мәжилистиң инсан ҳуқықлары бойынша ўәкили институтының ҳуқық қорғаўшы жәмәәт шөлкемлериниң жағдайын ҳәм дәрежесин көтериў лазым. Инсан ҳуқықларын қорғаў тараўындағы Омбудсман институты, Жәмәәт пикири институты, әмелдеги нызамшылық мониторинги институты, Инсан ҳуқықлары миллий орайы сыяқлы шөлкемлерди раўажландырыў ҳәмде басқа жаңа институтларды дүзиў лазым».

Президентимиз пикиринше «Мәмлекет ҳәм мәмлекетлик емес ҳәкимияттың барлық тармақлары өз искерлигин инсан ҳуқықларын қорғаў ҳәм қорықлаў исине мобилизация қылғанда ғана өз ўазыйпасын туўры орынлаған есапланады. Бул қағыйданы ҳамме тән алыўы, бул қағыйдаға ҳәмме бойсыныўы шәрт».

Булардың ҳәммеси Өзбекстан Республикасында инсан оның өмири, еркинлиги, ар-намысы, қәдир-қымбаты ҳәм басқа қолқатылмайтуғын ҳуқықлары жоқары қәдирият есапланыўынан дәлалат береди.

Ҳуқықый мәмлекет ҳәм пуқаралар ортасындағы қатнасықлар тәреплердиң тек ҳуқықларынан ғана ибарат емес, бәлким олардың өз-ара миннетлемелеринен де дүзилген. Өзбекстан Республикасы Конституциясының XI бабында пуқаралардың нызамларға бойсыныў, басқа адамлардың ҳуқықлары ҳәм еркинликлерин ҳүрмет етиў, халықтың тарийхый, руўхый ҳәм мәдений мийрасын абайлап асыраў, әтирап тәбийий орталыққа абайлап қатнасықта болыў, салық ҳәм жергиликли жыйынларды төлеў, Ўатанды қорғаў сыяқлы конституциялық миннетлери қатты белгилеп қойылған. Ҳуқықый мәмлекет ҳәкимияттың белгили бир тәртипте дүзилиўин, ҳәкимият органларының ўазыйпа ҳәм ҳуқықларын, олардың өз-ара қатнасықларын ҳуқық тийкарында белгилениўин талап етеди.

Өзбекстанда бул тараўда да қатты теориялық әмелий ислер исленбекте. Президент И.А.Каримов мәмлекет ҳәм жәмийет қурылысын еркинлестириў жағдайларын анық көрсетип берди. Президентимиз итибарын ең әўеле хуқықый мәмлекеттиң әҳмийетли бағдары ҳәкимиятлар бөлиниўи принципин әмелде сынап көриў мәселесине қаратады. И.Каримов болажақ мәмлекетимиз келбетин теориялық тийкарларын ислеп шығар екен, «Нызам шығарыўшы атқарыўшы ҳәм суд ҳәкимияты ўәкиллерин ажыратыў тийкарында миллий мәмлекетшиликти қурыў… республика ҳәкимияты менен жергиликли ҳәкимияттың толық ўакиллери ҳәм ўазыйпаларын анық белгилеп қойыў, лазым болады»,- деп айтқан еди.

Бул көрсетпе Конституцияда хуқықый жақтан беккемленди, Конституцияның 11 статьясында: «Өзбекстан Республикасы мәмлекет ҳәкимиятының дизими-ҳәкимияттың нызам шығарыўшы, атқарыўшы ҳәм суд ҳәкимиятына бөлиниўи принципине тийкарланады деп беккемленген. Бул қағыйда мәмлекет органлары дизиминиң хуқық шегарасында, демократиялық тәртипте искерлик етиўин билдиреди. Өзбекстан Конституция ҳәм нызамлар тийкарында мәмлекет ҳәкимиятын әмелге асырыўшы ҳәкимият тармақларының анық дизими жүзеге келеди.

Журтбасшымыз мәмлекет басқарыўы ҳәм жәмийет қурылысында демократиялық дәстүрлер ҳәм бағдарларды жәнеде тереңирек изертлеў нызамшылық, атқарыў ҳәм суд ҳәкимияты тармақларының өз-ара тең салмақлылығы ҳәм пропорционаллығын соның менен бирге, олардың ғәрезсизлигин тәмийинлеў, ҳәр қайсы тармақ өз ўазыйпа ҳәм миннетин орынлаў ушын әмелий механизмлерди турмыста шөлкемлестирип бериў мәселелерине дыққатты тартты. «… соны тереңирек түсинип алыўымыз керек, егер қайсы бир мәмлекетте ҳәкимият тармақлары ортасында Конституция ҳәм нызамлар менен белгиленген демократиялық баланс, яғный тең салмақлылық әмелде тәмийинленбесе ҳәм ҳәр қайсы ҳәкимият тармағы, бул нызамшылық, атқарыў яки суд ҳәкимияты боладыма, өзине жүкленген толық ўәкиллик ҳәм ўазыйпалар толық ҳәм дурыс орынланбаса, бул жағдай, ҳеш гүмансыз, усы мәмлекетте авторитар басқарыў усылы жүзеге келиўине ҳәм сол рухтағы қарарлар қабыл етилиўине алып келеди».

Бул халықтың наразылығына себеп болатуғын қолайсыз жағдайлардың жүзеге келиўи мүмкин, дейди журтбасшымыз. Конституциямыздың 76- статьясына муўапық Нызамшылық ҳәкимиятын Олий Мәжилис әмелге асырады. Басқа бирде-бир орган нызам қабыл етиў, оған өзгертиў киритиў хуқықына ийе емес. Олий Мәжилис өзиниң нызам шығарыў ўәкилликлерин бирде-бир органға бериўи, тапсырыўы да мүмкин емес.

Ислам Каримов Олий Мәжилис қурамын өзгертиў, яғный төменги палата Нызамшылық палатасы ҳәм Сенат деп аталатуғын жоқары палатаны дүзиў, Өзбекстан

Республикасы Президентиниң конституциялық ўакиллик мүддетин бес жылдан жети жыл етип өзгертиў идеясын тийкарлап берди. Бул өзгерислер келешекте қабыл етилиўи зәрүр болған жаңа нызамлар алдына принципиал талаплар қойыўын түсиндиреди журтбасшымыз.

Президент И.Каримовтың идеяларына тийкарланған ҳалда «Референдум жуўмақлары ҳәм де мәмлекет ҳәкимияты дүзилиўиниң тийкарғы принциплери туўралы «Өзбекстан Республикасының Конституциялық нызамы қабыл етилди. Бул нызамда Олий Мәжилистиң жаңа қурамында парламент төменги ҳәм жоқары палатасының өзине тән тәреплери, олардың нызам қабыл етиўдеги өз-ара байланысы ҳәм қатнасығы, соның менен бирге, палаталардың жүзеге келиў тәртиби, ағзаларының ҳәм ўәкиллик мүддетлерин белгилеў принциплери өз сәўлесин тапқан.

Олий Мәжилис мәмлекетлик жоқарғы ўакиллик органы сыпатында мәмлекетимиз ўәкиллик ҳәкимияты органлары дизимине киреди. Бул дизимге Олий Мәжилистен тысқары, жергиликли ҳәкимликли органлары-ўәлаятлар, областьлар, қалалар халық депутатлары Кеңеслери де киреди.

Ҳәкимият дизиминде екинши тармақ- бул атқарыўшы ҳәкимият есапланады. Оның әмелге асырыўшы органлар түри, саны, искерлик шегарасы кең. Атқарыўшы ҳәкимият нызам, пәрман ҳәм қарарларды әмелге асырады бақлаў жүргизеди, хызмет көрсетеди. Өзбекстан Республикасында Президентлик институтының қәлиплесиўи ғәрезсизлик дәўиринде мәмлекет қурылысы ҳәм басқарыўында жүз берген жүдә әҳмийетли өзгерислерден бири болды. Президент Өзбекстанда «Мәмлекет ҳәм атқарыўшы ҳәкимият баслығы» (Конституция 89-статьясы). Ендиликте Президенттиң юридикалық статусы, ҳуқық ҳәм мәжбүриятлары Конституция ҳәм нызамларда ашық айдын тәрипленген. Мысалы, Конституцияның 93- статьясында Президенттиң ишки ҳәм сыртқы мәселелерин шешиўдеги ўәкилликлери белгилеп қойылған.

Мине сондай талаплар қағыйда- нормалар ўәзирлер мекемеси, жергиликли мәмлекет ўәкиллик ҳәм атқарыў органлары, сайлаў дизими, суд ҳәкимияты, прокуратура органларына салыстырмалы түрде Конституцияда нызамлы бekkкемленип қойылған. Президент Конституцияның кепили сыпатында пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаў, Өзбекстан Республикасының мәмлекет суверенитетин қорғаў, мәмлекет органларының өз ўазыйпаларының орынланыўын тәмийинлеў, конституциялық дүзимди беккемлеў бойынша барлық шәраятларды жаратыў зәрүр шара-иләжларын көреди. Ислам Каримов мәмлекеттиң миллий мәплерин қорғаў, пүткил мәмлекет аймағында тынышлық, турақлылық ҳәм қатты конституциялық тәртипке кепиллик бериў бойынша өз мәжбүриятын орынлар екен, халық исенимин ақламақта. Ғәрезсиз Өзбекстанның

биринши Президенти мәмлекет Конституцияcның ҳақыйқый кепили болды. Конституцияда Президентке республика жоқарғы ҳәкимияты ҳәм басқарыў органларының дослық ислесиўин тәмийинлеў ўазыйпасының жүкленгенлиги ҳәкимият бөлиниў принципи әмелге асыўының гиреўи ҳәм мәмлекет ҳәкимияты органлары ортасында қарама-қарсылық болыўына жол қоймайтуғын әҳмийетли шәрт.

Президент И.Каримов ҳуқықый мәмлекетти жаратыў жағдайында атқарыўшы ҳәкимияттың беккемлеў зәрүрлигиниң теориялық тийкарын жаратты. Президент пикиринше «Күшли атқарыў ҳәкимияты болмаса, ҳәттеки ең демократиялық жол менен қабыл етилген карарлар да орынланбаўы мүмкин. Бул болса нызамлық карарлардың жүзеге шығарылыўын, пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғалыўы, сиясий ҳәм экономикалық реформалар турмысқа енгизилиўин тәмийинлейтуғын Президентлик ҳәкимиятын беккемлеў ҳәм раўажландырыўды усыныс етеди».

Ҳәкимият бөлиниўи тек түрли ҳәкимият тармақлары арасында ўәкилликлердиң бөлистирилиўине емес, ал орайлық органлар менен жергиликли орган ўәкилликлериниң туўры бөлистирилиўинде де пайда болады. Атқарыўшы органлар искерлигин раўажландырыў, олардың ислеў имканиятын асырыў, ҳуқық ҳәм мәжбүриятларын жәнеде анығырақ белгилеўде Өзбекстанда қәлиплестирилген ҳәкимлик институты айрықша әҳмийетке ийе болады. Мәмлекеттиң салмақлы ўазыйпаларын жергиликли мәмлекет органлары атқарады. Республикамызда жергиликли мәмлекет органларының дизимин белгилеўде бир-биринен ғәрезсиз бирақ өз-ара бирге ислесетуғын, бир-бирин бақлаў тийкарында искерлик ететуғын еки орган, яғный ўакиллик органы-халық депутатлары Кеңеслери ҳәм атқарыўшы ҳәкимият органлары ҳәкимликлер. Булар ғәрезсиз демократиялық мәмлекетимиз характерине масластырылды. Жергиликли мәмлекет ҳәкимияты туўрысындағы нызамда усы мәселелер беккемленген.

Орынларда ўәкиллик ҳәкимияты ҳәм атқарыў ҳәкимияты органларын дүзиўдеги тийкарғы мақсет мәмлекет органлары ислеринде халықтың қатнасыўын тәмийинлеў, жергиликли әҳмийетке ийе мәселелерди көпшилик пенен мәсләҳәтли етип талқылаў ҳәм туўры қарар қабыл етиў, атқарыў ҳәкимияты органлары искерлиги үстинен жергиликли көлемде бақлаў орнатыўдан ибарат еди.

Ўәкиллик органлары ролине писент етпей қараў, айырым жерлерде ҳәкимлердиң хызмет ўазыйпасын пайдаланыўына себеп болғанлығы, Өзбекстан Президентиниң сөзлеринен көриў мүмкин. И.Каримов ҳәкимиятты нызам шығарыўшы, атқарыўшы ҳәм суд ҳәкимиятларынан ибарат ғәрезсиз үш дизимге бөлистириў исин әмелде жүзеге шығарыў зәрүрлигине үлкен итибар береди. «Орынларда ҳәр қайсы буўында усы

бөлистириў кешикпей қәлиплесиўи шәрт. Бул үш дизим бир-бирин исине араласпастан, бир-бирин бақлаў қылған жағдайда ис алып барыўына ерисиўи лазым».

Президент И.Каримов шығып сөйлеўинде мәмлекетимизде дүзилген мәмлекет басқарыў дизими нәтийжели ислеўи, бул дизимниң хәр бир буўыны мойнына жүклетилген ўазыйпаларды ҳәм миннетлемелерди шын кеўилден орынлаўда бақлаў искерлигиниң әҳмийетине айрықша тоқталады. «Атқарыўшы ҳәкимият үстинен жәмийетшилик, әўўеле сайлап қойылатуғын ҳәм де толық ҳәкимият органлар бақлаўын, басқаша айтқанда, зәрүр ўәкиллик берилген халық депутатлары әмелге асыратуғын бақлаўда пүтин шаралар менен күшейтириў лазым, деген еди.

Буннан тысқары Өзбекстан Президенти жергиликли атқарыў ҳәкимият органларын басқарыў дизимин раўажланған мәмлекетлер тәжирийбеси тийкарында жетилистирип барыўға, жоқары дәрежели кадрлар менен тәмийинлеў, басқарыўдың халық алдында есап берип турыўы сыяқлы мәселелерге дыққатты аўдарды. Ҳәзирги күнде «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў органлары туўрысында»ғы нызам жаңа редакциялаўда қабыл етилди. «Жергиликли мәмлекет ҳәкимияты туўрысында»ғы нызамның да жаңа редакциялаўдағы жобасын таярлаў ислери алып барылмақта.

Атқарыў ҳәм ўәкилликли ҳәкимиятлар ортасындағы сиясий ҳәм ҳуқықый тең салмақлықты тәмийинлеўде суд ҳәкимияты айрықша әҳмийет берди. Суд системасының ғәрезсиз ҳәкимият сыпатында раўажланыўы ҳәм жетилистириў жолында мәмлекетте үлкен ислер қылынды ҳәм қылынып атыр. Ғәрезсизлик жылларында суд-ҳуқық дизимин еркинлестириў ҳәм демократияластырыў барысында әҳмийетли қәдемлер қойылды. Буның нәтийжесинде мәмлекетимизде заманагөй демократия талапларына жуўап бере алатуғын суд дизими жүзеге келе баслады.

Өзбекстан Республикасы Президенти И.Каримов өз шығып сөйлеўлеринде суд-ҳуқықый тараўына тийисли реформаларды өткизиў мәселелерине тоқталып, бул реформалардың ҳәммеси суд ҳәкимиятының шыннан ғәрезсизлигин тәмийинлеўге қаратылыўы лазым деп атқан еди. Бурынғы аўқам ўақтында суд мәмлекеттиң жазалаў мекемеси сыпатында искерлик көрсетти. Журтбасшымыз айтып өткениндей: «Булар ҳәммеси адамлар санасына терең орналасып қалған. Бизиң ўазыйпамыз усы көнликпелерди, психологияны түптен өзгертириўден ибарат. Халық судын тек адамларды қаралайтуғын, жазалайтуғын орган деп емес, керисинше, олардың хақ-ҳуқықларын ҳәм мәплерин қорғаўшы орган деп билиўи керек.

Бул жүдә әҳмийетли. Жәнe қайтараман, адамлар суд органларын өзлериниң қорғаўшысы, әдиллик паспаны деп билиўи керек». Суд дизимин реформалаў менен байланыслы машқалалар арасында судьялыққа талабанларды таңлаў ҳәм тайынлаў

мәселеси жүдә әҳмийетли. БМШ тың «Суд органларының ғәрезсизлигине тийисли тийкарғы бағдарлар» резолюциясында мынандай деп жазылған: судға таңланған шахслар жоқары әдеп-икрамлылық ҳәм уқыплылық ийелери, сондай-ақ ҳуқық тараўында мәлим таярлыққа, тәжирийбеге ийе болыўы лазым.

Суд дизимин реформалаў тараўындағы сиясий бағдарларды журтбасшымыз анық көрсетип берди. Булар жоқары тәжирийбели ҳуқықтаныўшы қәнигелерди таярлаў ҳәм қайта таярлаў, нызамшлық искерлигимиздеги кемшиликлерди сынға алып баҳалап жоқ етиў, нызамларымыздың беккем ҳәм избе-из болыўына ерисиў, суд жағдайында айыплаў ҳәм қорғаўдың әмелде теңлигин тәмийинлеў ҳәм буның ушын адвокатура мекемелериниң статусын көтериў, жынайый ҳәм пуқаралық ислерди көриўши судьялардың қәнигелесиўин әмелге асырыў ҳәм басқалар.

Суд бүгинги күнде инсан ҳуқық ҳәм еркинликлериниң исенимли тәризде қорғаўға қаратылған шыннан ғәрезсиз мәмлекет институтына айланбақта. Пуқаралардың судқа исенимли беккемленип бармақта.

1993 жылы қабыл қылынған «Судлар туўрысында» ғы биринши нызамда-ақ суд ис жүритиўиниң, толық мәнистеги ғәрезсиз ҳәм тек нызам алдында жуўап бериўши суд дизиминиң нызамлы тийкарлары жаратылды. «Пуқаралардың ҳуқықлары ҳәм еркинликлерин бузатуғын қатты-ҳәрекетлер ҳәм қарарлар үстинен судқа арыз етиў туўрысындағы, «Адвокатура туўрысында»ғы, «Адвокатлық искерлигиниң кепилликлери ҳәм адвокатлардың жәмийетлик қорғалыўы туўрысында»ғы нызамлар, пуқаралар, юридикалық шахслардың ҳуқық ҳәм мәплерин суд арқалы қорғаўды күшейттириўге, суд дизимин демократияластырыўға қаратылған басқа нызамлар қабыл етилди. Дүнья тәжирийбесин есапқа алып, биринши мәрте Өзбекстан Конституциялық суд шөлкемлестирилди, хожалық судлары дизими жаратылды. 2000 жылғы редакциялаўдағы «Судлар туўрысында»ғы Нызамның қабыл етилиўи суд дизимин реформалаўда әҳмийетли басқыш болды. Онда суд искерлиги және де демократияласыўы ҳәм жетилисиўи ушын шәраят жүзеге келтирилди.

Ең әҳмийетлиси сонда усы нызам судтың ғәрезсизлигин тәмийинлеўдиң беккем механизмин жаратты. Судьялық лаўазымларға кандидатларды усыныс етиў, ўәкиллигин тоқтатыў ҳәм мүддетинен алдын тоқтатыў ҳаққында усыныслар киритиў ўакилликлери Өзбекстан Республикасы Президенти жанында дүзилген судьяларды таңлаў ҳәм лаўазымларға усыныс етиў бойынша жоқары дәрежели комиссиясына жуўапкершилик жүкленди.

Улыўмалық юрисдикция судларынын қәнигелесиўи нызамлы түрде беккемленди, Пуқаралық ҳәм жынаят ислери бойынша айрықша судларды дүзиў механизми

қәлиплестирилди. «Судлар туўрысында»ғы жаңа Нызам тийкарында суд кадрларын таңлаў ҳәм таярлаў нәтийжели ҳәм демократиялық ҳуқықый механизми жаратылды. Бул механизм суд лаўазымына тайынлаўда ҳадаллықты тәмийинлеўге қаратылған. Ҳуқықый мәмлекетти жүзеге келтириўдиң бас сбеплериниң бири- беккем нызамшылықты жаратыў. Әне усы өлшеп басқарыў дизиминен тартып, турмыстың ең киши тараўларына тийисли болған нызамлар дизимин ислеп шығыў зәрүрликке айланды.

Өзбекстан Президенти И.Каримов демократиялық реформаларды тереңлестириў ҳәм ақырына жеткизиў барысында жаңа нызамлар қабыл етиў, әмелдеги нызамларды болса сын көз бенен баҳалап, оларға заман талап етип атырған өзгерислерди киритиў мақсетинде үлкен ислерди әмелге асырыў оазымлылығын түсиндиреди. Өзбекстан Республикасы Президенти суд дизими менен бир қатарда жәмийетте нызамшылықты ҳәм ҳуқық-тәрипти тәмийинлеўши дизиминде еңгизилип атырған реформаларды сын көз бенен баҳалап, оларды және де тереңлестириў ҳәм үзил –кесил алып барыў зәрүрлигин түсиндиреди.

«Бүгин бизиң ҳуқықый доктринамыз пүткиллей жаңаша, демократиялық бағдарларға тийкарланған. Ол, ең дәслеп Өзбекстан Конституциясы талапларына көре, инсан ҳуқықларының үстемлигин тәмийинлейди. Инсан қорғаўдың бас субъекти болып, оның өмири ҳәм саўлығына қастыяншылық етиў аўыр жынаят есапланады»,- дейди И.Каримов. Мине усы доктринаға таянған ҳалда екинши шақырық Олий Мәжилистиң алтыншы сессиясы мәмлекетимиз Президенти И.А.Каримов тәрепинен ислеп шығарылған «Жынайый жазалардың либералластырылыўы мүнәсебети менен Өзбекстан Республкасының Жынаят, Жынаят –процессуал ҳәмде Ҳәкимшилик жуўапкершилик Кодекслерине өзгертиўлер ҳәм қосымшалар киритиў туўрысында»ғы Нызам қабыл қылыныўы суд- ҳуқық тараўындағы реформаларды тереңлестириў ушын үлкен әҳмийетке ийе болды.

Жаңа редакциялаўдағы «Прокуратура туўрысында»ғы Нызам, әўеле, нызамшылық ҳәм ҳуқық тәртиплерин беккемлеўге, Конституция ҳәм нызамлар үстемлиги бағдарын тәмийинлеўге қаратылған.

**Пуқаралық жәмийет ҳәм ҳуқықый мәмлекет**

Өзбекстан Республикасының Конституциясында биз демократиялық ҳуқықый мәмлекет пенен бир қатарда пуқаралық жәмийетти қурамыз деген идея өз тәрийпин тапты. Бул идея тийкарында «пуқара-жәмийет-мәмлекет» ортасындағы өз-ара мүнәсебетлердиң ақыллы ҳуқықый шешимин табыў машқаласы жатады. Пуқаралық жәмийеттиң талқыланыўы өзиниң тарийхый раўажланыўында бир неше басқышларды басып өтти. Аристотельден баслап XVIII әсирге дейин пуқаралық жәмийетти пуқаралар бирлеспеси,

жәмийетлик қатнасықларды тәртипке салып турыўшы мәмлекеттиң бир түри мәнисинде түсинилди.

XVIII-әсирдиң екинши ярымынан пуқаралық жәмийеттиң талқыны өсип киятырған буржуазияның феодал жәмийетлик –сиясий тәртиплеринен қутылыў ушын алып барған гүресиниң теориялық тийкарлаўға қаратылған еди. Бунда адамды адам үстинен ҳүкимранлық қылыўға тийкарланған жәмийетлик қатнасықлар пүткиллей жоққа шығарылды. «Еркинлик», «Теңлик», «Дослық»-сүренлери мине усылар өз тәрийпин тапқан. Жаңа дәўирде Пуқаралық жәмийети жәмийетлик- экономикалық қатнасықларға мәмлекет араласпаўынан аўлақ болған жеке мүлк ийелериниң жәмийети деп түсиндирилди. Бунда адам үстинен адамның ҳүкимранлығы орнына шахс еркинлиги оның мүлкке ийелик ҳуқықы биринши орынға қойылды. Пуқаралық жәмийетиниң ҳәзирги талқыны да усы түсиншеге тийкарланған.

Өзбекстан Президенти Ислам Каримов пуқаралық жәмийети түсиншессиниң мазмунан былай түсиндиреди: «Биз ушын пуқаралық жәмийет бул инсанның өз-өзин камал таптырыўға тосқынлық қылмайтуғын, бәлким жәрдемлесетуғын, оның ҳуқық ҳәм еркинликлериниң ең көп дәрежеде тәмийинлениўине шәраят туўдыратуғын жәмийетлик мәкан.

Пуқаралық жәмийеттиң тийкарғы белгилери:

-инсан ҳәм пуқара ҳуқықлары ҳәм еркинликлериниң толық тәмийинленгенлиги;

-өзин-өзи басқарыўдың қәлиплестирилиўи;

-еркин жарыс ушын кең шәраят жаратылыўы;

-жүзеге келген еркин жәмәәтшилик пикири ҳәм плюрализм;

-инсанның жаңалық алыў ҳуқықының толық тәмийинленгенлиги;

-көп укладлық экономика;

-жәмийет ағзаларының мүнәсип турмыс дәрежесин тәмийинлеўге қаратылған күшли жәмийетлик сиясат ҳәм басқалар.

Пуқаралық жәмийет ҳуқықый мәмлекет пенен биргеликте жүзеге келеди. Оларды бир-бирисиз көз алдымызға келтириў мумкин емес. Бул жағдай жәмийеттиң жәмийетлик-экономикалық, мәдений раўажланыўы, оның илимий ҳәм техникалық тийкарларын жаратыў менен белгиленеди. Жәмийет ҳуқықты ҳақ нийет пенен қабыл еткенде ғана нызамлардың орынланыўы, оларға бойсыныў мәжбүрий екенлигин түсиниў тәмийинленеди. Бунысыз ҳәкимиятта, ҳуқықтың өзи де нызамлардың орынланыўын толық тәмийин қыла алмайды.

Пуқаралық жәмийет жоқары дәрежели пуқаралықты материаллық, мәдений ҳәм интеллектуал раўажланыўының  жоқары басқышына кирип барыўын талап етеди.

Пуқаралық жәмийет ағзалары өз мүлки, ҳуқық ҳәм еркинликлерине толық ийе. Олар қорқыў ҳәм зорлық тәртиби менен кисенленген емес. Соның ушын да олар инсан ҳәм жәмийет тынышлығын ҳәм қәуипсизлигин тәмийинлеў жуўапкершилигин өз мойнына алған мәмлекеттиң нызам ҳәм қәдириятларын ҳүрмет етеди ҳәм ықтыярлы түрде орынлайды.

Пуқаралар жәмийеттеги ҳуқықый қатнасықлар тийкарында ҳуқықый нормалар ҳәм олардың санкциялары менен бир қатарда ҳүждан, миннетлеме, жуўапкершиликти сезиў, ишки тәртип, қулласы, ҳуқықый пуқаралық сыяқлы инсаныйлық қәсийетлер жатады. Коррупция, парахорлық, қарындас-урыўшылық, шовинизм, миллетшилик сыяқлы иллетлер пуқаралық жәмийетке пүткиллей жат. Бул жәмийет ағзасы раўажланған ҳуқықый мәдениятқа ийе болған шахс. Ол нызамға бойсыныўды ең жоқары артықмашлық деп көз алдына келтиреди. Буған ерисиў жолында еле көп-көп қыйыншылық ҳәм сынаўлардан өтиўимиз, көп-көп машқалалардың шешимин табыўымыз керек. «Алдымызда туўған барлық ғаў ҳәм тосықларды жеңиў жағдайында ҳәммемиз ушын ең тәсирли қуралға айланатуғын күш-бул халқымыздың ҳуқықый санасын, ойын тәрбиялаў, ҳуқықый мәдениятын асырыў, кеўилинде еркинлик ҳәм жуўапкерлик туйғыларын қарар таптырыў. Республикамыз пуқаралары жәмийет ҳәм мәмлекет ислерин басқарыўда, нызамлар жобаларын талқылаўда, өзиниң ўәкиллери арқалы ҳәм тиккелей қатнаспақта. Халқымыздың жәмийет ҳәм мәмлекет ислерин басқарыўда тиккелей қатнасыўы референдумларда өз тәрийипин табады. Референдумларда мәмлекет, халық тәғдири ушын әжайып үлкен әҳмийетке ийе болған ҳуқықый- нормативлик актлер, сиясий машқалалар шешиледи. Ғәрезсизликке ерискенимизден бери үш мәрте улыўма халықлық референдумы өткизилди. Олардың нәтийжели халықтың сиясий ҳуқықлардан саналы ҳәм актив пайдаланып атырғанлығының дәлили.

Мәмлекет пуқаралары кәсиплик аўқамларға, сиясий партияларға ҳәм басқа жәмәәт бирлеспелерине бирлесиў, массалық ҳәрекетлерде қатнасыў ҳуқықларынан толық пайдаланбақта. Мәмлекетимиз халқының ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаўшы жәмәәт шөлкемлеринен бири кәсиплик аўқамлар. Олар бир қатар шөлкемлестириў ҳәм әмелий ислерди халық пенен мәмлекет ортасындағы қатнасықты тәртипке салыў ўазыйпасын әмелге асырмақта. Бүгинги күнде Өзбекстанда көп партиялылық қарар тапты. Көппартиялылық дизиминиң табыслары жәмийетте бар партиялар саны менен емес ал сиясий ҳәкимиятты әмелге асырыўдағы қатнасығы менен белгиленеди.

Сиясий партиялар пуқаралық жәмийетиниң әҳмийетли элементи есапланады. Усындай пуқаралық жәмийети негизинде халықтың сиясий ерки жүзеге келеди. Сиясий партияның дыққат орайында демократиялық сайлаўлар арқалы мәмлекет ҳәкимиятын

ийелеў мақсети турады. Ол халықтың белгили бөлимин бирлестиреди ҳәм оннан мәлим мүддетке мәмлекетти басқарыўға ўәкиллик алады. Мәмлекет ҳәкимиятын ийелеў болса, өз нәўбетинде, сиясий партияның дәстүрий мақсетлери, халыққа берген сайлаў алды ўәделерин орынлаў ушын рәсмий инсаныйлық болып хызмет етеди.

Өзбекстан Президенти И.А.Каримов жәмийетимизде түрли партиялар ҳәм ҳәрекетлердиң пайда болып атырғанын жақсы жағдай екенлигин айтып былай дейди: «Келешекте партиялар ҳәм жәмәәт ҳәрекетлеринң роли ҳәм жағдайы артады. Қайсы партияның дәстүри халықтың дыққатына ылайық болса, сол партия ҳәкимият басына келеди. Егер дәстүрин берген ўәделерин бежере алмаса, орнын басқа партия ўәкиллерине босатып бериўге туўры келеди. Бундай жақсы жарыслардан халық ўақытты утыўы мүмкин». Биздеги бар партия ҳәм ҳәрекетлер демократия шәраятында жасап көрмеген. Олардың ҳәр бири өзин пүткиллей ҳақыйқат жаршысы деп биледи. Туўрысын айтсақ, өз-ара хүрмет, бәсеки ҳәм тартысыў етпейди»,- дейди журтбасшымыз.

Усы ўақытта биздеги бар бес партия енди өзиниң жәмийеттеги орнын өзи танып ҳәм оны халыққа танытыў процессинде мәмлекет сиясий турмысында әҳмийетли орынды ийелеп бармақта. Бирақ мәселе бул жағдайды жәнеде активлестириўде. Тийкарғы нызамда пуқаралардың пикир, сөз ҳәм исеним еркинликлери белгилеп қойылған. Бул мәмлекетимизде ойлаў раўажланыўының камал таптырыўда үлкен роль ойнамақта. Бирақ пикир еркинлигин бир жақлама түсиниў, надурыс пайдаланыў да жарамайды. Жәмийет руўхый орталықты таза сақлаў бул барада надурыс пайдаланыўға қоймаслық пикир еркинлигин ҳәм де белгили норма ҳәм ҳуқықый шегара қойыўды талап етеди. Пуқаралық жәмийетиниң жүзеге келиўинде қарама-карсылықтың орны да өзине тән.

Биз,-дейди И.Каримов, -рәсмий ҳәкимият пенен идеялық ҳәм әмелий жақтан жарыса алатуғын әмелий усынıслар кирите билетуғын жәмийетимиздиң түрли сиясий қатламлары мәплериниң тәрийиплеўшиси сыпатында шыға алатуғын қарсылықты көриўди қәлеймиз. Ғәрезсиз мәмлекетимизде барған сайын тереңлесип атырған демократиялық реформалар логикасы тап сондай сиясий қарсылық жүзеге келиўин талап етпекте».

Пуқаралық жәмийетиниң жүзеге келиўинде пуқаралардың сиясий еркинлиги, мүлкке ийелик етиўи, ҳадал жарыс ушын шәраят болыўы айрықша әҳмийет пайда етти. Бүгин республикамызда түрли-түрли мүлк түрлерин тийкарланған экономикалық қатнасықлар дизими жүзеге келди. Бул өз нәўбетинде инсан мәплерин жүзеге шығарыўдың ең тәсирли қуралы, оның ҳәрекетке келтириўши күши болып қалды. Мәмлекетте шынынан орта мүлкдарлар классы жүзеге келе баслады. «Адам өзин шынынан мүлк ийеси деп сезинбес екен ол өз ҳуқықлары ушын, жуўмақлаўшы

нәтийжелер ҳәм ислеп шығарыў нәтийжелилиги ушын мүлк ийеси сыпатында гүреспейди. Жәмийетте турақлылықты сақлап қалыўға ҳәм қорғаўға умтылмайды.

И.Каримов «Күшли мәмлекеттен күшли жәмийетке қарай» деген бағдарды әмелде турмысқа енгизиў зәрүрлигин тийкарлайды. «Ҳәммемизге аян, бул бағдар жәмийетлик-экономикалық жағдайлар менен байланыслы көп мәселелерди шешиўде мәмлекет дизимлериниң ролин кемейтириў ҳәм бул ўазыйпаларды басқышпа-басқыш жәмәәт шөлкемлерине өткизип барыўды талап етеди. Буның ушын, әўеле, мәмлекеттиң экономикалық тараўға, хожалық жүритиўши дүзилмелер, биринши гезекте, жеке сектор искерлигине араласыўын шеклеў лазым».

Мәмлекет, дейди И.Каримов, экономиканы раўажландырыў барысындағы тураклы бағдарларды анықлаў, қабыл қылынған нызамлар ҳәм ҳуқықый нормалардың барлық тәрепинен сөзсиз орынлаўын тәмийинлеў, исбилерменликти қоллап-қуўатлаў хожалық жүритиўши субъектлер ортасында жарыс орталығын қарар таптырыў ушын зәрүр ҳәм ҳәммеге теңдей болған шәрт-шәраятлар жаратыў ислери менен шуғылланыўы дәркар. Бүгинги күнде хожалық жүритиўши субъектлердиң еркинлиги ҳәм экономикалық ғәрезсизлигин асырыў. Исбилерменлик искерлигин раўажландырыў жолындағы барлық тосықларды жоқ етиў, мәмлекеттиң кәрханалар хожалық искерлигине, әсиресе жеке бизнес искерлигине араласыўын шеклеў менен байланыслы ҳуқықый –нормативлик ҳүжжетлер қабыл қылынды.

Президентимиз арнаўлы пәрманларына көре мәмлекетимизге тексериў органларының саны қатты қысқартырылды, тексериўши органлардың ўәкиллиги ҳәм тексериў тәртиплери қатты шегаралап қойылды. Усы ўақытта ўәзирлер мекемеси жанында экономикаға байланыслы болған физикалық ҳәм юридикалық шахслардың арзалары менен ислеўши арнаўлы комитет дүзилди. Булардың ҳәммеси мәмлекетимизде экономикалық тараўдың, адамлар экономикалық искерлигиниң еркинлесип баратырғанлығын ҳәм соның нәтийжесинде Пуқаралық жәмийеттиң экономикалық базасы беккемленип баратырғанлығын көрсетеди. Мәмлекетте пуқаралық жәмийетти қурыў демократиялық институтлардың ғәрезсиз искерлик көрсетиўи ушын шәрт- шәраят жаратыў бир қанша ўәкилликли ўазыйпаларды мәмлекеттен жергиликли ҳәкимият органларына, жәмәәт дүзилмелерине ҳәм пуқаралардың өзин-өзи басқарыў органларына басқышпа-басқыш тапсырылыўын көзде тутады.

Бүгин мәмлекетте мәмлекетлик емес шөлкемлер ғәрезсизлигиниң ҳуқықый ҳәм әмелий жақтан тәмийинлейтуғын белгили нызамшылық дизими жүзеге келди. Сол ўақытта мәмлекетимиздиң жәмийетлик-сиясий турмысында, Республика Олий Мәжилисинде демократиялық институтлар, мәмлекетлик емес шөлкемлер ҳәм

пуқаралардың өзин-өзи басқарыў органлары комитети, Олий Мәжилис жанындағы Әмелдеги нызам ҳүжжетлери мониторинги институты, коммерциялық емес халық- аралық орайы ҳәм пуқаралардың халық-аралық қызығыўына көре жүзеге бир талай ҳуқықый, сиясий, экономикалық ҳәм руўхый тәбиятқа ийе болған мәмлекетлик емес шөлкемлер жәмийетлик турмысымыздың түрли тараўларында искерлик көрсетпекте.

Журтымызда түрли формадағы өз-өзин басқарыў органлары дизими жүзеге келмекте. Бул дизимлер 1993- жыл 2- сентябрьде «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў органлары туўрысында»ғы нызамы менен ҳуқықый жақтан беккемлеп қойылған. Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў органлары жергиликли мәмлекет органлары менен биргеликте жергиликли әҳмийетке ийе мәселелерди шешеди. Өз искерлигинде халық баслама бериўшилерге таянады. Халықты ҳәкимият ислерин әмелге асырыўға қызықтырады. Бүгинги күнде мәҳәлле ҳәм жергиликли активлериниң роли ҳәм абыройы асып бармақта. Жергиликли белгили жәмийетлик әдеп-икрамлық ҳәм турмыс тәртип қағыйдаларға бойсыныў, тынышлық ҳәм сабырлылық өз-ара меҳир- ақыбет, аўыз-биршиликти тәмийинлеўге хызмет ететуғын руўхый ҳәм жәмийетлик- экономикалық ўазыйпаларды өтеп келмекте. Жергиликлилер активлигин шөлкемлестириў ҳәм жетилистириўде бир талай табысларға ийе болған болсақта, бул тараўда әмелге асырыў лазым болған илажлар жоқ емес. Президент И.Каримов Өзбекстан Республикасы Конституциясының он жыллығына бағышланған салтанатлы мәресимдеги шығып сөйлеўлеринде мәҳәллениң турмысындағы абырайын және де асырыў оның нызамлы, ҳуқықый тийкарларын беккемлеў, оны материаллық финанслық шәраятларын дүзиў мәселелерине тоқталды ҳәм 2003- жылды «Аббат мәҳәлле жылы» деп дағазалады. Мәҳәллениң мәмлекет ҳәм жәмәәтшилик ҳәкимияты ҳәм басқарыў дизиминде тутқан орны ҳәм ролин асырыў менен байланыслы мәселелерди әмелде шешиў зәрүрлигин инабатқа алып, Өзбекстан Республикасы Президенти «Аббат мәҳәлле жылы» ис- жобасын ислеп шығыў ҳәм әмелге асырыў бойынша Республика комиссиясын дүзиў туўрысында пәрман қабыл етти. Журтбасшымыз жергиликли ҳәкимият органлары ҳәм пуқаралардың өзин-өзи басқарыў органлары орынайтуғын ўазыйпалар шегарасын ўәкилликлериниң бир бөлимин басқышпа-басқыш тапсырыў лазымлығы, бул болса пуқаралардың өзлерине өз өмири ҳәм пүтин жәмийет өмирин басқарыўда ҳәм дүзиўде кеңнен қатнасыў ушын имканият жаратып береди деп, түсиндиреди. Президент И.Каримов «Күшли мәмлекеттен пуқаралық жәмийетке қарай» концепциясына айрақша итибар береди. «Исенимим кәмилки, ўақыт –сааты келип, бүгинги өтиў дәўири ушын зәрүр күшли мәмлекет функциялары ҳәм белгилери әсте- ақырынлық пенен избе-из рәўиштке жәмийет жуўапкершлигине өтеди. Мине усы жол, мине усы теориялық мәселениң тийкарын ҳәр

тәреплеме жаратыў, оны турмысымызға, ис ҳәрекетимизде шешиўши сиясатқа айландырыў тек ғана бүгинги емес, бәлким ертеңги күнимиздиң де ең әҳмийетли ҳәм жоқары дәрежели ўазыйпасы. Халқымыз өзиниң тилек- еркин, көз-қарасын, улыўма халық минберинен турып тиккелей айтыў ҳәм оның сәўлелегин сестин улыўмаластырыў имканиятларына ийе болып бармақта. Бул процесстиң барыўында массалық хабар қуралларының роли артып бармақта.

«Ҳәзирги ўақытта қабыл етилген нызамлар ҳәм нызам ҳүжжетлери атқарылыўы үстинен жәмәәт бақлаўын, мәмлекет ҳәм де әмелдар шахслардың искерлиги үстинен бақлаўды әмелге асыратуғын механизм сыпатында массалық хабар қуралларының статусын күшейттириў зәрүр. Тап усы хабар қураллары ҳәр бир адам өз пикирин билдириўге имкан беретуғын еркин минбер болыўы керек. Тап усы массалық хабар қураллары жәмийетимиздиң демократиялық қәдириятларын ҳәм түсиншелерин қорғаў адамлардың сиясий, ҳуқықый ҳәм экономикалық санасын дөретиў бойынша актив ис алып барыў керек».

Президент И.Каримов массалық хабар қураллары ҳақыйқый төртинши ҳәкимиятқа айланыўын тәмийинлеў мәселесине айрықша итибар береди. Бул тараўда қылынған ислер ҳаққында айтып, И.Каримов ғалаба хабар қуралларын ҳақыйқый төртинши ҳәкииятқа айландырыў барысында қылыныўы зәрүр болған ўазыйпаларды белгилеп береди. Булар тәжирийбели журналист кадрларын таярлаў исиниң дәрежесин көтериў, хабар тараўында жарысты раўажланлырыўдан ибарат. Мәмлекет, дейди И.Каримов, хабар мәканында ҳадал жарыс болыўы ушын тийисли шәрт- шәраят жаратып бериўи керек. Жәмийетте реал деморатияласыўының гиреўи усында.

Буннан тысқары журтбасшымыз массалық хабар қуралларының нәтийжелилигин тәмийинлеўге қаратылған «Массалық хабар тараўында экономикалық қатнасықлар тийкарлары ҳаққында», «Телерадио еситтириў ҳаққында» арнаўлы нызамлар қабыл етиў мәселесин қойды. Пуқаралық жәмийетиниң жағдайының өлшеўи, барометри жәмәәт пикирин үйрениў ҳәм жүзеге келтириў демек. Бул әшкаралық ҳәм ашықлықты тәмийинлеў қуралы И.А.Каримов бул мәселеге айрықша әҳмийет береди. Жәмийетимиздиң жәнe де демократласыўы ҳәм пуқаралар институтларының жүзеге келиўи халықтың сиясий активлиги, оны мәмлекет сиясий, жәмәәт ҳәм мәмлекет турмысында қатнасыўы менен тығыз байланыслы. Ислам Каримов инсан ҳуқықлары ҳәм еркинликлерин, сөз ҳәм баспа сөз еркинлигин қорғаў, олардың кепилликлерин сөзде емес, реал турмыста тәмийинлеў, нызамшылығымыз ҳәм әмелий искерлигимиздиң мудамы итибар орайында болыўын түсиндиреди.

Президентимиз Өзбекстан раўажланыўының тийкары кәмил әўлад екенлигин айрықша кең ҳәм терең анализ етип берди. «Бүгинги күнде алдымызға қойылған уллы мақсетлеримизге, қайырлы ис, нийетлеримизге ерисиўимиз, жәмийетимиздиң жаңаланыўы, турмысымыздың раўажланыў ҳәм келешегин әмелге асырып атырған реформаларымыз режелеримиздиң нәтийжелилиги, тәғдири, олардың ҳәммеси, әўеле заман талапларына жуўап беретуғын жоқары дәрежели, саналы қәниге кадрлар таярлаў машқаласы менен тығыз байланыслығын бәримиз түсинип жетпектемиз».

Бүгинги күнде «Кадрлар таярлаў дәстүри» тийкарында тәлим-тәрбия мекемелеринде треӊ реформалар әмелге асырылмақта. Бул жағдай мазмуны жағынан жаңа оқыў ис- жобалары, усыллары жәрдеминде әмелге асырылмақта. Бул бүгин бул жағдайдың дәслепки нәтийжелерин көрип, оның раўажланыў тенденцияларын көз алдымызға келтирмектемиз. Ҳуқықый реформаларды әмелге асырыў улыўмалық ўазыйпа. Жәмийет, мәмлекет пуқара бул иске жуўапкершиликли. Бирақ бул ўазыйпаны орынлаўда ҳуқық ҳәм тәртипти сақлаў тараўында хызмет етиўши кадрларды таярлаўды жақсылаў ўазыйпасы мине усыдан келип шығады.

Өзбекстан Президенти қәнигели юрист кадрларды таярлаў, исин жетилистириў миллий ҳуқықтаныўшылық мектебин жаратыў, ҳуқықтаныў пәни илимий ҳәм практикалық үлкен машқалаларына тийисли ашық ҳәм кең бәсекилесиў алып барыў, ҳуқықый дизимди раўажландырыў, нызамлар таярлаўдың перспективли ис жобаларын жаратыў ўазыйпаларын қойды.

Ҳәзирги күнде журтбасшымыз белгилеп берген ўазыйпаларды әмелге асырыў барысында Өзбекстан юристлери тәрепинен белгили ислер әмелге асырылды ҳәм асырылмақта.

**Әдебиятлар**


1. Каримов И.А. Хавфсизлик ва барқарор тараққиёт йўлида. 6-том. — Т., «Ўзбекистон», 1998.
2. Каримов И. Озод ва обод Ватан, эркин ва фаровон ҳаёт - пировард мақсадимиз. Т.: Ўзбекистон. 2000. - 109 б.
3. Каримов.И. Бизнинг бош мақсадимиз – жамиятни демократлаштириш ва янгилаш мамлакатни модернизация ва ислоҳ этишдир-Т.:Ўзбекистон,2005.
4. Каримов И.А. Ўзбекистон мустақилликка эришиши останасида. –Т.: Ўзбекистон, 2011.
5. История политических и правовых знаний. Под общей редакцией Нерсесянца В.С.- Москва, изд. “Норма-Инфра”, 1999. - 736 с.
6. Аль-Фараби. Историко-философские трактаты. Алма-Ата: Наука, 1975.
7. Нерсесянц В.С. Сократ. - Москва, “Наука”, 1977.150 с.
8. Ҳ.Б.Бобоев ва бошқалар. Сиёсий ва ҳуқуқий таълимотлар тарихи. Дарслик.2002.
9. Никколо Макиавелли. Государь. Пер. с ит. – М.: Планета, 1990. 84 с.
10. История политических и правовўх учений. Учебник для вузов. Изд. 2-е стереотип. Под обший ред. члена-корреспондента РАН, доктора юридических наук, профессора В.С.Нерсесянца. – М.: норма-инфра М, 1999.-736с.
11. История политических и правовўх учений. Хрестоматия. - М., 2000.

12. Ф.Муҳиддинова. Сиёсий ва ҳуқуқий таълимотлар. ТДЮИ. 2002.
13. Холов.Б. Монтескье сиёсий-ҳуқуқий таълимотида ҳокимият бўлиниши тамойили.МИ.
14. Ф.Муҳиддинова. Сиёсий ва ҳуқуқий таълимотлар. Маърузалар матни. 2005.
15. Бобоев Х.Б. Кутыбаева Е.Д. Утемуратов М. Танирбергенов С.Б. Сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар тарийхы. Т. ТМЮИ. 2009

## Әдебиятлар дизими

### Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримов мийнетлери


1. Каримов И.А. Ўзбекистон: миллий истиқлол, иқтисод, сиёсат, мафкура. Т. 1. – Т.: Ўзбекистон, 1996. – 364 б.
2. Каримов И.А. Биздан озод ва обод Ватан қолсин. Т. 2. – Т.: Ўзбекистон, 1996. – 380 б.
3. Каримов И.А. Ватан саждагоҳ каби муқаддасдир. Т. 3. – Т.: Ўзбекистон, 1996. – 366 б.
4. Каримов И.А. Бунёдкорлик йўлидан. Т. 4. – Т.: Ўзбекистон, 1996. – 394 б.
5. Каримов И.А. Янгича фикрлаш ва ишлаш – давр талаби. Т. 5. – Т.: Ўзбекистон, 1997. – 384 б.
6. Каримов И.А. Хавфсизлик ва барқарор тараққиёт йўлида. Т. 6. – Т.: Ўзбекистон, 1998. – 429 б.
7. Каримов И.А. Биз келажагимизни ўз қўлимиз билан қурамиз. Т. 7. – Т.: Ўзбекистон, 1999. – 413 б.
8. Каримов И.А. Озод ва обод Ватан, эркин ва фаровон ҳаёт пировард мақсадимиз. Т. 8. – Т.: Ўзбекистон, 2000. – 525 б.
9. Каримов И.А. Ватан равнақи учун ҳар биримиз масъулмиз. Т. 9. – Т.: Ўзбекистон, 2001. – 439 б.
10. Каримов И.А. Хавфсизлик ва тинчлик учун курашмоқ керак. Т. 10. – Т.: Ўзбекистон, 2002. – 432 б.
11. Каримов И.А. Биз танлаган йўл – демократик тараққиёт ва маърифий дунё билан ҳамкорлик йўли. Т. 11. – Т.: Ўзбекистон, 2003. – 320 б.
12. Каримов И.А. Тинчлик ва хавфсизлигимиз ўз куч-кудратимизга, ҳамжиҳатлигимиз ва қатъий иродамизга боғлиқ. Т. 12. – Т.: Ўзбекистон, 2004. – 400 б.
13. Каримов И.А. Ўзбек халқи ҳеч қачон, ҳеч кимга қарам бўлмайди. Т. 13. – Т.: Ўзбекистон, 2005. – 448 б.
14. Каримов И.А. Бизнинг бош мақсадимиз – жамиятни демократлаштириш ва янгилаш, мамлакатни модернизация ва ислоҳ этишдир. – Т.: Ўзбекистон, 2005. – 96 б.
15. Каримов И.А. Инсон, унинг ҳуқуқ ва эркинликлари ҳамда манфаатлари-энг олий қадрият. // Халқ сўзи, 2005 йил 10 декабр сони.
16. Каримов И.А. Жаҳон молиявий-иқтисодий инқирози, Ўзбекистон шароитида уни бартараф этишнинг йўллари ва чоралари –Т.: Ўзбекистон, 2009. – 56 б.
17. Каримов И.А. Энг асосий мезон-ҳаёт ҳақиқатини акс эттириш. –Т.: Ўзбекистон, 2009. -24 б.
18. Каримов И.А. "Асосий вазифамиз - ватанимиз тараққиёти ва халқимиз фаровонлигини янада юксалтиришдир." Президент И.А.Каримовнинг 2009 йилнинг асосий якунлари ва 2010 йилда Ўзбекистонни ижтимоий-иқтисодий ривожлантиришнинг энг муҳим устувор йўналишларига бағишланган Вазирлар Маҳкамасининг мажлисидаги маърузаси. "Халқ сўзи" газетаси, 30 январь 2010. №21 (4936).
19. Каримов И.А. Мамлакатни модернизация қилиш ва кучли фуқаролик жамиятини барпо этиш-устивор мақсадимиз. Президент И.А.Каримовнинг Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Қонунчилик палатаси ва Сенатининг қўшма мажилисидаги маърузаси. «Халқ сўзи» газетаси. 28.01.2010. №19.
20. Каримов И.А. Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Қонунчилик палатаси ва Сенатининг қўшма мажлисидаги "Мамлакатимизни модернизация қилиш ва кучли фуқаролик жамияти барпо этиш – устувор мақсадимиздир" мавзусидаги маърузаси // Халқ сўзи. 2010 йил 28 январь, №19 (4934).
21. Каримов И.А. Ўзбекистон мустақилликка эришиши останасида. –Т.: Ўзбекистон, 2011.
22. Каримов И.А. 2012 йил ватанимиз тарақиётини янги босқичга кўтариладиган йил бўлди Ўзбекистон Республикаси И.А.Каримовнинг 2011 йилнинг асосий якунлари ва 2012 йилда Ўзбекистоннинг ижтимоий иқтисодий ривожлантиришнинг устувор йўналишларига бағишланган Вазирлар Махкамасининг мажлисидаги маърузаси// Халқ сўзи, 2012 йил 20 январь, № 14 (5434).

## Тийкарғы әдебиятлар:


1. Бобоев Ҳ.Б. Ўзбек давлатчилиги тарихи. -Т.: “Фан”, 2004. –294 б.
2. Бобоев Ҳ.Б  ва муаллифлар жамоаси. Сиёсий ва ҳуқуқий таълимотлари тарихи.
3. Исломов З.М. Давлат ва ҳуқуқ: умумназарий масалалар. (Давлат назарияси). –Т.: Адолат, 2000. –272 б.
4. Исломов З.М. Общество. Государство. Право. –Т.: Адолат, 2001. – 695 с.
5. Мухитдинова Ф.А.Сиёсий ва ҳуқуқий таълимотлар тарихи. –Т.:ТДЮИ, 2006.-306 б.Мухитидинова Ф.А. Ўзбекистон сиёсий ва ҳуқуқий таълимотлари тарихи. –Т.:ТДЮИ, 2006.- 176 б.
6. Мухитдинова Ф.А. Сиёсий ва ҳуқуқий таълимотлари тарихи.сиртқи бўлимда таълим олаётган талабалар учун услубий қўлланма –Т.:ТДЮИ, 2006.- 35 б.
7. 7. Мухитдинова Ф.А. Siyosiy va huquqiy ta'limotlari tarixi. Ўқув қўлланма – Т.: ТДЮИ, 2007. – 295 б.
8. Қаюмов Р. Ўзбекистон Республикасининг Конституциявий ҳуқуқи. -Т.: Адолат 1998. – 399 б.
9. Нерсесеянц. Хрестоматия история государства и права зарубежных стран. Том.1.2. – М.: Юр.издат. 2007. 590 с. Раҳмонқулов Ҳ.Р. Ўзбекистон Республикасининг миллий ҳуқуқ тизими. –Т.: ТДЮИ, 2005. – 63 б.
10. Саидов А.Х., Тошқулов Ж.У. Ўзбекистон давлати ва ҳуқуқи тарихи. -Т.: ИИВ Академияси . 1996. –112 б.
11. Ўзбекистон халқлари тарихи. Академик Асқаров А. таҳрири остида. I-том. – Т.: “Фан”, 1992. –186 б.
12. Ўзбекистон халқлари тарихи. Академик Асқаров А. таҳрири остида. II-том. – Т.: “Фан”, 1993. –253 б.
13. “Ўзбекистонда жамиятни демократлаштириш ва янгилаш, мамлакатни модернизация ва ислоҳ қилиш йўлида» ўқув қўлланма -Т.: “Akademiya”, 2005. – 640 б.
14. Шодиев Ж. Бухоро амирлигида давлатчилик масалалари (1773-1920). –Т.: ТДЮИ, 2005. –73 б.
15. Shodiyev J. Buxoro amirligida davlatchilik masalalari (1773-1920). –T.: TDYUI, 2006. – 66 б.
16. .Н.Нерсесеянц. “История политических и правовых  учений “учебник для ВУЗов по специальности  М.: “ Юриспруденция ” 2004.- 400с.
17. Антология мировой  политической мысли. Учебное пособие  М.: «Мысль»,  1997 - 342 с.
18. Раянов Ф.М. Проблемы теории государства и права (юриспруденции): Учебный курс.-М.: Право и государство, 2003.  –304 с.
19. Бобоев Х.Б. Кутыбаева Е.Д. Утемуратов М. Танирбергенов С.Б. Сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар тарийхы. Т. ТМЮИ. 2009.


## Норматив – ҳуқықый ҳүжжетлер


1. Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси. - Т.: Ўзбекистон, 2011. 40 б.
2. Ўзбекистон Республикасининг “Судлар тўғрисида” ги қонуни (янги тахрирда) –Т.: Адолат, 2001
3. Ўзбекистон Республикасининг “Прокуратура тўғрисида” ги қонуни (янги тахрирда) –Т.: 2002
4. Ўзбекистон Республикасининг “Таълим тўғрисида”ги қонун. –Т.: 1997

## Қосымша әдебиятлар


1. Агзамходжаев А. Правовые основы государственной независимости Республики Узбекистан. Отв.ред. А.Х.Саидов.-Т.: Ўзбекистон, 1993.–93 с.
2. Адилходжаева.С.М. Либерализм: эволюция идей от прошлого до настоящего. Монография. Т.: ТДЮИ, 2002
3. Амир Саид Олимхон. Бухоро халқининг ҳасрати тарихи. –Т.: Фан, 1990. –51 б.
4. Амир Темур. Под. Ред. Аҳмедов Б. – Т.: Университет, 1999. –263 б.
5. Бобоев Ҳ.Б. Амир Темур ва темурийлар салтанати.–Т.: Камалак, 1996. –199 б.
6. Бобоев Ҳ.Б., Ҳасанов С. «Авесто маънавиятимиз сарчашмаси». -Т.: Адолат, 2001. –160 б.
7. Жабборов И. Антик маданият ва маънавият хазинаси. –Т.: Ўзбекистон. 1999. –201 б.
8. Зиё Азамат. Ўзбек давлатчилиги тарихи. –Т.: Шарқ. 2000. –320 б.
9. Исломов З.М. Давлат ва ҳуқуқ: умумназарий масалалар. (Давлат назарияси). –Т.: Адолат, 2000. –272 б.
10. Исламов З. Общество. Государство. Право.–Т.: Адолат, 2001. 695б.
11. Исломов З.М. Ҳуқуқ тушунчаси, моҳияти, ижтимоий вазифаси. Т.:ТДЮИ, 2004. –138б.
12. Исломов З.М. Давлат ва ҳуқуқнинг умумназарий муаммолари: ҳуқуқни тушуниш, ҳуқуқий онг ва ҳуқуқ ижодкорлиги.Т.:ТДЮИ,2005. –187б.
13. Исломов.З.М. Проблема власти.- Т.: ТДЮИ, 2003.
14. Исломов З.М. Ўзбекистон модернизациялаш ва демократик тараққиёт сари. – Т.: “Ўзбекистон” 2005. 262б.
15. Қуръони Карим. Арабчадан Алоуддин Мансур таржимаси. –Т.: Чўлпон. 1996. –544 б.
16. Лунёв Ю.Ф. Государство и право Узбекских ханств. –М.: «Аст» 2004.–215с.
17. Мажма ал-аркам. -М.: Наука 1981. –123 с.
18. Мухитидинова Ф.А. Ўзбекистон сиёсий ва ҳуқуқий таълимотлари тарихи. –Т.:ТДЮИ, 2006.- 176 б.
19. Мухитдинова Ф.А. Сиёсий ва ҳуқуқий таълимотлари тарихи.сиртқи бўлимда таълим олаётган талабалар учун услубий қўлланма –Т.:ТДЮИ, 2006.- 35 б.
20. Мухитдинова Ф.А. Siyosiy va huquqiy ta'limotlari tarixi. Ўқув қўлланма – Т.: ТДЮИ, 2007. – 295 б.
21. Мухитдинова Ф.А. Сиёсий-ҳуқуқий таълимотлар тарихи. - Т.: ТДЮИ. 2003,-20 б.
22. Мухитдинова Ф.А. Форобий сиёсий-ҳуқуқий таълимотида қонун ва қонунчиликни такомиллаштириш. -Т.: ТДЮИ. 2005, 40-б.
23. Мирхамидов М. Государственный суверенитет и становление современной Узбекской национальной правовой государственности. –Т.: Фан, 1994, -44 с.
24. Мухамедов Х. Ўзбекистон давлатчилигининг ҳуқуқий асослари. –Т.: Адолат, 1999. –52 б.
25. Мухитдинова.Ф.А. Форобийнинг ҳуқуқий қарашлари.- Т.: Адолат 2002 й. -36 б.
26. Мухитдинова.Ф.А.Форобийнинг давлат ва ҳуқуқ хакидаги таълимоти. -Т.: ТДЮИ. 2002.136-б.
27. Мухитдинова.Ф.А. Концепция законадательства и правовой культуры в трудах Фараби. Т.: ТДЮИ 2002.-36с.
28. Таджиханов У., Саидов А. Ҳуқуқий маданият назарияси. 2-томли. Т.1. –Т.: Ўзбекистон Республикаси ИИВ Академияси, 1998. –316 б.
29. Таджиханов У., Саидов А. Ҳуқуқий маданият назарияси. 2-томли. Т.2. –Т.: Ўзбекистон Республикаси ИИВ Академияси, 1998. –447 б.
30. Набиев А. Мустақиллик учун кураш ёҳуд парчаланган Туркистон тарихи. –Т.: Ёзувчи, 1998. –93 б.
31. Низомулмулк. Сиёсатнома ёки “Сияр ул-мулк” -Т.: Адолат, 1997. –255 б.